BABAD DIPANEGARA III

PUPUH XXIII
P U C U N G

1. Mapan lajenging inggahan, saking ledhok gowong ika, Mas Tumenggung Ondakara, ing gowong Gajah Premade.
2. Ingkang dadya pangiridnya, Mas Rongga Prawirayuda, ing parakan sampun prapta, nulya pinethuking yuda.
3. Sumadilaga kuciwa, mengkana sampun palestra, ingkang mejahi punika, pandemangira Priyongga.
4. Secapati namanira, wus bedhah parakan ika, mengkana ingkang winarna, sagunging putra santana.
5. Kang dadya senapatika, sedaya samya sulaya, lan ingkang ngembani ika, Pangeran Adiwinata.
6. Pangeran Jayakusuma, lan Pangeran Mangkudiningrat ika, Pangeran Anatapraja, Pangran Bubakar ika.
7. Lan Pangran Balitar ika, sedaya ngandikan nulya, sedaya ngandikan nulya, mring Selarong sampun prapta, lajeng tan pinaring karya.
8. Ing Pangran Balitar ika, nuhun mring Pagelen kewala, sena dyan silih kendela, mengkana linilan nulya.
9. Pangeran Mangkudiningrat, lan Pangeran Natapraja, sedaya lan sedhereknya, pan kinen mring Kedhu samya.
10. Baris ing Langon punika, mengkana ingkang winarna, Jendral Dhekok sampun prapta, negari ing Surakarta.
11. Lajeng dhumateng Ngayogja, nrerig gung putra santana, ing Surakarta sedaya, lan Pangran Mangkunagara.
12. Samarga marga ngayuda, nanging gung kang jagi marga, sedaya tana kuwawa, saking kathah balanira.
13. Mengkana mapan wus prapta, Jendral negari Ngayogja, lajeng akintun nuwala, mring ri sang murtining yuda.
14. Bupati ingkang dinuta, Ranadiningrat namanya, mapan sampun apepanggya, lan Pangeran Suryenglaga.
15. Wus katur ingkang nuwala, mring Pangeran Suryalaga, kang duta ing ngandheg nulya, mapan kinen ngentosana.
16. Kature ingkang nuwala, mring kang sinembah ngayuda, mengkana ingkang winarna, ri sang pamiyos sineba.
17. Munggeng Masjid Ageng ika, pepak kang para ngulama, pandhita sarip kajika, myang sagung putra santana.

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

18. Tenapi kang prapratiwa, nung anung kang munggeng ngarsa, tan tebih lawan kang rama, Ki Maja Ki Kwaron ika.
19. Nulya Pangran Suryenglaga, ngaturaken kang nuwala, saking Jendral Dhekok ika, mring ri sang murtining yuda.
20. Mengkana alon ngandika, wahu dhumateng kang rama, Jeng Pangran Mangkubumika, kyahi mongsa bodhoha.
21. Kalawan si paman Maja, wangsulan layang punika, kawula wus tan uninga, den rembaga kang prayoga.
22. Nulya luwar kang sinewa, kondur mesanggrahan ika, Kangjeng Pangran kantun ika, neng mesjid lawan Ki Maja.
23. Lan Pangeran Suryenglaga, Pangeran Jayakusuma, samya angrembug nuwala, badhe angsul angsul ika.
24. Mring Jendral Dhekok tumulya, tembung ingkang kara kara, punika ingkang nuwala, Kangjeng Pangran Mangkubumya.
25. Dhatenga ingkang sudara, Jendral Dhekok ri sampunnya, tabe kawula punika, dene jeng andika tanya.
26. Menggah karsane Ki Arya, estu yen tan gadhah karsa, rumiyen myang sapunika, ing luhure kang agama.
27. Ing tanah Jawa sadaya, kelamun estu panduka, tan megewedi punika, mring agamane Ki Arya.
28. Menggah karsane Ki Arya, estu yen tan gadhah karsa, rumiyin lan sapunika, luhuring agami Jawi.
29. Islame ing tanah Jawa, panenggih purun Ki Arya, papanggih lan jeng andika, nanging anedha pratondha.
30. Ecap lawan kang pratela, semados ing dintenira, lan pundi enggen panggiha, yen andika bekta bala.
31. Ki Arya gih bekta bala, yen jeng andika pribadya, Ki Arya gih pribadya, wus titi ingkang nuwala.
32. Sampun pinaringken ika, mring Ranadiningrat nulya, kinen mantuk mring Ngayogja, mapan wus datan winarna.
33. Ing Selarong kawarnaha, ri sang masiseng alaga, ginubel kang pra-ngulama, myang sagung putra santana.
34. Sarif lawan khaji ika, ngulama lan pra pratiwi, Kyahi Kwaron lan Ki Maja, kang rama sanget turira.
35. Ngaturan jumeneng nata, sabab ayuda khukumunya, kang prapta ing sabilira, lan timbangnya ngabentala.
36. Punika Jendral wus prapta, lamun datan jumenenga, sayekti mapan kuciwa, lan kathah pakewedira.
37. Ing aprang panggih bicara, sabab wus samya Nalendra, dadya tan wonten kuciwa, ing kantun asrah Hyang Sukma.

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

38. Kangjeng Pangran Mangkubumya, ngirih irih ingkang putra, sanget aris angandika, kulup welasa mring bala. 3
39. 9. Lan menawi dhinginan, iya wangsite Hyang Sukma, dene dadining ayuda, mokhal kulup yen Sepehi.
40. Dene datan karep sira, wekasan mengkene ika, ri sang murtining ayuda, wekasan wedhar kang karsa.
41. Resem aris angandika, kyahi rumiyin kula, nyupena wonten nuwala, ingkang bekta tiyang astha.
42. Winahos mungel mengkana, parentah Kuran punika, ingkang sinuhun Jeng Sultan, Ngabdul Amin Hirucakra.
43. Kabirul Mukmin Sayid, Panata Agama Jawa, Khalifatu Rasullolah, esam ing Jawa sedaya.
44. Ingkang bekta lajeng musna, serat serat cinemplungken toya, Kangjeng Pangran Mangkubumya, langkung lega ing tyasira.
45. Kyahi Kwaron mengkana, atanapi Kyahi Maja, inggih punika pratela, kalamun wangsit Hyang Sukma.
46. Kangjeng Pangran Mangkubumya, nulya kinen nimbalan, mring Pangeran Suryenglaga, tanpantara nulya prapta.
47. Ing ngarsanira kang rama, Kangjeng Pangran Mangkubumya, mapan aris angandika, heh tat hole Suryenglaga.
48. Besuk senen aprentaha, marang sagung putra santana, lawan kang para dipatya, mantra prajurit kang ana.
49. Lan andika Kyahi Maja, den pepak sagung ulama, sarif khaji lan pandhita, kalihnya matur sandika.
50. Mengkana wus tan winarna, ing dina Senen punika, enjang wus pepak sadaya, sagung ingkang siniwaka.
51. Sampun jumeneng punika, ingkang sinuhun Kangjeng Sultan, Ngabdul Khamid Herucakra, Kabirul Mukminin punika.
52. Sinahidan para ngulama, sarif khaji lan pandhita, myang sagung putra santana, tanapi kang pra-pratiwa.
53. Ri wus aluwaran nulya, langkung lega ing tyasira, sagung ingkang wadyabala, ngulama sokur mring sukma.
54. Ri wusnya gentya sadina, ingkang rama ingaturan, nama Panembahan ika, Ngabdul Ngarip jejuluknya.
55. Ingkang ibu namanira, Kangjeng ratu ageng ika, dene namane kang garwa, Kangjeng Ratu kedhaton ika.
56. Wonten malih ingaturan, nama ratu ibu ika, kaprenah sepuh punika, lawan suwargi kang rama.
57. Nanging sanes ibunira, Kangjeng Sultan putranira, Pangeran Dipanagara, pinaringan nama ika.

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

58. Kangjeng Pangeran Dipatya, kang putra Den Ontowirya, mapan pinaringan nama, Pangeran Dipanagara.
59. Wonten kang paman sajuga, Pangeran Jayakusuma, pinaringan nama ika, Pangeran Ngabehi punika.
60. Putranya pinundhut nulya, mapan pinaringan nama, Pangeran Jayakusuma, mengkana wus tan winarna.
61. Kawarna putra santana, lan sagung kang para pratiwi, tenapi kang para ngulama, pan samya angarsa arsa.
62. Mring Jendral wangsulanira, ngantos lama antaranya, pan samya kendel kewala, dadya sagung samya lena.
63. Mengkana ingkang winarna, wonten pandhita kang prapta, ing Majasta pondhokira, westa Mas Lurah punika.
64. Nanging pandhita lelana, saking Ngarab wijilira, sahestu sarip punika, nanging namur nama Jawa.
65. Saking karem mring Hyang Sukma, pan wus supe dhahar nendra, Salat wus tan wektuha, datan wonten kendelira.
66. Neng Majasta den sikara, mring Pangeran Mangkunegara, mapan parentah Welonda, dadya mring Selarong ika.
67. Lan Jeng Sultan wus apanggya, dadya langkung tresnanira, mapan samya ambekira, pan estu nunggal kang karsa.
68. Wus pinaring pondhokira, langgar alit neng jro mapan, tunggal kalawan Jeng Sultan, samya langgar pondhokira.
69. Saben bakda Salat ngisa, mas lurah sohan punika, mring Kangjeng Sultan mengkana, panuju sarehan ika.
70. Mas Lurah anulya prapta, lajeng meteki kang pada, sareng dangu sangu nulya, Mas Lurah medal kang wespa.
71. Kangjeng Sultan ris atanya, heh Mas Lurah ana apa, pagene sira karuna, Mas Lurah alon aturira.
72. Anak Sultan satuhunya, sun lamun wruh mring sira, yen upama godhong ika, kaya sun untal untalan.
73. Banget welas ingsun mring sira, Jeng Sultan mesem ngandika, sira welas pageneya, Mas Lurah malih aturnya.
74. Sireku mapan kinarya, mring Allah kalipah Jawa, pan nora pinaring ika, kanthi marang wong sajuga.
75. Kangjeng Sultan angandika, dene lir wong ngampi sira, pan iki satanah Jawa, wus dadi rewangku iya.
76. Ulama lawan pandhita, sarip ngalbet lan suhada, mapan akeh tanah Jawa, apa dene Kyahi Maja.
77. Mas Lurah aris aturnya, kabeh iku geseh padha, ing besuk wekasan iya, Jeng Sultan mesem ngandika.

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

78. Senadyan kabeh geseha, ingsun kanthi lawan sira, Mas Lurah aris aturnya, ingsun iki satuhunya.
79. Pan wus bosen ana dunya, sun prapta seksi kewala, anak iya marang sira, ing amrih sabil kewala.
80. Mengkana wus tan winarna, kawarnaha Kyahi Maja, lan sagung kang para ulama, tenapi kang pra-pratiwa.
81. Myang sagung putra santana, samya ngajeng ajeng ika, surat Jendral wangsulanya, dadya kang tyas samya lena.
82. Tanana mikir ing yuda, pan aming patemonira, kang samya den arsa arsa, pan langkung katungkulira.
83. Sagung ingkang senapatya, ing Mentaram pan sedaya, maksih baris neng prenahnya, ajenganira pribadya.
84. Mangkana panuju ika, ing dina Jumungah nulya, Kangjeng Sultan arsa Salat, lawan sagung pra-ngulama.
85. Anulya mirsa suwara, mriyem mungel tanpantara, pecalang atur uninga, yen mengsah medali yuda.
86. Langkung kathah balanira, Kangjeng Sultan mapan nulya, parentah kinen methukna, mring Pangeran Suryenglaga.
87. Lan Pangran Dipanegara, nanging wus karseng Hyang Sukma, wahu Pangran Suryenglaga, mapan sanget rubedira.
88. Dadya kang nindhihi yuda, ing Pangran Dipanagara, kalih atus winetara, prajuritira pribadya.
89. Kalawan Jayanegara, kang baris kidul sedaya, ing langkung karobanira, dadya ngingsa angsalira.
90. Pangeran Suryengalaga, ngegalken kedangon ika, dadya Jeng Sultan pribadya, ingkang nyalirani yuda.
91. Ing ngiring kang pra ngulama, tenapi Mas Lurah ika, Kyahi Kwaron Kyahi Maja, apa dene ingkang rama.
92. Kangjeng Panembahan ika, ngardi wijil sampun prapta, nulya tinata sedaya, pan nedya methuk ngayuda.
93. Kangjeng Sultan ris ngandika, wahu dhumateng kang rama, suwawi pinara tiga, kiyahi tiyang punika.
94. Sampun angrompol kewala, kaki Kwaron pan wangsula, tenggo amasjid kewala, lawan andika dedonga.
95. Ki Kwaron matur sandika, wus wangsul mring mesjid nulya, mengkana ingkang winarna, Jeng Pangran Dipanagara.
96. Prapta lan sawadyanira, matur sampun tan kuwawa, kang mengsah langkung gengira, wus prapta kecepit ika.
97. Kangjeng Sultan ris ngandika, wahu dhumateng kang rama, suwawi apan dum karya, sampeyan anindhihan.

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

98. Wus tamtu pinertiga, Kiyahi Maja kang sapontha, nulya tinata barisnya, sampun karsaning Hyang Sukma.
99. Jalma tan kenging tinata, sareng den mariyem ika, samya bubar ngisis nulya, ing wingking Jeng Sultan ika.
100. Kangjeng Panembahan ika, prapta kalawan Ki Maja, nerang punapa kang karsa, dadya tan kenging ngabena.
101. Kangjeng Sultan angandika, Kyahi punapa kang karsa, kawula narah kewala, Kangjeng Panembahan nebda.
102. Kulup yen dhangan lan sira, prayoga mundur kewala, wadyanira kaya ora, pan wus tan kena tinata.
103. Kyahi Maja pan mengkana, mapan sami aturira, lawan Panembahan ika, mengkana ingkang winarna.
104. Sira Pangran Suryenglaga, prapta lan saprajuritnya, tenapi putra santana, ing sampun datan pakarya.
105. Lajeng kinen mundur ika, kelangkung denya kasesa, kang mengsah bereg kewala, lawan ngudani sanjata.
106. Sampun karsaning Hyang Sukma, dadya bubrah tatanira, tanana kang kawal yuda, lumajeng sakarsa karsa.
107. Angrebat anak rabinya, kelangkung denya kasesa, Kangjeng Sultan kang winarna, rangu rangu lampahira.
108. Marma datan tahan samya, mirsa swara mimis ika, dadya kesisaning bala, wetara ing kawandasa.
109. Ingkang teksih dherek ika, Kangjeng Sultan lampahira, lajeng minggah dhateng arga, kang mesah ngusir kewala.
110. Prapta pesanggrahan nulya, selarong binesmi samya, Kyahi Kwaron kang winarna, meksih aneng masjid ika.
111. Lajeng kinepang kewala, binerondhong ing sanjata, wantu wus sepuh punika, datan saged yen kesaha.
112. Pan lajeng ginendhong ika, binekta mlajeng ika, dhumateng ing muridira, nerajang mengsah kewala.
113. Lajeng pinedhangan ika, nanging pitulung Hyang Sukma, pedhang tanana tumama, kalawan kang gendhong ika.
114. Nanging kitab Kuran ika, aglar kantun mesjid samya, lajeng rinisak sedaya, kang mesjid binesmi nulya.
115. Kawarna Pangran Disurya, lan Pangran Sumanagara, atetulung karsanira, prapta lawan prajuritnya.
116. Mapan sewu winetara, lajeng nusul minggah ngarga, wus cundhuk lawan Nalendra, lajeng anungkemi pada.
117. Kangjeng Sultan lenggah ika, aneng sanginggiling guwa, ingkang dherek winetara, amung kantun kawan dasa.

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

118. Kyahi Maja munggeng ngarsa, lan Pangran Dipanagara, lawan Raden Natadirja, lan Raden Nataprawira.
119. Panembahan pisah ika, lan Pangran Ngebehi nulya, Kangjeng Sultan angandika, wus adhi sira menenga.
120. Nulya tata lenggah ika, Sang Nata aris atanya, sira gawa bala pira, Jeng Pangran aris tuturira.
121. Sewu antawis kawula, ing dereng dhateng sadaya, saking saking kasesaning driya, Jeng Sultan anantun sigra.
122. Wahu dhumateng Ki Maja, paran mengko kang prayoga, apa banjur binanjelna, Ki Maja aris aturnya.
123. Pan sampun tanggel punika, ingkang rinebat punapa, luhung aso tata tata, dhumateng ing lepen Soka.
124. Jeng Sultan nurut aturnya, nulya aris angandika, wus adhi ingsun tarima, balanira undurena.
125. Ingsun arsa aso ika, tiyang maring kali Soka, lawan kabeh dhawahan, sakehe kang senapatya.
126. Kabeh den padha sumekta, Walonda wus astu cidra, Kangjeng Pangran tur sandika, sampun lengser saking ngarsa.
127. Lan Pangran Sumanegara, Jeng Sultan malih ngandika, mring den Pengalasan ika, lawan Mas Mangunegara.
128. Lah padha sira kariya, aneng ning kene kewala, mriyem ingsun Kyahi Naga, mariyem sira unekna, kalihnya matur sandika.
129. Jeng Sultan lumampah nulya, lawan gamel ngampil ika, ingkang dherek Salampahnya, atenapi Kyahi Maja.
130. Lan Pangran Dipanagara, lan Raden Natadireja, tenapi Nataprawira, lawan den Jayasentana.
131. Lan punakawan sajuga, Adamjaka namanira, mengkana kapethuk nulya, lan Mas Lurah aneng marga.
132. Mas Lurah aris atanya, nak Sultan mring ngendi sira, Kangjeng Sultan angandika, yun arsa mring kali Soka.
133. Mas Lurah malih anebda, bok iya sabil kewala, iki Jumengah dikanya, mapan luwih prayoganya.
134. Jeng Sultan kendel sekala, mengkana osiking driya, wus bener Mas Lurah ika, yen sun tan linilan sukma.
135. Sadina, iki sirnaha, pan aja kongsi kadawa, Kangjeng Sultan angandika, mring Pangran Dipanagara.
136. Heh kulup prajurit ika, sahanane tuturan, yen sun ayun sabil ika, Kangjeng Sultan mapan nulya.
137. Ananderaken turongga, giris muna manira, tan kantun Mas Lurah ika, lan Raden Natadireja.

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

138. Nging seda sawinetara, ingkang sareng ajengira, lawan Jeng Sultan punika, Ki Maja ngontel kewala.
139. Aneng wuri tebih ika, kalawan sawarganira, Kangjeng Sultan kang winarna, lan Mas Lurah sampun prapta.
140. Enggene baris Welonda, mapan rempek ajengira, tiyang seda sapunika, lajeng ing ngedrel senjata.
141. Mariyem lan kalataka, giris muda tan kuwawa, nadhahi ing mimis ika, dadya ambruk kewala.
142. Kangjeng Sultan mapan nulya, tedhak saking ing turongga, ing supe tan ngagem warastra, nulyana marmaning sukma.
143. Warni cumethi punika, mapan lajeng aneng asta, Jeng Sultan namung punika, kang kinarya magut yuda.
144. Mas Lurah pedhang agemnya, Rahaden Natadireja, mapan angagem senjata, lan Raden Nataprawira.
145. Tiga Raden Rasentana, sekawan pun Adamjaka, gangsal Khaji Samsari ika, kang samya ngangge sanjata.
146. Ingkang ngangge wahos ika, Muhamadmuram westanya, lan Muhamad jejer ika, lan Muhamad Jalasutra.
147. Muhamad melangi ika, kalawan Seh Ahmad ika, saking Judah wijalira, nanging pedhang anggenira.
148. Lajeng sampuning ayuda, nusup kukusing senjata, pan lajeng kuwel kewala, Mas Lurah ing tandangira.
149. Anglir bantheng tandangira, ngiwa nengen pamedhangnya, sedaya mapan mengkana, belasah bangkene ngarsi.
150. Kang samya ngangge sanjata, wus telas kang obat samya, ing ginebugken kiwala, saking tyasira tan suda.
151. Kangjeng Sultan kawinarna, mobat mabit tembungira, wus brastha ingkang pangarsa, ing wuri saya keh prapta.
152. Kapir belasah bangkenya, pan sampun karsa Hyang Sukma, Mas Lurah prapta sabilnya, saking sanget sayahira.
153. Tanpa sahing kang salira, dadya tunggil kang kunarpa, lawan bangke kapir ika, mangkana ingkang winarna.
154. Rahaden Nataprawira, lawan Raden Jasebtana, sampun telas kang sendawa, lawan tatu wentisira.
155. Sinangkuh mring kapihira, mulat mring Jeng Sultan ika, kelangkung denya bramatya, mobat mabit tembungira.
156. Lir supe Purwaduksina, dadya Den Nataprawira, lawan Raden Natadirja, katiga Den Jasentana.
157. Prasamya gendholi ika, umatur sarwi karuna, Jeng Sultan ngaturan nulya, mundur asohing ayuda.

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

158. Kinipataken tan kena, nulyana marmaning sukma, Jeng Sultan amut sekala, dadya nurut mundur ika.
159. Mengsah saya kathah ika, nanging tan purun bujunga, pan amung ngedrel kewala, lawan mariyem punika.
160. Jeng Sultan laju lampahnya, mundur marang kali Soka, anenggih ingkang winarna, Pangeran Dipanagara.
161. Lawan pangalasan ika, katiga Mangunegara, prapta sarta bekta bala, arsa tetulung yuda.
162. Wus panggih sapih kang yuda, lan kesaput dalu ika, anulya wangsul kewala, dhumateng ing lepen Soka.
163. Sampun panggih lan kang rama, Jeng Sultan ingkang winarna, pan kendul sucanira, kalih tan saged wunguha.
164. Ingkang lajeng sabilira, pandhita Mas Lurah ika, lan Muhamad mulangika, Muhamad ing Jalasutra.
165. Lawan lurah gamel ika, Mas Talisekar namannya, ing kapir tumpuk bangkenya, mengkana ingkang winarna.
166. Dalu Pangran Behi prapta, lan Pangran Jayakusuma, lajeng ngaturi usada, dhumateng jeng Sultan nulya.
167. Winarna Rahaden Riya, Natareja mapan prapta, saking ing Kedhu punika, tenda bala kawan dasa.
168. Wus panggih lawan Ki Maja, lajeng kinengken anulya, ngaturi Jeng Sultan ika, lengser saking lepen Soka.
169. Esmu amrihe turira, Kangjeng Sultan ris atanya, iki sapa ingkang prapta, den Riya gugup aturnya.
170. Kawula pun Natareja, yen pareng tur prayogika, yen paduka tan lengsera, sinuhun sing lepen Soka.
171. Tan wande kinedhung ika, lamun paduka lengsera, tinututan dugi amba, mesem Jeng Sultan ngandika.
172. Heh ta iya Natareja, yen wus melek netraningwang, ingsun bali maning uga, maring sela rong banjel yuda.
173. Mengkana ingkang winarna, sareng enjang samya prapta, Kanjeng Panembahan ika, lan Pangran Prabu anulya.
174. Tumingal dhateng kang putra, kejep kalih netranira, Panembahan mapan nulya, angrangkul sarwi karuna.
175. Pan sarwi angandika, heh nyawa ingsun tan nyana, lamun katemu lan sira, Jeng Sultan aris ngandika.
176. Kyahi tuwan kendela, kawula teksih waluya, mengkana marmaning sukma, wetara ing kalih dina.
177. Jeng Sultan dhangan grerahnya, lan wadya wus sami prapta, mapan lajeng siniwaka, Panembahan munggeng ngarsa.

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

178. Atenapi Kyahi Maja, jajar Pangran Ngabehika, lan Pangran Dipanagara, Pangran Prabu jajarira.
179. Pangeran Suryengalaga, tinimbalan datan prapta, mengkana rembukan nulya, Kangjeng Sultan ris ngandika.
180. Wahu dhumateng kang rama, kyahi kajeng kawula, suwawi apan dum karya, sampeyan ingkang rumeksa.
181. Dhumateng repot sedaya, mrih sampun keron tyas kula, lawan paman prabu ika, sedaya mongso bodhoha.
182. Panembahan tan lenggana, nanging Pangran Prabu ika, tyasira kedah sudira, pan sanget genya lenggana.
183. Mapan remen dherek yuda, jeng Sultan nuruti ika, mapan wus dadya rembagkira, Kangjeng Panembahan nulya.
184. Pamitan dhateng kang putra, linilan Salaman nulya, nengge lulu repot samya, mapan wus datan winarna Kangjeng Sultan kawarnaha, anantun dhateng Ki Maja, lawan ingkang paman ika, tenapi kang pra-pratiwa.
185. Prakawis tingkahing yuda, Pangran Ngabehi aturnya, pan mengsah malih barisnya, Selarong Mangir punika.
186. Sumongga karsa Nalendra, Kangjeng Sultan angandika, kados punapa sahenya, mapan benjing enjing kula.
187. Mapan ayun magut yuda, Pangeran Behi aturnya, kalawan Kyahi Maja, yen pareng karsa Nalendra.
188. Kejawi sareng kewala, sinabet mengsah punika, mring sampun ngeroni yuda, Kangjeng Sultan angandika.
189. Pundi kang ageng barisnya, Pangran Ngabehi turira, Selarong warti punika, kejawi karsa Nalendra.
190. Mas putu Dipanagara, lan kang Mas Prabu punika, ing Mangir dipunsabeta, prajurit kidul sedaya.
191. Punika den tindhihan, kejawi Jayanegara, wontena ngarsa Nalendra, sampun dados rembagira.
192. Enjang nulya budhal ika, susumahab kang wadya kuswa, marengi Isnen kang dadi, mapan sareng budhalira.
193. Datan winarna ing marga, Jeng Sultan Selarong prapta, kang mengsah panggih sepika, lajeng mesanggrahan nulya.
194. Ngukup Mas Lurah layonnya, datan montra yen palastra, pan kadya nendra kewala, lawan wetah kang salin.
195. Tan wonten tilas warastra, sato tan purun celaka, gandanira kang salin, arum lir garu cendhana.
196. Kangjeng Sultan rasukanya, kinarya ngurmati ika, kepanggih tengah bangkenya, sakehe kapir sadaya.

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

197. Dening kapir bangkenira, tinedha gagak myang sona, Jeng Sultan tahan ika, membet kapir bangkenira.
198. Mengkana wus tan winarna, yata ingkang kawarnaha, Pangeran Dipanagara, lan Pangeran Prabu ika.
199. Angsal pitulung Hyang Sukma, dhadhal kapir barisira, kang wonten Mangir punika, besmeni samarga marga.
200. Wus prapta Selarong ika, Pangeran Dipanagara, lan Pangeran Prabu nulya, cundhuk lan Jeng Sultan ika.
201. Sampun katur saneskara, mengkana wus tan winarna, sareng enjing mengsah prapta, saking nagari Ngayogya.
202. Ing pinalih lampahira, Kangjeng Sultan nantun ika, dhumateng Kyahi Maja, lan Pangeran Ngabehika.
203. Gya samya pinalih nulya, Pangeran Dipanagara, lan Pangeran Prabu ika, ingkang kinen nindhihan.
204. Ingkang sepalih punika, kalihnya matur sandika, sampun lengser saking ngarsa, kalawan sawadyanira.
205. Bupati nenem punika, Pengalasan tindhihira, lajeng campuh ing ayuda, tan wonten ingkang kuciwa. 2
206. 06. Dene kang sepalih ika, Rahaden Jayanagara, kang tinuding nadhahana, lawan Mas Mangunagara.
207. Tiga tuwan Sarif ika, Jeng Sultan lenggah kewala, aneng pekarangan ika, ningali ingkang ayuda.
208. Kelangkung ing ramenira, kapir kathah kang palastra, Islam pan lujeng kewala, mengkana ingkang winarna.
209. Pan lagya ramening yuda, wonten wong lumajeng ika, mapan ngaturi uninga, mring Pangran Dipanagara.
210. Gusti jeng rama paduka, sampun kaseser ayuda, kagyat Jeng Pangeran nulya, ingunduraken kang wadya.
211. Lawan ngaturi uninga, dhumateng kang eyang ika, Pangeran Prabu ngaturan, mapan mundura kewala.
212. Dadya samya kagyatira, sampun bubrah tatanira, wus kesah ingkang wawerta, wadya tinata tan kena.
213. Kapir lumuntak sedaya, mring Jeng Sultan ngarsanira, Ki Maja atur uninga, punika putra paduka.
214. Kados kaseser juritnya, sampun mundur saking arga, Jeng Sultan kelangkung marma, dhateng Raden Janegara.
215. Kapir saya kathah prapta, lajeng kinen nimbalana, sedaya sabalanira, wus mundur dhateng ing arga.
216. Lawan Kangjeng Sultan nulya, prapta ing Kerebet panggya, lan Pangran Dipanagara, pan sampun pepak sedaya.

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

217. Lawan kathah ingkang prapta, wadya kang nusul punika, mapan saking lepen Soka, Jeng Sultan kendel karsanya.
218. Mapan lagya dhahar ika, kesaruna mungsuh prapta, pan nanging usar kewala, kedhik mapan winetara.
219. Kawan dasa mapan nulya, kinepung usar punika, pan lajeng kendel kewala, datan saged yen kesaha.
220. Ri wusnya dumugi samya, genipun dhahar sedaya, Pangran Ngabehi aturnya, dhumateng Jeng Sultan ika.
221. Punapa tan sinabeta, inggih Welandi punika, Kangjeng Sultan angandika, mapan tanggel kalih nistha.
222. Welandi bingung punika, kedhik lawan nihaya, suwawi lajeng kewala, mring terucuk kajeng kula.
223. Jeng Sultan nitih turongga, pun girismu punika, gethayu panuju ika, mapan kinarung kewala.
224. Sampun karsaning Hyang Sukma, pisah lintu marginira, ingkang usar kawan dasa, sapungkurira Nalendra.
225. Pan lajeng ambujung ika, mring wadya kakantun samya, lan kancanya sampun prapta, pun Gethayu kang winarna.
226. Binujung mring usar ika, kelangkung denya gumbira, pan lajeng uwal punika, medhot pisah gamelira.
227. Lajeng kinepung kewala, Gethayu ngamuk lir yeksa, binestul pinedhang ika, Gethayu datan tumama.
228. Kapir katungkul sedaya, ayuda lawan turongga, dadya datan angsal jalma, meh prapta ing lepen Soka.
229. Gethayu kepaluh ika, pan lajeng palastranira, nanging iku angsal bela, Welandi sekawan ika.
230. Kang pejah neng sandhingira, mengkana wus tan winarna, Kangjeng Sultan kawarnaha, ngalih pesanggrahanira.
231. Mapan neng terucuk ika, kapir mangir barisira, sadina dina ayuda, pan dereng wonten kuciwa.
232. Repot giris manahira, sabendina mirsa yuda, dadya rembag ngalih samya, dhumateng kulur sedaya.
233. Mengkana wus tan winarna, kawarnaha ingkang yuda, Jeng Sultan asring kuciwa, pan kongsi nyabrang preraga.
234. Pan ngalih sampun punika, Jeng Sultan pesanggrahanya, Jeng Pangran Ngabeha ika, umatur lawan Ki Maja.
235. Yen pareng karsa Nalendra, prayogi Konca Bulkiya, punika tinimbalana, kinen methuk yudanira.
236. Dhumateng kapir punika, Kangjeng Sultan ris ngandika, paman Kedhu lir punapa, bilih kapir malih ngreda.

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

237. Dados saya awratira, Pangeran Ngabehi aturnya, tinantun kang senapatya, kadugi kalih botennya.
238. Rumeksa bawah punika, kalih sampun kathahira, di dalem Kedhu sadaya, kados beten yen pepek.
239. Rumeksa Kedhu punika, kados yen boten pepeka, tinilar Konca Bulkiya, pan sampun rembag sadaya.
240. Sagunging Konca Bulkiya, kinarya pangirid yuda, jeng Sultan nurut turira, kang paman lawan Ki Maja.
241. Lajeng kinen nimbalan, gandhek kang lumampah ika, gegancangan lampahira, datan winarna ing marga.
242. Ing pesantren sampun prapta, gandhek panggih lan Bulkiya, Ki Ngusman lan Basah ika, lajeng mepak senapatya.
243. Ing Kedhu pinara tiga, sakilen ngelo punika, pan kalih senapatya, nenggih Pangran Natapraja.
244. Mapan kelawan kang raka, Pangran Mangkudiningrat ika, kang wetan ngelo sedaya, Pangran Pakuningrat ika.
245. Tinantun samya kaduga, rumeksa kedhung sedaya, Ki Ngusman Li Basah nulya, budhalan sakancanira.
246. Saking ing psantren ika, kang ngirid gandhek punika, datan minarna ing marga, lampahira sampun prapta.
247. Wus cundhuk Jeng Sultan nulya, sagung prajurit Bulkiyah, sampunira ngaras pada, lajeng pinasrahan karya.
248. Kapir Mangir barisira, dadya nanging let praraga, nulya pirembagan samya, yun nyabet mring kapir ika.
249. Sampun dados rembagira, Jeng Pangran Dipanagara, lawan ingkang eyang ika, Jeng Pangran Prabu ika.
250. Kanthi prajurit Bulkiya, mapan kinen medal ika.
251. Li Basah wis mangkat samya, saking ngarsane Nalendra, Rahaden Jayanagara, lan Den Pengalasan ika.
252. Wus mangkat sakancanira, ingkang dadya tindhihira, Kangjeng Pangeran punika, Ngabehi lawan kang putra.
253. Pangeran Jayakusuma, medal ing cecelan ika, wus samya nyabrang preraga, lajeng campuhing ayuda.
254. Kalawan kapir punika, mapan samya purunira, mengkana ingkang winarna, Pangeran Dipanagara.
255. Lawan prajurit Bulkiya, sampun anyabrang peraga, nulya nerombol ayuda, wong kapir langkung bingungnya.
256. Dadya bubrah tatanira, mapan kathah kang palastra, wong Islam lumajeng sedaya, dadya kalindhih yudanya.
257. Kapir lumajeng sedaya, angungsi dhumateng Yogya, pan kekecer bangkenira, binujung samarga marga.

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

258. Kaping kalih mariyemnya, mapan wus atur uninga, dhumateng Jeng Sultan nulya, dhumateng sabrang preraga.
259. Dhinerek kang pra-ngulama, lajeng mesanggrahanika, aneng sekar ageng nulya, wetara satengah condra.
260. Kapir tan medali yuda, angentosi bantunira, ingkang saking Surakarta, mengkana pan sampun prapta.
261. Sedaya nagri Ngayogya, enengna kang winarna, ing sekar ageng punika, mapan pepak pra-ngulama.
262. Marengi Mulud wulannya, dalu sagung pra-ngulama, kalawan wadya Bulkiya, samya selawatan ika.
263. Seh Ngabdulrakup punika, ngulama ageng punika, heh ta Konca ingkang nedya, marga kang utama.
264. Pan iki kepareng uga, Kangjeng Rasul babarira, lawan mundi kang panedha, ing geseh tahun kewala.
265. Kalamun sabil utama, sabab tabek nabinira, dadya rembag golong samya, tanana kumambang driya.

PUPUH XXIV
MASKUMAMBANG

1. Kang pandhita ulama kalawan khaji, sedya sabil samya, ketib iman matur aris, sampeyan punapa priksa.
2. Wertenipun yen kapir medaling jurit, sapan sampun lama, kapir tan purun medali, lan prelu grebeg punika.
3. Kyahi Ngabdulrakhup mesem ngandika ris, ya adhi Tibiman, mapan sun wus ngrungu warti, sesok Grebeg wong Ngayogya.
4. Lawan bantu Surakarta pan wus prapti, dadya rembag samya, enengna kawarna enjing, pacalang atur uninga.
5. Lamun mengsah kapir Ngayogya medali, langkung agengira, gya nembang tengara jurit, nanging kelangkung kasesa.
6. Kangjeng Sultan mapan lagya miyos iki, saking pekarangan, ingkang mengsah sampun prapti, baris dher neng pasabinan.
7. Lajeng campuh kalawan Bulkiya nuli, lan prajurit samya, pan nanging sawonten neki, sanjata lir ardi rebah.
8. Langkung peteng kukusing sudawa ika, dadya nusup samya, sedaya pangamuk neki, anglir bantheng tawan brona.
9. Nanging sanget genira karoban tandhing, kapir kathah pejah, nanging meksa anguruggi, pati dhumateng wong Islam.
10. Kyahi guru kasongan Ngabdulrahupi, dhateng Sabilolah, pandhita Seh Ngabdullatip, khaji pesantren pan tiga.

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

11. Lurah kahum westa Ki Muhamadsantri, Tumenggung satunggal, Raden Jadrana nameki, ingkang dhateng Sabilolah.
12. Kangjeng Sultan kelangkung ing bendu neki, gya nyamethi kuda, mapan arsa nyalirani, ingkang kuda ginendholan.
13. Mapan sagung pra putra sentona sami, tenapi kang paman, Kangjeng Pangeran Ngabehi, kalawan Kyahi Maja.
14. Mapan sanget angaturi mundur sami, dadya Kangjeng Sultan, narima tendir Hyang Widi, nulya nurut mring kang paman.
15. Sampun mundur wadya Islam mawut sami, mengkana winarna, den menggung mretala yeki, lawan Seh Abultalkah.
16. Ngabdulrahma kinepung dhumateng kapir, lajeng ngamuk samya, katiga wus nedya sabil, kapir saya kathah pejah.
17. Nanging dereng dhumateng tendir yang widi, katiga samya wal, belasah bangkening kapir, dadya sapih ingkang yuda.
18. Kapir mundur dhumateng Ngayogya malih, lawan bekta samya, bangkene pengageng neki, kang alit samya tinilar.
19. Kangjeng Sultan parentah kinen ngukupi, mring kunarpanira, ingkang samya sabil ika, gandanira warna warna.
20. Ana ingkang lir garu cendhana ika, ana anglir sekar, mengkana wus tan winarni, Kangjeng Sultan kawarnaha.
21. Pan sineba munggeng pesanggrahan neki, pepak kang sumiwa, Ki Maja kang aneng ngarsi, lawan Pangran Ngabehika.
22. Seh Muhamad Li Basah turnya ris, yen marengi narpa, kawula anuhun pamit, lawan sakonca sadaya.
23. Samya ayun uninga dhateng nak rabi, mapan sampun lama, dimaya ngantos sapriki, dereng wonten priksa griya.
24. Yata mesem Jeng Sultan ngandika aris, kados pundi paman, punapa dipunturuti, Pangeran Behi turira.
25. Lan Ki Maja prayogi dipunturuti, nanging jeng paduka, kawula aturi ngalih, neng ngriki sanget watirnya.
26. Abdi dalem kidul kados sayah sami, yen sareng Nalendra, di dalem saler nagari, prayogi ing aben yuda.
27. Sampun lami tangled rame lan kapir, Kangjeng Sultan dadya, nuruti aturireki, kang paman lan Kyahi Maja.
28. Nulya budhal saking sekar ageng iki, sareng lan Bulkiyah, kang dherek Jeng Sultan nanging, di dalem lebet sadaya.
29. Lawan putra santana ulama khaji, kang prajurit ika, satus mandhung namaneki, pangiride Mertalaya.
30. Sampun prapta ing dhusun jumeneng nuli, ngedhaton Jeng Sultan, nimbali pratiwa sami, kang neng ler kilen Ngayogya.

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

31. Ingkang rayi Jeng Pangeran Ngabdulrahim, Arya Adisurya, lawan ingkang putra prapti, Pangeran Sumanagara.
32. Mapan bekta prajurit sewu kang tindhih, Tumenggung sakawan, Kyahi Cakranegareki, lan Kyahi Wiryanagara.
33. Mangkuyuda Martadipura puniki, ingkang ler Ngayogya, kang dados pengageng neki, Tumenggung Kertanagara.
34. Lan Tumenggung Secanegara puniki, sewu prajuritnya, kang dados pengirid neki, Mas Tumenggung Japenawang.
35. Mas Tumenggung Mertaduwirya lawaning, Mas Tumenggung Braja-, yuda kalawan kyahi, Tumenggung Bunjaladriya.
36. Mas Tumenggung Secadirja lan Kiyahi, Menggung Mondhalika, lawan Sumaduwiryeki, lan Tumenggung Surajenggala.
37. Sampun pepaksotan mring jumeneng sami, nulya dhinuwuhan, mring Kangjeng Pangeran Behi, sedaya matur sandika.
38. Pan rumeksa dhumateng Jeng Sultan sami, baris mara tiga, sampun kinen bubra iki, anata pecalang samya.
39. Nulya ana bantu saking Kedhu prapti, medal ing Ngradinan, gangsal latus kathah neki, prapta ing Logarok nulya.
40. Pinethuken mring Kertanagara jurit, langkung ramenira, wong kapir kuciwa iki, mapan kathah ingkang pejah.
41. Babektanya pan kathah tinilar iki, lumajeng mring Yogya, bangkenya gelasah sami, lan kecer samarga marga.
42. Nanging kedhik kang prapta Ngayogya kapir, pan prajurit samya, dadya lena tyasireki, anerka katrak kewala.
43. Datan nyana yen kapir manteping jurit, kathah mantuk samya, pitung dina winetawis, kapir prapta mara tiga.
44. Pan sedaya ingkang baris den wedali, pan samya kuciwa, sabab kathah mantuk sami, jumeneng pan sampun prapta.
45. Kang pecalang atur udani, meh sareng kewala, lawan kapir prapta neki, dadya sanget gugup samya.
46. Ingkang wonten ing Ki Cakranegareki, lan saprajuritnya, lajeng kinen methuk nuli, lan prajurit lebet samya.
47. Kangjeng Sultan langkung kasesa tyas neki, genira busana, mapan kalawan lumaris, tatihan lagya ginuyang.
48. Sampun miyos sajawining dhusun nuli, kang titihan prapta, Kangjeng Sultan nulya nitih, ngandika dhateng kang paman.
49. Kangjeng Pangran Ngabehi lan Ki Majeki, Mas Behi sampeyan, ngajengna wetan puniki, lan sira Dipanagara.
50. Pengalasan ingkang sampeyan tindhihi, lan pun Martalaya, Ki Maja dika nindhihi, marang Si Cakranagara.

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

51. Pan manira ingkang dadya dhadha iki, lan putra sentana, sandika samya tur neki, Ki Maja panjawat kanan.
52. Pangran Behi kang dadya panjawat kering, mapan sampun dadya, nulya pisah anggen neki, Jeng Sultan teka Burnala.
53. Sabab kapir kang katingal aming kedhik, wus karsa Hyang Sukma, Ki Cakranagara iki, sareng celak kapir nulya.
54. Dipun hedrel prajurit lumajeng sami, tan kenging ngabena, nanging kasamur puniki, baledug katiga dawa.
55. Kyahi Maja datan ngaturi udani, Jeng Sultan pan dadya, kinepung dhumateng kapir, ing lawan putra santana.
56. Ponakawan kalawan gamel Bupati, tan saged medula, mergi sampun den enggeni, dhumateng kapir sadaya.
57. Lurah gamel lan lurah Suryagameki, pan samya karuna, Kangjeng Sultan den tangisi, ingaturan mundur nulya.
58. Ingkang mimis pandhawah kadya gurimis, Jeng Sultan ngandika, mundur paran marganeki, Angurbaya angamuka.
59. Lurah gamel Mas Arjawijaya iki, Lurah Suryagoma, Mas Khaji Muhamad sami, kalih anungkemi pada.
60. Pan kawula dewaji ngupados margi, sabil sampun lila, ing panjanga paduka ji, wus nurut Jeng Sultan nulya, samya ngamuk nerajang kapir pan sami, ambuntoni marga, belasah bangkenya kapir, Jeng Sultan wus angsal marga.
61. Sampun mundur lan kang putra sentan neki, Jendral dhusun mriyan, angasokhaken turanggi, lawan ngantosi kang paman.
62. Datan dangu Kyahi Maja nulya prapti, pan kadya kang sesa, nulya wonten prapta malih, Pangeran Dipanagara.
63. Kangjeng Sultan kagyat nulya atanya ris, endi eyangira, Jeng Pangran matur wotsari, kawula boten uninga.
64. Teksihipun kalawan ing sabil neki, pan wahu kinepang, dhumateng kapir pan sami, kawula kinen lumajar.
65. Pan mekaten Kangjeng Eyang timbalan neki, putu lumayuha, matiya ingsun pribadi, mas putu ingsun wus tuwa.
66. Kangjeng Sultan sareng miharsa turneki, wahu ingkang putra esmu duk jroning galih, mring Pangran Dipanagara.
67. Lajeng mundhut turongga samusul malih, dhumateng kang paman, tan pantara Pangran Behi, prapta lawan Pengalasan.
68. Mertalaya Sindurja wus pepak sami, lan prajurit samya, mengkana ingkang winarna, Pangeran Mangkudiningrat.
69. Arsa bantu wus prapta ngarsa narpati, lan saprajuritnya, Kangjeng Sultan ngandika ris, wus adhi ingsun tarima.

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

70. Mapan tanggung iki adhi pan wus wengi, lan kapir sun duga, kaya wus mundur sahiki, sabab banget rusakira.
71. Kangjeng Sultan nulya wahu den aturi, mesanggrahan ika, dhumateng ing langon nuli, nuruti kang rayi nulya.
72. Budhal saking pamriyan ing Langon prapti, Jeng Sultan parentah, kinen mriksa kang sami, sabil aneng ing payudan.
73. Lawan kajeng wahu kinen anyaheni, Rahaden Sindurja, lawan tuwan sampar wadi, kang lumampah sampun prapta.
74. Nulya matur di dalem kang estu lalis, Bupati pun kakang, Den Menggung Dipadirjeki, lawan tuwan Saripkhasan.
75. Lurah Suryagama nenggih tuwan Khaji, Muhamad punika, lurah gamel Mas Ngabehi, Arjawijaya punika.
76. Mapan sampun sedaya kula saheni, Jeng Sultan ngandika, iya Alkhamdulilahi, nulya ngalih mesanggrahan.
77. Salak mambeng mengkana rembaggan nuli, pados pesanggrahan, ingkang prayoga kinardi, atata tata ing bala.
78. Kangjeng Pangran Ngabehi ingkang lumaris, pados pesanggrahan, tan winarna angsal nuli, winestanan dhusun Jeksa.
79. Nulya wangsul sohan dhateng Sri Bupati, matur sampun angsal, Sang Nata dipunhaturi, saking Salak membeng budhal.
80. Tan winarna ing marga Jeksa wus prapti, dhusun laku gengnya, lan ingapit dening kali, ingkang rama ingaturan.
81. Ingkang rama lan sagung rerepot sami, saking kulur budhal, tan winarna sampun prapti, mapan lajeng ingaturan.
82. Mesanggrahan neng ardi suwela sami, pan wus tan winarna, sagunging rerepot sami, Kangjeng Sultan kawarnaha.
83. Animbali sagung ingkang senapati, pan arsa tinata, mengkana wus samya prapti, pepak neng Jeksa sadaya.
84. Ingkang mengsah mapan wus tan saged mijil, senadyan medula lajeng pinethuking jurit, mring Pangeran Adisurya.
85. Mapan wangsul meksih sanget katrak neki, mengkana jeng Sultan, mapan karya Basah malih, Rahaden Natadireja.
86. Pinaringan nama Iman Muhamadi, Ngabdul Ali Basah, tigang atus kang prajurit, pinilih lawan suraya.
87. Tumenggung pinilih nama nireki, Raden Prawiradirja, Den Nataprawira nguni, pinaring nama punika.
88. Kang suraya Den Menggung Busongeb ika, prajurit Bulkiya, tumenggungipun kekalih, Seh Khaji Dulkadir ika.
89. Lan Seh Khaji Mustafa Basah ireki, Seh Muhamad Ngusman, lan saprajurit neki, tigang atus tiga welas.

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

90. Kang prajurit mandhung satus tindhih neki, Den Menggung Martalaya, mantra lebet iki, Den Tumenggung Puthutlawa.
91. Kawan dasa mantra lebet kathah neki, lawan Suryagama, lawan Suryagama, punika prajurit khaji, kathahira kawan dasa.
92. Tindhihira Dolah Khaji Badarodin, mapan Suranata, kawan dasa tindhih neki, Dolah tuwin sarip ika.
93. Sampar wadi Kyahi Maja pan pinaring, prajurit punika, bar Jumungah nama neki, kawan dasa kathahira.
94. Pangran Ngabdulrahman Arya Angebehi, pan pinaring ika, kawan dasa kang prajurit, nama Jagakarya, nanging tengga repot sami, lan Ki Guru Kwaron ika.
95. Kang pepatih Den Riya Nataharjeki, kalih temenggungnya, Raden Purwadirja ika, kalawan Mas Mangunharja.
96. Kang Bupati ing lebet rumeksa aji, Den Riya Sindurja, lan Raden Natayudeki, Den Menggung Purbakusuma.
97. Raden Sumayuda Den Purbanegari, Den Wiryawinata, Raden Wiryawitru neki, lawan Den Dipawiyana.
98. Raden Menggung Kretapengalasan iki, karsane Nalendra, jinunjung namane reki, Ngabdulatip Ali Basah.
99. Angrahaken sedaya kilen ing pragi, sewu prajuritnya, sedaya tumenggung neki, khaji kalih pamomongnya.
100. Khaji Ngisa kalawan Khaji Ibrahim, sakidul Ngayogya, kang dados pengageng neki, Den Menggung Jayanagara.
101. Mapan sewu kathahe ingkang prajurit, nenggih tumenggungnya, Raden Sumadiningrati, lawan Raden Jawinata.
102. Pangran Suryabrongta lan Ki Rajaniti, Raden Sumadirja, lawan Raden Demang iki, lan Raden Senakusuma.
103. Ing Jimatan, Syeh Khaji mudha puniki, satus prajuritnya, anenggih ingkang ngembani, Rahaden Resakusuma.
104. Kitha ageng Dolahresa sentan neki, satus prajuritnya, kang neng wetan Ngayogyaki, anenggih pengagengira.
105. Raden Menggung Suranagara puniki, lan Mangunagara, Sudiranagara iki, kalawan Nitinagara.
106. Suraharja lan Tumenggung Ranupati, nenggih prajuritnya, pitung atus wetan negari, Remame lan Prabalingga.
107. Tumenggungnya Raden Jayaprenateki, lan Seh Ngabdulrahman, Wirareja kang prajurit, tigang atus kathahira.
108. Ing Pagelen mapan tiga Basah neki, nyewu prajuritnya, tumenggung nyedasa sami, Rahaden Danukusuma.
109. Raden Jayasudarga lan Pangran iki, Suryakusumeka, dene ingkang anindhihi, Kangjeng Pangeran dipatya.

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

110. Ing Lowanu temenggungira pan kalih, Seh Jayamustafa lawan, Mas Tumenggung iki, Jayaprawira punika.
111. Basah kalih ingkang neng ngarsa narpati, lan prajurit samya, jero nenggih karya neki, mapan abantu kewala.
112. Pundi ingkang kawratan dipunbantoni, wus dadya rembagnya, sedaya kresa nerpati, nulya kinen mantuk samya.
113. Nulya bubar wangsul marang barisan sami, prenah sowang sowang, kapir langkung ringkes neki, saben medal tinangledan.
114. Jeksa langkung karta, kapir datan saged iki, yen medal kedhik kewala. 115. Dadya samya kathah tyas tekabur neki, mengkana nulyana, bebendunira Hyang Widi, ing Serang mapan wus bedhah.
115. Pangran Serang lumajeng mring Sokawati, Sokawati bedhah, mapan lajeng nglempak sami, dhumateng Madiyun ika.
116. Raden Menggung Mangunagara den nungsi, nulya Sabillolah, lan Raden Tumengggung iki, ing niten Suradireja.
117. Sabillolah wangsul dhateng Sokawati, Mas Tumenggung Kretadirja, lan Pangeran iki, Serang mapan lajeng yuda.
118. Mas Tumenggung labet pelor wentis neki, mapan lajeng ika, kecakup binekta nuli, dhumateng ing Surakarta.
119. Pangran Serang lumajeng dhateng Mentawis, lan Mas Sukur ika, lawan ngaturi udani, ing Pajang ingkang winarna.
120. Mas Tumenggung Cakradipura pan sabil, lan Jayadipura, kantun Mas Tumenggung iki, Kerdipura lumajar.
121. Mring Mentawis dadya nglempak mengsah sami, dhumateng Ngayogya, dadya kapir ageng malih, nanging meksih katadhahan.
122. Gunung Kidul ingkang dados senapati, Pangran Singasekar, dene ingkang angembani, balambang Gunawijaya.
123. Lajeng sabil mudhun Pangran Singasari, mring Magiri nglempak, lawan khaji mudha iki, ing Magiri inggahan.
124. Lajeng bedhah khaji mudha Dolah sabil, Pangran Singasekar, lan Den Resakusumeki, lumajeng mring Janegaran.
125. Pan sedhaya punika kang samya sabil, langkung kathahira, angsalnya bela wong kapir, Den Menggung Jayanagara.
126. Tur uninga nuhun bantu mring nerpati, nulya binantonan, Kangjeng Sultan kang tinuding, Kyahi Ngusman Ali Basah.
127. Lajeng mangkat sagunging Bulkiyah sami, budhal saking Jeksa, anglurug dhateng Magiri, lan Raden Jayanegara.
128. Tan winarna ing marga Magiri prapti, lajeng campuh yuda, kelangkung ramening jurit, wong Sala mapan kuciwa.

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

129. Kathah pejah anulya lumajeng sami, Den Wirakusuma, binoyong nak rabi neki, lajeng katur dhateng Jeksa.
130. Pan ing temple kinarya barising kapir, langkung agengira, Kurnel Gibas tindhih neki, senapati tan kuwawa.
131. Mapan lajeng tur uning mring Jeksa nuli, nuhun bantu nulya, Kangjeng Sultan amarengi, Jeng Gusti Muhamad Iman.
132. Ngabdulkamil lan Raden Mertalayeki, budhal saking Jeksa, tanapi ingkang prajurit, tan winarna marga prapta.
133. Pan ing temple lajeng campuh ing ajurit, langkung ramenira, nanging kuciwa wong kapir, Kurnel Gibas pan lumajar.
134. Mapan kathah bangkenira tiyang kapir, Islam lujeng samya, angsal bandhang mriyem kalih, wus katur mring Kangjeng Sultan.
135. Perambanan kinarya barising kapir, Mayor Leguranya, ingkang dadya tindhih neki, Kangjeng Sultan gya utusan.
136. Kinen nyabet prajurit sawetan nagri, Den Suranegara, kalawan saKoncaneki, Bupati wetan sedaya.
137. Pan kaliwon kalih kang kinen jenengira, kalawan ulama, kang westa Kyahi Ajali, kaliwon Den Kakrasana.
138. Mangunyuda nulya campuhing ajurit, langkung ramening prang, gelasah bangkene kapir, Mayor Legur pan kecandhak.
139. Pinejahan mring Raden Suranegari, Islam lujeng samya, angsal mariyem satunggil, sampun katur mring Jeng Sultan.
140. Jendral Dhekok langkung bingung ing tyas neki, Pangran Mertasana, lawan Pangran Mangkubumi, neng Ambon tinantun samya.
141. Yen kadugi mengsah Kangjeng Sultan sami, kinondurken nulya, kalihnya sagah pan sami, kinondurken sampun prapta.
142. Pangran Mangkubumi neng Surakarteki, Pangran Mertasona, ing Ngayogya sampun prapti, lajeng ngalih namanira.
143. Pangran Murdaningrat dadya senapati, aneng ing Ngayogya, nanging meksa tan wigati, mengkana ingkang winarna.
144. Pangran Mangkudiningrat sedheng tyas neki, sareng praptanira, Pangran Murdaningrat iki, mapan asring abebeka.
145. Mring Jeng Sultan anuhun nama puniki, Pangeran Dipatya, Kangjeng Sultan ta marengi, dadya kendho juritira.
146. Mapan asring ing Langon kinggahan kapir, dadya repot samya.
147. Pan sedaya mesanggrahan kitha Giri, mengkana winarna, ingkang eyang grerah iki, Kangjeng Pangeran Muhamad.
148. Abu Bakar mapan lajeng kondur neki, dhateng Rahmatolah, lajeng sinareken iki, neng wukir Kedhu rong ika.

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

149. Kyahi guru Kwaron neng kutha Giri, lajeng sakit nulya, sampun prapta jangji neki, manthuk dhateng Rahmatolah.
150. Mapan lajeng sinare neng kutha Giri, wonte malih gerah, nenggih Den Ayu Ngabehi, kang mra sepuh Pangeran.
151. Mapan lajeng kondur mring Rahmatolahi, sinareken ika, wonten ing clereng puniki, mangkana ingkang winarna.
152. Mengsah kapir saya kathah ingkang prapti, sagung senapatya, samya ngajengken pribadi, sadina dina ayuda.
153. Datan saget tulung tinulungan sami, wadya lebet ika, kelangkung ing bingung neki, pundi pundi ingkang awrat.
154. Tinulunga wong kapir kuciwa sami, mengkana winarna, ngulami ageng puniki, ginuron samya ngulama.
155. Ing Garejen wismanya nama nireki, Seh Ismangil ika, tinukup mring tiyang kapir, senapati tan uninga.
156. Lajeng ngamuk kapir katah ingkang mati, Seh Ismangin nulya, dhumateng Sabilolahi, Seh Bulawi ing Susukan.
157. Pan tinukup Seh Bulawi lajeng sabil, kapir kathah pejah, mengkana ingkang winarni, Tumenggung Kretanegara.
158. Lagya sakit kedhik ing ngadhep prajurit, amung kawan dasa, tinukup dhumateng kapir, lajeng saras sakitira.
159. Campuhing prang kapir kathah ingkang mati, khapitanya pejah, kelawan litnanireki, kang kathah lumajeng samya.
160. Lajeng katur kang sirah mring Sri Bupati, malih kang winarna, Tumenggung Mondhaling neki, sakit tinulup Welonda.
161. Ingkang ngadhep nanging sedherekireki, Ran Mertawijaya, tan ingadhep mring prajurit, meksih tinilar barisan.
162. Lajeng ngamuk mapan nanging tiyang kalih, kapir kathah pejah, Ki Mertawijaya iki, lajeng prapta sabilolah.
163. Ki Tumenggung Mondhalika sareng uning, mring kunarpanira, yen risak arinireki, mapan langkung pangamuknya.
164. Anglir bantheng katawan brona puniki, putung lawungira, Kyahi Tumenggung puniki, ngamuk lan keris kewala.
165. Langkung kathah ingkang pejah tiyang kapir, Ki Tumenggung ika, bedhil pedhang sangkuh iki, mapan tan wonten tumama.
166. Dadya gila samya lumajeng wong kapir, mapan winestanan, Ki Tumenggung dede jalmi, lajeng sohan dhateng Jeksa.
167. Ngaturaken sirah kepalaning kapir, lajeng tinimbalan, dhumateng Srinarapati, Ki Tumenggung nadarira.
168. Lamun gesang mapan nuhun angabekti, mesem Kangjeng Sultan, mengkana wus den lilani, lajeng ngaras ingkang pada.

169. Mring Jeng Sultan Ki Tumenggung mapan nuli, kinen mantuk nulya, ing wingking menawa water, Ki Tumenggung mapan nulya.
170. Sakit malih sampun karsaning Hyang Widi, Ki Tumenggung nulya, mantuk mring Rahmatolahi, nanging pan umur sacondra.
171. Ing Lowanu kahinggahan dening kapir, pinethukhing yuda, kelangkung ramening jurit, kapir kathah ingkang pejah.
172. Mas Tumenggung Jayaprawira puniki, wus karsaning sukma, dhumateng Sabilolahi, ing Lowanu pan kancikan.
173. Mapan wonten ngulama ageng satunggil, westa Seh Ngabdulah, ing papringan wisma neki, sohan dhumateng Jeng Sultan.
174. Mapan nuju jeng Sultan lenggah pribadi, Seh Ngabdulah ika, kumembeng waspa nireki, Kangjeng Sultan angandika.
175. Ana apa Ngabdulah sira anangis, Seh Ngabdulah turnya, kawula matur sayekti, rahose manah kawula.
176. Pan ing karsa paduka inggih dewaji, pitajeng kalintang, dhumateng Ki Maja iki, datan pethak sajatosnya.
177. Pan punika agadhah kajeng pribadi, mesem Kangjeng Sultan, lawan angandika malih, den eta kang ora ora.
178. Sira piker wus muliha sira iki, mantuk Seh Ngabdulah, mapan datan lama nuli, mantuk dhateng Rahmatolah.
179. Pan ing ledhok kahinggahan mengsah kapir, lajeng campuh yuda, kapir kathah ingkang mati, Mas Tumenggung Ondakara.
180. Sabilolah mengkana ingkang winarni, jeng Pangran dipatya, kondur dhumateng Mentawis, sampun lami ingaturan.
181. Marang sagung Basah ing Pagelen iki, nanging datan arsa, ingkang rama Sri Bupati, ngatag meksa datan arsa.
182. Kadya sampun karsanira ing Hyang Widi, Kangjeng Pangran ika, remen aneng kitha Giri, kalawan sawadyanira.
183. Mesanggrahan tunggil lan kang eyang iki, Kangjeng Panembahan, rumeksa rerepot sami, Basah ing Pagelen samya.
184. Dadya kendho gela kang tyas mapan sami, ing ajurit ika, nulya kalebetan iki, mengsah ing Pagelen ika.
185. Pangran Sumayuda kang dadya pangirid, prajurit ing Sala, mapan kathah lawan kapir, ing Mentawis kang winarna.
186. Pangran Mangkunagera ingkang ngadani, pasisir sedaya, kalawan monycanagari, kinerig dhateng Ngayogya.
187. Mesanggrahan Pangeran Mangkunegari, aneng Tanjungtirta, kalawan sawadya neki, laku ageng baris sira.
188. Kang Bupati sedaya sawetan nagri, tan kuwawi samya, nglempak mring sakidul nagri, ngungsi mring Jayanagara.

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

189. Ing Mentaram langkung kathah mengsah iki, Pagelen mengkana, dadya sabendina jurit, sadina dina ayuda.
190. Datan saged yen tulung tinulung sami, saking geng barisnya, kelawan ing mempel iki, trerayem baligo ika.
191. Ing Mentaram kebekan ing mengsah kapir, Basah kalih ika, mapan ngajengken pribadi, Muhamad Usman Li Basah.
192. Ngajenghaken mengsah ing Trerayem iki, mapan binantonan, Raden Riya Sindurjeki, lawan Raden Martalaya.
193. Gusti Iman Muhamad Li Basah iki, Ngabdulkamil ika, ngajengaken mengsah kapir, kang baris baligo ika.
194. Pan ing Tempel Tumenggung Kertanagari, lan sakancanira, lawan anjagani margi, gamping Pangran Adisurya.
195. Nanging kantun nenggih kang Basah satunggil, Ngabdullatip ika, ingkang dereng angsal kardi, tinuding dhateng Nalendra.
196. Ambatoni Bupati sawetan nagri, ngajengaken ika, Pangeran Mangkunegari, mengkana pan lajeng budhal.
197. Saking Jeksa pan sewu prajurit neki, mapan sampun prapta, palered pinethuk jurit, mring Pangran Mangkunagara.
198. Langkung rame Mangkunagaran kalindhih, Palered kanggenan, dhateng Basah Ngabdullatip, Raden Menggung Janegara.
199. Sakancanya datan saged tulung iki, ngajenghaken ika, mengsah kang aneng Magiri, lawan gunung Kidul ika.
200. Dadya datan tulung tinulungan sami, ing satanah ika, Mentaram ramening jurit, mariyem mapan bandhungan.
201. Senjata lit berondangan siyang latri, tan wonten kuciwa, kendel lamun sayah sami, mariyem mapan mengkana.
202. Raden Ngabdullatip lan Basah puniki, lan juritnya, kedhaton ingkang den enggeni, aneng Palered punika. 204. Kang Bupati sedaya wetan Yogjeki, saprajuritnya, kinen baris wonten jawi, mengkana ingkang winarna.
203. 205. Pangran Mangkunegara pan tan kuwawi, nedha bantu ika, dhateng Jendral Dhekok iki, mapan nulya binantonan.
204. 206. Jendral Pagen kinerig Ngayogya sami, kapir lawan Murdat, sampun kumpul dadya siji, lan baris Mangkunagaran.
205. 207. Langkung ageng tanpa wilangan kaheksi, Raden Ali Basah, mapan ingaturan mijil, nanging meksa datan arsa.
206. 208. Kedah mempen sedaya rempon jro puri, Palered punika, ngantos samya den tangisi, Den Basah tan toleh wuntat.

PUPUH XXV
P A N G K U R

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

1. Raden Basah sru manebda, yen tan wani padha metuha iki, mapan ingsun wis tanpa yun, kang kaya rembugira, tanpantara mengsah ageng prapta sampun, lajeng pinethuk ing yuda, mring sagung kang pradipati.
2. Kelangkung rame kang yuda, tan kuwawi sagung kang pradipati, sawetan Ngayogya iku, saking karoban lawan, pan kalindhih pradipati juritipun, lajeng ngaturi uninga, dhateng Raden Basah nuli.
3. Yen sampun datan kuwawa, ingkang mengsah kelangkung ageng neki, Den Basah ngaturan metu, nanging meksa tan arsa, kedah rempon kewala neng jro kedhatun, mengkana mengsah wus prapta, mengkana kinepung kikis.
4. Lajeng rame mariyeman, wantunira setabel tiyang Jawi, tan tahan nulya lumayu, mariyem wus den tilar, kapir ngangseg ngrampit pager banon sampun, nanging datan saged celak, saking lebet den bedhili.
5. Kathah kapir ingkang kena, ngantos dangu wantunya tiyang kapir, kapok ingkang sampun lampus, nulya sareng ajengnya, kang senjata mapan wus tan angsal iku, kapir murtat mapan samya, dhepepel ing bata iki.
6. Kalawan apasang ondha, nanging Islam maksih panggahing jurit, kapir lamun menek iku, jinojoh wahos samya, saking lebet sadaya ing banon sampun, lebet banon pinrantenan, dadya kapir kathah mati.
7. Ana ingkang ngukih lawang, kapir murtad nanging kang tengga kori, kelangkung sudiranipun, Dolah Kaji Brahimnya, lan Mas Panji Jayasumitra puniku, lan Panji Wonawijaya, kalawan prajurit neki.
8. Wong satus banter sadaya, langkung panggah kapir kathah kang mati, ingkang tengga kori kidul, Raden Tumenggung Wiryadirja, satus ingkang prajurit puniku, wong Kranggan lawan wong Lendhah, tindhihnya Panji kekalih.
9. Mas Panyji Surasantika, lan Raden Mas Panji Kancil puniki, sedaya prajurit iku, samya munggeng pelatar, Panji Rongga Tumenggung titindhihipun, mubeng jro kedhaton ika, ing jawi mengna maning.
10. Kapir mubeng pangepungnya, mapan samya dhedhepel ing bata iki, sadinten denya prang pupuh, kapir tan saged ngrangsang, saben menek jinojohing wahos lampus, dadya banon pinendheman, dhumateng sendawa sami.

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

11. Pan sareng sinumed samya, swaranira kadya gugruging wukir, sampun karsaning Yang Agung, kagyat kang neng pelatar, pan sedaya anerka yen banon rubuh, prajurit pan mudhun samya, kapir saged minggah sami.
12. Sareng lan kukus sendawa, langkung peteng Islam datan udani, kapir sareng inggahipun, wus samya neng pelatar, lajeng mudhun lajeng wong Islam kadulu, kagyat nulya tinadhahan, wus carob Islam lan kapir.
13. Arame uleng ulengan, yudanira Islam kalawan kapir, aneng sajroning kedhatun, kapir wus manjing samya, Islam asanget karoban mungsuh, kapir nanging kantun usar, lan Jendral panggeneng jawi.
14. Kalawan mariyemira, ingkang meksih Jendral dipuntenggani, dadya Islam kathah iku, kang samya Sabilolah, mapan amor lan bangkene kapir iku, mengkana marmaning sukma, Islam ingkang dereng prapti.
15. Ing jangji medal sedaya, nunjang baris lan Jendral Usar sami, Raden Basah mapan sampun, binekta medal nulya, marang Dolah Khaji Ngisa mapan langkung, Raden Basah kesayahan, ngantos datan saged angling.
16. Jendral Pagen kang winarna, mapan langkung suka ing tyashing reki, anerka yen Islam sampun, sewu tumpes sedaya, sabab dulu kunarpa gelasah iku, sanadyan ana uripa, merojola nanging kedhik.
17. Sareng tinitik sedaya, ingkang kathah nanging tangkening kapir, kalawan murtat puniku, Jendral gela tyasira, ing Palered wus kanggenan kapir iku, sampun katur mring Jeng Sultan, mengkana solahireki.
18. Mapan Dolah Khaji Ngisa, ingkang sohan matur mring Jeksa iki, Kangjeng Sultan mapan dangu, kendel datan ngandika, langkung ngungun mengkana wekasan dangu, khaji ana ngendi Basah, Seh Khaji Ngisa matur aris.
19. Abdi dalem Raden Basah, sapunika pan dereng saged angling, sanget lami tenggengipun, wonten sela wong enggonnya, Kangjeng Sultan andangu kang sabil iku, Khaji Ngisa aturira, di dalem jajar prajurit.
20. Mapan satus kalih dasa, pengagengnya abdi dalem kang prapti, ing Sabilolah sinuhun, Dolah Khaji Ibrahim kalah lawan, Den Tumenggung Wiryadirjeku, Panji Mas Jayasumitra, lan Raden Mas Panji Kancil.

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

21. Mas Panji Wonawijaya, lan Mas Panji Surasantikahaji, Mas Panji Trunadriyeku, Panji Mukhadinata, ing punika di dalem pangiridipun, ingkang samya Sabilolah, Kangjeng Sultan ngandika aris.
22. Wus Khaji Ngisa muliha, ngayum ana sakehe ingkang prajurit, ingkang padha sabil iku, wus padha sulihana, mring anake yen ana kemisih tanggung, sadulure gentekena, sandika aturnya Seh Khaji.
23. Sampun lengser saking ngarsa, kawarnaha sagunging senapati, samya alit manahipun, sareng sakawonira, Raden Basah ing perang Palered iku, Bupati sawetan Yogya, sedaya pan sohan sami.
24. Mapan dhumateng ing jeksa atur tiwas anuwun den tindhihi, dhumateng Pangeran iku, Natapraja turhira, pan sedaya punika panuwunipun, Jeng Sultan nuruti nulya, utusan kinen nimbali.
25. Mring Pangeran Natapraja, neng padakan datan antara prapti, ingarsanira Sang Prabu, SriNalendra ngandika, Natapraja sireku padha den jaluk, mring Bupati wetan Yogya, apa kaduga sireki.
26. Mungsuh lan Mangkunagara, lawan sira iya ingsun bantoni, Si Jayanagara iku, Pangeran atur sembah, inggih sandika pukulun, nanging pangestu paduka, dewiji ingkang kapundhi.
27. Kangjeng Sultan angandika, yen kaduga nuli mangkata adhi, Pangran Natapraja iku, nulya angaras pada, sampun lengser saking ngarsanya Sang Prabu, nulya budhal saking Jeksa, ingiring sagung Dipati.
28. Tan winarna lampahira, Pangran Natapraja wus prapti, sawetaning praga iku, jujug Samen wus panggya, lawan Raden Jayanagara nulyeku, gandhek dhawahken timbalan, mring Raden Jayanegari.
29. Budhal Pangran Natapraja, saking Samen lawan sawadyaneki, Den Jayanagara wus, dherek sakancanira, sampun prapta Jalasutra lampahipun, mapan lajeng mesanggrahan, tigang dinten winetawis.
30. Mapan lajenging nginggahan, saking Tanjungtirta langkung geng neki, Pangran Mangkunegareku, lan kanthi kapir samya, Pangran Natapraja rembag pratumenggung, pan ing ngunduran kewala, yun methuken tan kadugi.
31. Pan lajeng ing Ngelud nulya, ngantos prapta sakilen Pragi malih, Pangran Mangkunegareku, majeng pasanggrahanya, aneng Rajakusuma kang wadya sagung, baris sawetaning pragi, dadya sagung senapati.

32. Samya kesisaning bala, mapan kathah ingkang samya angili, ngungseken nak rabenipun, ingkang kabetah samya, apiteluk Pangeran Nataprajeku, baris sakilening Praga, lan sagunging senapati.
33. Ingkang ler Yogya mengkana, senapati kesisan bala sami, sampun karsaning Yang Agung, prajurit tyasira, mapan kathah ingkang api api teluk, nanging kantun Panji Rongga, ngabehi punika teksih.
34. Tunggil lawan Tumenggungnya, giris saking kathahe mengsah kapir, kalawan murtad sedarum, sampun katur Jeng Sultan, nanging kantun Basah kekalih puniku, pinilih lawan Bulkiyah, ingkang teksih kekah baris.
35. Lan Pangeran Disurya, barisira mapan wontening gamping, siyang dalu aprang pupuh, mengkana kawarnaha, Jendral mapan arsa ngantep juritipun, keriggan kapir lan murdat, saking Ngayogya wus mijil.
36. Trerayem baligo nulya, binantonan langkung ramening jurit, ingkang nadhahi puniku, Trerayem pan Bulkiya, lawan mandhung pinilih suraya iku, nadhahi kapir lan murtad, kang baris Baligo iki.
37. Siyang dalu mapan yuda, langkung rame tanana nguciwani, mapan datan nyana iku, kapir lan murdat ika, medal gamping ingkang ageng dadya iku, Kangjeng Pangran Adisurya, nadhahi datan kuwawi.
38. Pinilih lawan Bulkiya, pan katungkul wahu denira jurit, sampun karsaning hYang Agung, kapir lan murtad nyabrang, ing Praga mengkana ingkang winuwus, Kangjeng Sultan ing ngaturan, uninga yen mengsah sami.
39. Sampun anyabrang Praga, ingkang paman Kangjeng Pangran Behi, mapan nuju sepi iku, tuwi mring repotira, ingkang wonten nanging Kyahi Maja iku, lawan sagung pra ngulama, prajurit Suyagameki.
40. Lan prajurit Suranata, mantra lebet nanging kantunnya kedhik, jajar kang alit tyasipun, pan sampun ngili samya, Kangjeng Sultan ingkang ngadhep wetareku, kalih atus sadayanya, Kyahi Maja wus tan kenging.
41. Tinari nanging sumongga, nulya wonten ingkang atur udani, kalamun kang mengsah sampun, prapta ing pudhak ika, Kangjeng Sultan nulya nitih turonggeku, westa Ki Wijayacala, pan arsa methuk ing jurit.
42. Ingkang dherek punika, kalih atus kang lamun winetawis, prapta dhusun Dhondhong sampun, kapir prapta ing Pudhak, sareng arsa

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

mudhun lepen kapir iku, Kangjeng Sultan mapan nulya, kinen methukhaken nuli.

43. Kang prajurit Suryagama, Dolah Khaji Badarodin puniki, kalawan sakancanipun, kapir wangsul anulya, lawan malih sampun kesaputing dalu, kapir lajeng mesanggrahan, aneng dhusun Pudhak iki.
44. Jeng Sultan neba kewala, sawadyanya nanging meksih letkali, dadya jeng ajengan iku, kapir langkung gengira, kuwel lawan wong murtad Ngayogya iku, pasisir moncanagara, Jendral Pagen tindhih neki.
45. Murtad Pangran Murdaningrat, pan punika ingkang dadya tetindhih, lan Pangran Panular iku, kapir murtad pra samya, suka suka langkung rame swaranipun, Kangjeng Sultan kawinarna, sare angandhap werseki.
46. Mapan lagya grerah ika, Kyahi Maja sanget aturireki, ngaturi lolos puniku, Kangjeng Sultan tan arsa, Gusti Iman Muhamad Li Basah iku, sareng amiharsa warta, kelangkung tyas kuwatir.
47. Wahu dhumateng Jeng Sultan, sabab gerah anulya kondur nuli, ing kalawan Dolah iku, kalih ingkang binekta, kang prajurit sadaya tinilar iku, nanging kantun Panji Rongga, punika ingkang nindhihi.
48. Sasanderan lampahira, tan winarna ing marga sampun prapti, mulat mengsah langkung agung, lajeng nungkemi pada, Kangjeng Sultan ngaturan lolos puniku, nanging meksa datan arsa, kedah amethuk ing jurit.
49. Mengkana ingkang winarna, Kangjeng Pangran Ngabdulrahman Ngabehi, tengah dalu rawuhipun, lajeng samya ngaturan, umatur rajeng Pangran nulya cumundhuk, ing ngarsanira Jeng Sultan, mapan langkung atur neki.
50. SriNalendra angandika, inggih paman gumingsir dhateng pundi, yen sampun ing jangjenipun, mapan mongsa wandeya, Pangran Ngabdulrahman aris aturipun, inggih leres yen sampuna, wonten kang binudi malih.
51. Inggih kang mengsah punika, pan kawula wahu mirsa pribadi, mapan langkung agengipun, sarengan wonten marga, pan kawula medaling ardi kadulu, kapir punika sadaya, abdi dalem anging kedhik.
52. Kalih pandugi kawula, benjing enjing tan ngemungaken puniki, sanadyan kathah sinuhun, yen samya jeng ajengan, boten dados kuwatosing tyas satuhu, punika pun thole Basah, sampun wonten ing ngarsa ji.

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

53. Kapir ing baligo nata, boten wande gerombol saking wuri, punika watosing kalbu, nadyan inggih wontena, ingkang gadhah ajeng ajengan puniku, pinilih lawan suraya, datan wonten tindhih neki.
54. Pun thole Basah punika, lan Dolahnya kalih sampun neng ngriki, kados datan saged sampun, lamun kekah yudanya, mapan nanging tindhih Rongga Panji iku, lan abdi dalem Bulkiya, lamun pareng benjing enjing.
55. Ing ngriki rame senjata, Kyahi Ngusman kados bibrah tyas neki, Kangjeng Sultan dadya nurut, mring ature kang paman, ris ngandika yen mengkoten paman sampun, angur sampeyan utusan, mring Bulkiya lan pinilih.
56. Yen ing ngriki wus kanggenan, dhateng kapir mesakhake kasupit, sampeyan paringi weruh, yen kula sampun kesah, dhateng ardi sadaya sampeyan nusul, Kangjeng Pangran aturipun, sandika utusan nuli.
57. Kangjeng Sultan nulya budhal, saking Jeksa lawan sawadya neki, lingsir dalu wayahipun, minggah dhumateng arga, lepen Wunglon Kangjeng Sultan sampun rawuh, sareng enjang nulya tedhak, Kangjeng Sultan saking ardi.
58. Mesanggrahan lepen Sungga, tinimbali wahu dhateng kang rayi, Prangran Ngabdulrakim iku, lan Pangran Sumanagara, lawan sagung ingkang prajurit sadarum, lan ngantos sapraptanira, Bulkiya lawan pinilih.
59. Lawan kinen nimbalan, Basah Ngabdullatip sawadyaneki, tanpantara prapta sampun, sagung kang tinimbalan, Pangran Ngabdulrakim dhinawuhan sampun kinen baris wonten pundhak, kalawan sawadyaneki.
60. Kapir murtad wonten Jeksa, dadya gentos panggenan neki, nanging kapir pecalangipun, aneng dhondhong punika, dadya samya jeng ajengan barisipun, lawan ingkang aneng pundhak, Kangjeng Sultan kang winarni.
61. Budhal saking lepen Sungga, mesanggrahan aneng kamal puniki, mengkana ingkang winuwus, Basah Pagelen samya, tiga pisan pan kalindhih yudanipun, ngungsang dhumateng Mentaram, kapir murtad mapan sami.
62. Ngelut lajeng baris waja, Pangran Sumayuda tetindhih neki, nulya tur uninga iku, dhumateng Kangjeng Sultan, Pangran Behi mengkana ing ngaturipun, kejawi Basah satunggal, pinethil saking ngarsa ji.
63. Ngabdullatip Ali Basah, ing punika kados ingkang prayogi, sabab punika rehipun, pan lajeng dhinawuhan, budhal saking kamal

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

sawadyanipun, ngajengaken mengsah waja, lan Basah Pagelen sami.

64. Nenggih Pangran Natapraja, ngajengaken mengsah sawetan pragi, lawan Bupati puniku, ingkang sawetan Yogya, kidul Yogja pan sampun pepak sadarum, dhumateng sakilen praga, Kangjeng Sultan kang winarni.
65. Ngajengaken kang neng Jeksa, lan Bupati ler kilen Yogja sami, samya jeng ajengan sampun, mengkana Kangjeng Sultan, dalu lenggah aneng pasanggrahanipun, tan ing ngadhep dening jalma, pan wus samya nendra iki.
66. Pitekur sendheyan saka, mapan sangking sungkawahing tyas neki, mengkana ingkang winuwus, nulya ana kang prapta, kadya daru dhateng pesanggrahanipun, nulya lenggah ngarsanira, Jeng Sultan werni pawestri.
67. Kalih ingkang ngiring ika, samya estri dene kawarsa sami, pan wus tan kena cinatur, mapan katiga pisan, undha usuk lawan kang den iring iku, Jeng Sultan dangu tan nyapa, kami tegengen ningali.
68. Lawan mespahosken ika, genya lenggah datan srahing siti, Kajeng Sultan ngandika rum, nila krami kawula, langkung tambet Kangjeng Ratu lon turipun, rumiyin mapan kawula, lan paduka sampun jangji.
69. Ing benjang yen sampun mongsa, lan paduka boten wande kepanggih, Jeng Sultan enget tyasipun, mengkana ciptanira, baya iki kang ingaran **Ratu Kidul**, dene banget anomira, Kangjeng Sultan ngandika ris.
70. Pan sampun enget kawula, Kangjeng Ratu aris aturireki, yen pareng amba tetulung, inggih dhateng paduka, ing kawula anuwun jangji satuhu, yen sampun sirna sadaya, sagung ingkang laknat kapir.
71. Kawula tuwan suwunhena, dhateng Allah ingkang Rabilngalamin, mantuka malih puniku, inggih dados manungsa, dene sagung wadya paduka sedarum, sampun wonten tumut yuda, kawula ingkang nyagahi.
72. Sirnanipun Laknatolah, Kangjeng Sultan mapan ngandika aris, kawula tan nedha tulung, inggih mring sasama, yen agami amung pitulung Hyang Agung, Kangjeng Ratu nulya musna, mengkana ingkang winarni.
73. Kapir Latnaktolah samya, kang neng Jeksa karsa ngantep kang jurit, Jendral Pagen tindhihipun, sagung murtad sadaya, Pangran Murdaningrat lan Pangran puniku, Panular titindhihira, enjing nulya mangkat jurit.

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

74. Ingkang baris aneng pundhak, Pangran Ngabdulrahim sawadya neki, lan Pangran Sumanegareku, lajeng campuhing yuda, langkung saking tikel gangsal tindhihipun, dadya Islam mundur samya, tan kuwawi anadhahi.
75. Mapan nulya tur uninga, dhateng Kamal yen sampun tan kuwawi, kapir langkung agengipun, Kangjeng Sultan anulya, nuding ingkang kinen nindhihi prang pupuh, pinilih lawan Bulkiya, lan sagung kang pradipati.
76. Ingkang lor Yogja sedaya, Kangjeng Sultan ningali iring ardi, pan katingal dhatengipun, praptane ingkang mengsah, lamun tinon kadya gunung alelaku, kapir murtad kathahira, rahara kebekan sami.
77. Genderanya Mangkuyuda, katutan dening Usar puniki, mogok mapan lajeng ngamuk, wantu tiyang satunggal, lajeng sabil usar kathah ingkang lampus, tanpantara usar prapta, ing kamal dipuntadhahi.
78. Dhateng prajurit Bulkiya, lan pinilih lawan Kertanagari, usar mapan kathah lampus, kalindhih kapir samya, mapan lajeng binujung usar lumayu, ingkang ageng nulya prapta, Jeng Sultan marma mring abdi.
79. Paman kinen mundur samya, tan kalilan kalamun anang ngledi, sadaya pan ken sampun, mundur prajurit samya, Kangjeng Sultan mapan ingaturan iku, wahu dhumateng kang paman, mesanggrahan panggung iki.
80. Neng panggung apirembagan……...
81. Syeh Muhamad Usman Li Basah iki, mapan sanget aturipun, tan sanget aprang arga, pan kawula punika tiyang wus sepuh, senadyan inggih kathah, punika pun laknat kapir.
82. Mapan sampun tinemaha, pan prayogi ngupados papan radin, Kangjeng Sultan dadya nurut mring ature Syeh Usman, Ali Basah ing meksih sumelangipun, kang dados matiring nala, Jeng Sultan mring repot sami.
83. Jeng Pangeran Ngabdulrahman, ris turira inggih lamun marengi, pun Mertalaya puniku, lawan sakancanira, kang prajurit mandhung satus malihipun, kawan dasa Suranata, lawan tuwan Samparwadi.
84. Lawan pun Cakranagara, kados cekap rumeksa repot sami, lawan angampingi iku, mring kang mas Panembahan, sampun dados rembagira Den Tumenggung, Martalaya dinawuhan, lawan tuwan Sarip nuli.
85. Budhal Mandhung Suranata, saking panggung dhumateng kitha Giri, Kangjeng Sultan kang winuwus, saking panggung wus

budhal, prapta Sela mirah pesanggrahanipun, kapir murtad mapan samya, wangsul dhateng Jeksa malih.

86. Pengajengnya aneng pundhak, Pangran Ngabdulrahman Arya Ngabehi, umatur dhateng Sang Prabu, yen marengi Nalendra, luhung lajeng dhumateng wetan prageku, wonten ngriki ketanggelan, kalih celak kitha Giri.
87. Bilih karya susah samya, marang repot prayoga ingkang tebih, sanadyan ngantepa prang pupuh, sahe sawetan praga, samya rembag sadaya ing ngaturipun, Kangjeng Pangran Ngabdulrahman, Kangjeng Sultan anuruti.
88. Budhal saking Sela mirah, sampun prapta sawetaning pragi, mesanggrahan sejatiku, mengsah anulya prapta, kapir murtad mapan langkung kathahipun, dhatengira amretiga, nanging datan den tangledi.
89. Mapan ngunduran kewala, marang breja undurira sang ngaji, pan lajeng kinodholiku, mundur malih Nalendra, dhateng badhut mengkana Sang Nata dulu, bong obongan langkung gengnya, prenahe ing kitha Giri.
90. Kangjeng Sultan angandika, mring kang paman Pangran Arya Ngabehi, paman pundi Besmen iku, lir kitha Giri paman, Pangran Ngabdurahman aris aturipun, kados inggih leresira, punika ing kitha Giri.
91. Kangjeng Sultan angandika, mring kang paman yen estu kitha Giri, kawula paman yun wangsul, dhateng sakilen Praga, nanging putra sampeyan kang dados kalbu, yen ngantos kagepok kopar, angur sirna paman mami.
92. Pangran Ngabehi aturnya, lamun sampun mekaten karsa Aji, prayogi ngriki satuhu, kinarya ngantep yuda, nanging cobaning Yang Widi.
93. Kang wadya telas sadaya, ing tyasira kathah kang sami balik, dadya ingkang dherek iku, aneng badhut punika, nanging Basah lebet kekalih puniku, prajurit nanging Bulkiya, mantra lebet lan pinilih.
94. Suraya lan Suryagama, nanging sampun kantun kedhiku sami, Ki Maja sakancanipun, ingkang para ngulama, kang Tumenggung ler Yogha satunggal iku, westa Mas Jayapenawang, ing wus tan ngadhep prajurit.
95. Kantun tiga rencangira, Kangjeng Sultan ing tyas wus sedya sabil, Jendral Pagen barisipun, aneng Ketebon ika, lan Kemiri ing ardi Kanigareku, kapir murtad maratiga, angepang ing badhut sami.

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

96. Syeh Muhammad Usman Li Basah, ris turira dhateng Pangran Ngabehi, yen pareng kula nenuwun, prayogi pados papan, ingkang radin wonten ngriki tanggel tuhu, yen kinarya ngantep yuda, ingkang papan kirang radin.
97. Mapan sampun samya nedya, Sabilolah kang papan ting slekuthik, mapan samya rembag sampun, Kangjeng Sultan ngandika, inggih mapan pundi kang radin puniku, Pangran Ngabehi aturnya, kawula dereng udani.
98. Ing tanah ngrika sadaya, Mas Tumenggung Japenawang turnya ris, yen pareng karsa sinuhun, prayogi ing kasuran, mapan radin lawan ageng ingkang dhusun, pan sampun rembag sadaya, Pangran Ngabehi turnya ris.
99. Yen sampun rembag punika, pan prayogi nunten mangkat puniki, lamun ngantos sapuniku, enjing dugi kawula, kapir murtad tan wonten prapta sadarum, ingkang baris maratiga, Kangjeng Sultan ngandika ris.
100. Paman ing mangke kewala, dalu lamun sampun dhadhari sasi, lagya sanget arip tuhu, sakedhap ayun nendra, Kangjeng Sultan nulya sarehan iku, mapan kelajeng anendra, ngantos wektu pajar iki.
101. Sanget ingkang aripira, datan wonten kang purun mungu iki, sampun sumekta sedarum, samya ngadhep kewala, Kyahi Maja lan Pangeran Ngabehiku, pan samya iren kewala, kalih ayun mungu ajrih.
102. Kagyat wungu Kangjeng Sultan, pan tumingal lamun wus pajar sidik, pan langkung kasesanipun, jeng Sultan nulya Salat, bakda Subuh jeng Sultan busana sampun, budhal saking badhut nulya, prapta gening mengsah sami.
103. Mapan sampun enjing ika, nanging wonten marmanira Hyang Widi, pedhut ageng prapta iku, ngalingi mring jeng Sultan, sawadyanya kapir murtad tanana wruh, yen jeng Sultan sampun budhal, saking badhut sawadyeki.
104. Dadya kapir murtad samya, sareng enjang mapan kecalan sami, Kangjeng Sultan kang winuwus, sampun prapta kasuran, sawadyanya panuju Jumungah iku, SriNalendra angandika, mring sagung kang pra ngulami.
105. Wus ta padha Jumungaha, mapan ingsun ingkang amecalangi, mengkana ngulama sagung, mapan samya Jumungah, sareng bedhug kapir murtad prapta sagung, mapan iya maratiga, ingkang Jumungah pan sami.

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

106. Kelangkung denya kasesa, ingkang kutbah nanging prelunireki, Ki Maja ngimani iku, ayat Kulhu kewala, sampun bakda lajeng sohan mring sang prabu, Ki Maja sakancanira, SriNalendra lenggah iki.
107. Awan sendheyan tirisan, Basah kalih ingkang munggeng ing ngarsi, lawan ingkang paman iku, Pangeran Ngabdulrahman, ingkang mengsah mapan sareng praptanipun, mariyem sampun tan mungal, ing kantun sanjata alit.
108. Basah kalih matur samya, nuwun amit arsa methuk ing jurit, Kangjeng Sultan ngandika rum, menenga bahe padha, dimon perok wong wus nedya sabil iku, mundhak sayah lakonira, lawan seksenhana mami.
109. Yen ana pitulung sukma, ingsun cukur lawan wus tan nedya mami, gumingsir geningsun lungguh, usar nulyana tingal, Jendral Pagen ingkang dadya tindhihipun, mapan cemeng kudanira, keng mengsah ing mara kalih.
110. Kang pelangkir medal wetan, ingkang usar medal kidul pan sami, pelor langkung deresipun, mariyem wus tan mungal, nanging kantun sanjata alit gumrudug, Basah Ngabdulkamil nulya, nuhun pamit mring Sang Aji.
111. Ingkang tyas pan tanderana, wantunira meksih anem puniki, lawan kalih dolahipun, Raden Prawiradirja, lawan Raden Abusongeb namanipun, samya kaduk punika, Kangjeng Sultan ngandika ris.
112. Mengko antinen sadhela, dimon prerak nanging meksa tan kenging, tiga nitih kuda sampun, lajeng nander kewala, methukhaken ingkang usar yudanipun, Seh Usman Li Basah nulya, anembang tengara jurit.
113. Gumergut wadya Bulkiya, lan pinilih Surayama pan sami, rempak sareng ajengipun, Syeh Usman Ali Basah, kang nindhihi mengkana pan lajeng campuh, kalawan usar sadaya, wus carob ingkang ajurit.
114. Kangjeng Sultan langkung marma, nulya ngatag maring Ki Maja puniki, kinen tetulung ing pupuh, lan sagung pra-ngulama, nulya manjing mengsah saking wetan rawuh, Kangjeng Sultan nulya ngatak, mring Syeh Khaji Bandarodin.
115. Lun Tumenggung Puthutlawa, Suryagama lan matri lebet sami, nuli campuh kang prang pupuh, lajeng ruket kewala, kang pelangkir pan langkung pangedrelipun, ing Tumenggung Puthutlawa, lawan Dolah Badarodin.
116. Kalawan sakancanira, samya nusup mring kukus sudaweki, Basah kalih kang winuwus, ingkang ngajengken usar, lan Ki Maja

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

kelawan sakancanipun, kelangkung ramening yuda, japena wangkang winarni.

117. Kancannya wus kathah prapta, sampun karsaning Hyang Agung, ungsar pelangkir telas, Jendral Pagen lumayu nulya kinepung, usar ing kantun sakawan, Jendral lajeng minggah ardi.
118. Lawan kang usar titiga, dereng unting kesaput dalu iki, Pangran Ngabehi ingutus, ngunduraken kang yuda, yen sampuna Kangjeng Sultan karsanipun, sinapih ingkang ayuda, Jendral Pagen kados keni.
119. Mapan belasah bangkenya, kapir usar muted kelawan plangkir, Islam pitulung Yang Agung, mapan lujeng sedaya, ingkang tatu kewala tan wonten iku, Kangjeng Sultan langkung welas, ningali kang bangke sami.
120. Pan tumpukhing pesabinan, ngara ara ing lepen sanggen neki, dadya tan saged andulu, Jeng Sultan nulya budhal, sing kasuran mapan ing dalu sadalu, angalih kang pesanggrahan, ing dhusun Landhangan iki.
121. Kang wadya wus kathah prapta, Pangran Behi mengkana atur neki, yen pareng karsa sinuhun, sahe lajeng kewala, mupung samya angsal manah wadya sagung, Jendral Pagen sahenggennya, prayogi linantak nuli.
122. Sampun dhinahar aturnya, Pangran Behi kinen tengara muni, pinilih kang munggeng ngayun, sinambungan Bulkiya, sareng prapta Jendral Pagen barisipun, mapan wus kepanggih sepiha, mengsahan toya urip.
123. Kangjeng Sultan angandika, kados pundi paman lampah puniki, Pangran Ngabehi turipun, sahe lajeng kewala, mring terayem sokur Jendral wonten ngriku, anulya kinen tengara, budhal saking Banyuhurip.
124. Prapta dhusun Candhi ika, kendel aso nulya anatur peksi, lamun wonten mengsah rawuh, pan sewu kawetara, kedhikhipun ingkang mengsah gangsal atus, datan ngantos dhinawuhan, pan lajeng tengara sami.
125. Pan datan kenging tinata, rebat ngajeng sagung ingkang prajurit, saking samya ber tyasipun, pan mentas angsal manah, mengsah kagyat pan lajeng ngedrel puniku, mapan datan linegewa, wus campuh ingkang ajurit.
126. Wahos lawan sakuh ika, tan pantara nulya tlas wong kapir, kantun ingkang murtad iku, lawan usar punika, Basah kalih mapan awas denya dulu, kelamun ingkang sentana, Kangjeng Sultan pepaksami.

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

127. Kang eyang lawan kang paman, ingkang rayi Basah kalih anuli, ngundurken prajurit sagung, ayun atur uninga, nanging sampun prajurit sagung, kadya wus karsa Yang Sukma, sedaya praptaning jangji.
128. Pangran Behi lan Ki Maja, prapta ngundurhake meksa tan keni, prajurit wus wuru sagung, lir bantheng tawan brona, pengamuknya Dolah Prawiradirjeku, lajeng nyander tur uninga, dhumateng Sultan prapti.
129. Sang Nata nuju sareyan, aneng sela pinggir lepen puniki, kagyat mulat praptanipun, Dolah Prawiradirja, lajeng matur yen mengsah punika tuhu, sentana dalem sadaya, nanging sagung kang prajurit.
130. Sampun tan kenging ingampah, Kangjeng Sultan nulya mundhut turanggi, pan pun ranis westanipun, saking ing margawatya, preranakan kuda Sembrani puniku, Datan pantara wus prapta, ing lengkong Srinarapati.
131. Abdi pan kantun sadaya, samya nusul anging prapta pribadi, wus kepanggih bangke tumpuk, kapir kalawan murtad, mapan telas pan Islam lujeng sedarum, kang tatu bahe tanana, kadya wus karsaning Widi.
132. Sang Nata sareng pirsa, dhateng bangke kapir lan murtad sami, mapan atumpuk tinumpuk, lepen sabin rahara, Kangjeng Sultan kendel langkung welasipun, mitenggengen tan ngandika, mengkana kang paman prapti.
133. Pangran Behi lan Ki Maja, Basah kalih ngaturken rayi aji, lawan kang paman kalih iku, kang ngungsi Basah Iman, datan pejah kang liya wus telas iku, Kangjeng Sultan nulya tedhak, mring salebet dhusun nuli.
134. Ing lengkong neng jawi nata, datan saged ningali bangke sami, SriNalendra lenggah sampun, Pangran Behi neng ngarsa, lan Ki Maja Basah kalih lawan sagung, Bupati andher ing ngarsa, kang samya tes menang jurit.
135. Ki Maja aris aturnya, Basah Iman ngaturken rayi aji, Pangran Suryawijayeku, lan kalih paman nata, Pangran Martasana Pangran Natabayeku, kang ponakawan satunggal, nenggih westa pun Salimin.
136. Kang lumajeng meksih gesang, namung gangsal pratelanipun sami, liya punika sinuhun, mapan pejah sadaya, SriNalendra mapan lajeng kinen dangu, mring Panran Suryawijaya, sapa kang lumayu urip.
137. Lawan mati kabeh sapa, Pangran Suryawijaya ris tur neki, ingkang lumajeng puniku, paman Sontawijaya, lawan paman

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

Purwakusuma puniku, kalih pan Welandi usar, satunggal pan rencang neki, inggih paman Murdaningrat, dene paman mapan sampun ngemasi, lawan Yang Panular iku, lan eyang Danupaya, paman Adiwinata lan malihipun, inggih paman Diwijaya, Bupati tiga ngemasi.

138. Keliwon kalih punika, ingkang kathah paman mantra, lawan pasisir sadarum, Ambon Welandi samya, Kangjeng Sultan nulya animbali iku, marah dolah Suryagama, nenggih Khaji Badarodin.
139. Kalawan sakancanira, mapan kinen nyaheni kang ngemasi, Kangjeng Sultan budhal sampun, saking lengkong pan nulya, SriNalendra mesanggrahan ing Kemusuh, ngasokhaken ingkang wadya, pitung dina winetawis.
140. Pan sampun pepak sadaya, pradipatya kang ler Ngayogja sami, lawan Bupati ing Kedhu, Kangjeng Sultan ngandika, mring kang paman Jeng Pangran Behi puniku, kalawan Kyahi Maja, man Maja ing karsa mami.
141. Padha sira parentahe, lor Ngayogja ingkang ingsun lilani, ngrehna pradipatyeku, iya Si Japenawang, lan aranne iya sun paringi iku, ki adipati Urawan, sedaya jumurung sami.
142. Dene Si Kertanagara, Canegara karo sun undur iki, mijiya bahe maring sun, sun lilani parentah, karo iku iya prajurit mung nyatus, Ki Maja matur sandika, Sang Nata ngandika malih.
143. Paran padha rembugira, apa sida bedhah terayem iki, dadi bali maning iku, sedaya tur sumongga, Kangjeng Pangran Ngabehi aris umatur, yen marengi SriNalendra, prayogi lajeng puniki.
144. Mawi mrerayem punika, ambataken tan wonten Jendral neki, mindhak lampah wongsal wangsul, tan wonten pedahira, nanging amung tinengga ing saradhadhu, inggih dinamel punapa, luhung nulungana sami.
145. Di dalem kidul sedaya, kajengipun tan samya atangi, prandenipun kang ler sampun, inggih tanga sedaya, Kangjeng Sultan mapan dhahar aturipun, lan samya rembag sadaya, mring ature Pangran Behi.
146. Sang Nata anulya budhal, sing kemusuh ingkang dadya pangarsi, Dipati Urawan iku, lawan sakancanira, sampun pulih wadyanira kang sinuhun, malah wewah kang tyasamya, wantu mentas angsal ati.
147. Kendel sadalu neng marga, pan kebekan sagung rahara sami, miwah ingkang dhusun dhusun, Pangeran Adisurya, lan Pangeran Sumanegara wus nusul, mila saya kathahira, mengkana Jeng Pangran Behi.

148. Ing dalu mapan utusan, Mas Tumenggung Mangundirja tinuding, kinen dhawahi puniku, mring Pangran Natapraja, yen Jeng Sultan ing mangke arsa tetulung, nanging miyos wetan Praga, Pangran Natapraja iki.
149. Mapan kinen angledheka, inggih saking sakilenhing Pragi, kang baris Mangir puniku, gya mangkat Mangunharja, sareng enjing Kanjeng Sultan budhal sampun, miyosing toya tumumpang, mengkana Jeng Pangran dipati.
150. Nusulan sawadyanira, tigang atus lan Raden Sindurjeki, lawan Kangjeng Sultan cundhuk, mengkana sampun prapta, ing Jipang Kanjeng Sultan sare sadalu, enjing Pangran Behi nulya, anata lampahing jurit.
151. Langkung prayitna ing baya, Pangran Dulrahman Arya Ngabehi, prajurit pinara telu, Ki Dipati Urawan, sakancanya mapan kinen medal lurung, tetindhih Pangran Dipatya, anjagenni mengsah kalih.
152. Ngayogya lan Raja Suma, bok manawa narombol amedali, ingkang medal tengah iku, Pangran Sumanegara, pan angirid prajurit kilen Yogjaku, kalawan ing Kedhu ika, tindhih Pangran Ngabdulrahim.
153. Basah Iman Basah Usman, tinindhihan dhateng Srinarapati, lan Suryagama puniku, mantri lebet Ki Maja, Pangran Behi medal iring iring gunung, sapa ingkang nemu karya, poma ajana preduli.
154. Mapan iya wus bubuhan, pan sandika sedaya atur neki, nulya tinengeran sampun, budhal saking Jipangan, maratiga mapan sami kathahipun, Kangjeng Sultan karsanira, ngingre ri beteng ing ardi.
155. Ing Slarong binitingan, mapan iya Mangkunagaran sami, aneng sanginggiling gunung, pan mangke wedi ika, Basah kalih kang kinen ngrangsang puniku, pinilih lawan Bulkiya, Kangjeng Sultan anjenengi.
156. Bulikiya kang medal ngarga, pan pinilih medal ngereng ereng sami, nulya den mariyem iku, nanging mungel ping tiga, saking dene samya rikat ajengipun, dadya mriyem wus kaliwat, nulya ngedrel senjata lit.
157. Langkung peteng kang sundawa, nanging sampun datan wonten mreduli, pinilih pan inggahipun, anurut yod oyodan, kang landheyan samya sinered puniku, pan kinempit godhenira, kang aneng jro biting sami.
158. Giris mulat tandangira, mring pinilih mengkana kang neng jawi, kang usar murtad sedarum, wus tempuh lan Bulkiya, langkung

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

rame sakedhap gya telas iku, kang gesang lumayu samya, mapan lajeng den tututi.

159. Dhateng Basah Iman samya, lawan dolah sekawan mapan nuli, pinedhangan nulya lampus, kekecer bangkenira, sagung murtad ingkang aneng beteng iku, mapan wus telas sadaya, ing ngamuk dhateng pinilih.
160. Angsal mariyem satunggal, sanjata lit kathah datan kawilis, kalawan kapal puniku, murtad tumpuk bangkenya, kang neng beteng Kangjeng Sultan lajeng sampun, kendel ing dhusun puluhan, ngentosi kang dereng prapti.
161. Lan ngasokhaken kang wadya, pan dinangu samya lujeng puniki, nanging satunggal kang tatu, mapan dat punapa, kang prajurit jajar sinilih puniku, mengkana anulya prapta, kang medal margi geng sami.
162. Kyahi Dipati Urawan, sakancanya lan Pangran Ngabdulrahim, lawan saprajuritipun, Kangjeng Pangran dipatya, mapan ngantun anjageni mengsah pungkur, menawa bantu prapta, punika kang den jagani.
163. Abaris aneng sumuran, sawadyanya liya punika sami, wus prapta ngarsa sang prabu, SriNalendra ngandika, mring kang paman Jeng Pangran Ngabehi iku, paman punapa punika, kidul datan lajeng jurit.
164. Pangran Ngabehi aturnya, pangentosi dawek kula kinen nitik, mengsah nenggih kabaripun, mara kalih barisnya, pan ing Mangir kalih lepen sat puniku, pundi kang ageng barisnya, kantenan wawrating jurit.
165. Tan pantara nulya prapta, kang ingutus westa Dhaheng Markincing, mengkana pan aturipun, ingkang ageng lepen Sat, sewu langkung kedhik pan antawisipun, tindhih Pangeran titiga, mariyemipun kakalih.
166. Manggir gangsal atus mapan, datan mawi Pangeran tindhih neki, mariyem satunggal iku, Pangran Ngabehi nebda, nantun marang Seh Usman Ali Basah iku, mengkana ingaturira, inggih kalamun marengi.
167. Pan sampun tanggel punika, wektu luhur sahe Salat rumiyin, kalih samya kajengipun, angsal aso sakedhap, Pangran Behi sampun nurut aturipun, mring Seh Usman Ali Basah, pan sampun tinata sami.
168. Nenggih Pangran Adisurya, binebahan nyabet kang baris Mangir, kalawan sawadyanipun, kilen Yogja sadaya, sampun sagah Ki Urawan lawan sagung, sakancanipun sadaya, prajurit lor Yogja iki.

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

169. Kinen nyabething lepen Sat, Basah kalih kang tinuding nindhihi, Bulkiya pinilih iku, lan prajurit Suraya, mantra jero lan Suryagama puniku, Pangran Behi Kyahi Maja, mapan tengga Sri Bupati.
170. Sampun dados rembagira, lajeng bubar aSalat luhur sami, sareng sampun bakda iku, lajeng nembang tengara, nulya tata sagung prajurit sedarum, ingkang tyas samya gumbira, wantu mentas angsal hati.
171. Sampun mangkat malih nulya, Pangran Adisurya minggah mring Mangir, kalawan sawadyanipun, Ki Dipati Urawan, mring lepen Sat kalawan sakancanipun, tindhih Iman Ali Basah, lan Usman Li Basah iki.
172. Mapan sampun prejanjeyan, aja ana tulung tinulung sami, amrih santosaning pupuh, pan wis padha timbangnya, malah ngroba sadaya pan sampun saguh, ing lepen Sat sampun prapta, lagya jeng ajengan jurit.
173. Ing Mangir wus campuh yuda, langkung rame mapan swaraning bedhil, bareng lan mariyemhipun, Jeng Pangran Adisurya, pan kabereg prajuritira wus mawur, sabab penganjuring aprang, Ki Surajenggala kanin.
174. Kenging mriyem dhadhanira, ing tan pasah ki Tumenggu tan eling, kontal binekta lumayu, dhumateng kancanira, kawarna anenggih wonten mantra sepuh, westa Mas Prabaleksana, nyander matur Sri Bupati.
175. Sinuhun rayi paduka, mapan sampun kabereg jurit neki, Kangjeng Sultan lajeng nantun, wahu dhateng kang paman, lan Ki Maja mengkana kalih turipun, kados pundi yen ngantosa, nimbali wadya kang sami.
176. Ngajengken mengsah lepen Sat, kados mindhak kere, tyasipun sami, pan sampun bebahipun, ing wahu panjanjeyan, datan kenging punika tulung tinulung, yen pareng karsa Nelendra, mapan minangsulken malih.
177. Kangjeng Sultan esmu duga, mring kang paman lawan Ki Maja iki, tan ngandika malih iku, lajeng nitih turongga, Ki Wijayaca paman lajeng mamprung, ingkang sareng lan Sang Nata, ing Menggung Puthutlaweki.
178. Lan Rongga Puthutguritna, Raden Jayanegara anututi, nyanderhaken kudanipun, pun Jagul westanira, Kangjeng Sultan asru angandika iku, heh sira Jayanagara, dudu anak jalmi.
179. Den Menggung Jayanagara, sareng mirsa timbalane Nerpati, lajeng narik pedhangipun, nander wus munggeng ngarsa, mapan

lawan Tumenggung Puthutlaweku, lan Rongga Puthutguritna, kang munggeng ngarsa Nrepati.

180. Satunggal kang rayi ika, Pangran Suryawijaya kang nututi, prapta Mangir lajeng campuh, kinarutug senjata, lan mariyem anging mungel kaping telu, Jayaca papan tan kena, ing ngampah anulya prapti.
181. Marang gen mariyem ika, setabelnya sadaya pan wus mati, winahosan mring puniku, Den Menggung Puthutlawa, lawan Rongga Puthutguritna puniku, mariyem binekta ngiwa, dhumateng Jeng Sultan nuli.
182. Kawarnaha Basah Iman, mirsa warta yen Jeng Sultan nyalirani, lajeng supe wadyanipun, pan tinilar sadaya, nanging kalih dolah kang dherek puniku, busonge Prawiradirja, tiga lajeng ngamuk sami.
183. Aneng saluhuring kuda, ngagem pedhang lan Jayanegareki, Puthutlawa ngagem lawung, lawan Puthutguritna, mapan nenem langkung liwung tandangipun, wus supe ing subasita, kapir murtad kathah mati.
184. Kang ngarsa wingking apanggih, mapan langkung kapir pangedrel neki, pinilih suraya iku, nututi pan wus prapta, lajeng ngamuk nusul kukus sendaweku, mengkana Usman Li Basah, mapan lajeng prapta sami.
185. Lawan prajurit Bulkiya, sareng ngamuk Ki Urawan nututi, budhalan sakancanipun, ing lepen satinilar, mantra jero Suryagama sareng ngamuk, rempek nusup kukus samya, Ki Maja lan Pangran Behi.
186. Pan sampun prapta sadaya, kapir murtad gangsal atus sirnanting, ingkang bangke mapan tumpuk, aneng ing ara ara, ingkang wonten satunggal kalih lumayu, pinejahan mring wong desa, mengkana sesambat neki.
187. Dene wingi sira padha, sun kon ngarit lawan ngiseni kendhi, ana nganam widhig iku, sira nora suwala, bok den aling warna warna sambatipun, wong desa samya sahurnya, iya wingi aku widi.
188. Gustiningsun during prapta, pan ing mengka ingsun wus nora wedi, mapan samya lajeng menthung, dadya telas sadaya, gangsal atus satumpes datan wonten kantun, mapan wus karsaning sukma, Islam mapan lujeng sami.
189. Pan nanging tatu satunggal, ponakawanira para dipati, nanging tan punapa iku, pan kasremped kewala, dening pelor Kangjeng Sultan sampun rawuh, mariyem kinen nyemplungna, ing sumur lajeng ningali.

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

190. Belasah bangkening murtad, ngara ara mapan kebekan sami, pan kumembeng waspanisun, Kangjeng Sultan tumingal, lajeng marang pijenan ngiring wadya gung, sedya ngasokaken samya, gung wadya neng dhusun iki.
191. Pinililih lawan Bulkiya, pan sadinten ayuda kaping kalih, dadya sanget sayahipun, mengkana kang winarna, kapir murtad kang baris lepen Sat iku, mapan wus miharsa warta, yen tumpes kang baris mangir.
192. Lawan ing Selarong ika, ingkang beteng mapan wus bedhah iki, lawan tumpes kancanipun, dadya tanbuh solahnya, lajeng bodhol nekad medal ing marga gung, pan samya lumajeng ika, samarga lawan mriyemi.
193. Kalawan kinodhol ika, mring Pangeran Natapraja punika, kalawan sakancanipun, Bupati wetan Yogja, kidul Yogja pan sami ngadol sedarum, dadya prang samarga marga, ing tan saged ruket ika.
194. Nanging bedhilan kewala, pan kekeser bangke murtad rut margi, Jeng Sultan ningali iku, neng pinggir padhusunan, lawan sagung ingkang prajurit sedarum, arsa malih binenjelna, ing menggah tyasnya nerpati.
195. Dinugi sanget sayahnya, angandika lawan mesem sang aji, heh Basah Ngusman puniku, pedhoten mungsuh ika, nanging sira dhewe aja gawa batur, dimon rame Natapraja, pan ingsun ayun udani.
196. Olehe campuhing yuda, yen bedhilan mapan nora ngundhili, oleha sepira iku, Basah Ngusman aturnya, lan gumuyu punapa diken lampus, wong siji kinen nyegat, mring kapir sewu neng margi.
197. Pan lajeng gumujeng samya, SriNalendra ingkang paman tinuding, kinen tumut ngodhol iku, mring Pangran Natapraja, Pangran Arya Ngabehi wus lengser iku, kalawan sawadyanira, Jagasura kawan neki.
198. Mengkana wus tan winarna, Kangjeng Sultan mapan nyare sawengi, neng dhusun pijenan iku, enjing anulya budhal, mapan lajeng mesanggrahan puneku, pan sedya ngasoken wadya, Pangeran Ngabehi prapti.
199. Lajeng matur mring Nalendra, Pangran Natapraja wus kinen baris, neng Bantul sakancanipun, ngiras dados pecalang, lan binanton tumenggung jawi nateku, lan Raden Sumadiningrat, mengkana ingkang winarni.
200. Kapir kang baris ing waja, lawan Jeksa samya miharsa warti, yen lepen Sat dhadhal sampun, Mangir Slarong tumpesan, dadya giris

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

sadaya kang manah iku, lawan dalu sri nginggahan, marang Basah Ngabdullatip.

201. Lan Pagelen Basah tiga, lan ing Jeksa mapan mengkono maning, asring rinesahan iku, marang Tumenggung tiga, Mangkuyuda lawan Wiryanegareku, Tumenggung Cakranagara, dadya saprang dhadhal neki, waja Pangran Sumayuda, marang Kedhu nenggih undurireki, kinodhol Pagelen sagung, Jeksa Jendral punika, Pagen mundur dhumateng Ngayogja iku, kinodhol tumenggung tiga, ngarsa Kusumawinarna.
202. Pangeran Mangkunagara, saprang prapta kang putra wayah sami, saking lepen Sad kabujung, lawan atur wuninga, yen kang baris Slarong Mangir sedarum, mapan sampun tumpes samya, pejah tan katun sawiji.
203. Dadya giris manahira, Pangran Mangkunagara bodhol nuli, saking Arjakusumeku, lan putra wayahira, sampun prapta Ngayogja Pangran cundhuk, lawan Jendral Dhekok samya, tinanya tan saged angling.
204. Tan pantara praptanira, Jendral Pagen lawan sahupsir neki, saking Jaksa pan kabujung, nulya anatur surat, saking Kedhu yen Pangran Sumayudeku, pan kabujung saking waja, mring wadya Pagelen sami.
205. Jendral Dhedhokak langkung kurda, Jendral Pagen ingkang den sarengeni, nuli atetanya iku, mring Pangran Mangkunagara, pan ing mengko Sultan neng ngendi genipun, Pangeran Mangkunagara, aris denira nahuri.
206. Kabar ana inglipun, ngingsiha Natapraja abaris, mapan ana Bantul iku, pecalang Karangnongka, Jendral Dhekok mapan asru denya muwus, heh Pagen langgaren nulya, mangkata sawengi iki.
207. Lan Pangran Mangkunagara, wong Ngayogja miluwa kabeh iki, iya sahanane iku, mangkana nulya dandan, pan sedalu datan ana wong kang turu, sareng pukul lima mangkat, saking ing Ngayogja sami.
208. Jendral Pagen pangiridnya, langkung ageng nenggih dedamel neki, prapta Karangnongka iku, pukul pitu wetara, ingkang baris ing Karangnongka tinempuh, raja niti tan kuwawa, nulya lumajeng tur uning.
209. Mring Pangeran Natapraja, nulya tata sedya amethuk jurit.
210. Lawan tur uninga iku, dhumateng ing Lipura, tanpantara mengsah pan katingal iku, usar kang dadya pengarsa, lajeng campuh ing ajurit.

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

211. Tinindhihan pradipatya, tan kuwawa usar pan lajeng ngungsi, dhumateng pelangkiripun, nulya ngedrel prasamya, pan sinareng kalawan mariyemipun, pradipati tan kuwawa, lan Pangran Nataprajeki.
212. Nulya ngaturi uninga, lamun sampun tan kuwawi nadhahi, nulya Basah kalih iku, tinuding nadhahana, sampun budhal Suraya Bulkiya iku, pinilih prapta sumuran, kapethuk campuhing jurit.
213. Kelangkung ramening yuda, swaranira mariyem sanjata lit, Kangjeng Sultan budhal sampun, saking dhusun Lipura, tun tumingal dhumateng kang prerang pupuh, prapta ing dhusun Sumuran, Bulkiya lawan pinilih.
214. Suraya kasesel ing prang, Kangjeng Sultan putusan kinen sami, majeng malih aturipun, nuwun aso sakedhap, langkung sayah sedaya pan aturipun, SriNalendra angandika, dhateng Kangjeng Pangran Behi.
215. Paman paran kang prayoga, ingkang kinen anadhahi ing jurit, Pangran Behi aturipun, putu Pangran dipatya, pan punika sawadya dereng prang pupuh, Kangjeng Sultan angandika, paman sampeyan dhawahi.
216. Mangke neng pundi enggenya, pan punika ingkang baris neng wingking, Pangran Behi nander sampun, saking ngarsa Nalendra, sampun panggih lan Jeng Pangran dipatyeku, mengkana wus dhinawuhan, Kangjeng Pangeran dipati.
217. Lajeng mangkat sawadyanya, prapta sampun campuh ingkang ajurit, rame malih senyjateku, mesem jeng Sultan nebda, paman Behi yen wayah sampeyan purun, mapan kenging piniharsa, mengkana Jeng Pangran Behi.
218. Tumingal iring ing arga, yen kang wayah inggih Pangran dipati, wus aneng ngiring ing gunung, lan Pangeran Natapraja, sawadyanya Pangeran Ngebehi matur, punika putra Nalendra, lawan pun Nataprajeki.
219. Sampun minggah dhateng arga, Kangjeng Sultan mapan sareng ningali, dhumateng kang putra iku, lingsem dhateng kang paman, Ki Wijayaca pagya kinetab ikuk, lajeng ngawal Jayacapa, arsa nyalirani jurit.
220. Mantri jero Suragama, mapan lajeng samya angrumiyini, Basah Iman sareng dulu, kalawan Basah Ngusman, yen Sang Nata arsa nyalirani pupuh, dadya sareng ajengira, Bulkiya lawan pinilih.
221. Suraya gumregut samya, sedangunya mapan ingkang ngawali, mring yudane kapir iku, Raden Riya Sindurja, nanging muwer

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

kewala neng lebet dhusun, marma kapir tan uninga, ingkang ngawali kedhik.

222. Tinarka kathah kewala, marma menggahing tyas murtad lan kapir, dhasar misih mambu ilu, mengkana sareng mulat, mring Bulkiya pinilih pan sareng maju, lan sagung wadya sedaya, gumuruh tabuhan muni.
223. Saking kidul wetan ika, lawan kilen pan sareng ajeng neki, kapir ngedrel mriyem iku, mapan wus tan linegewa, Jendral Pagen misih sanget kawusipun, miyat Islam ajengira, rempeg wus tan ajrih bedhil.
224. Adat Islam yen mengkana, nora wurung tumpes kabeh wong kapir, Jendral Pagen nulya mundur, kapir murtad sadaya, gegancangan mapan sareng ajengipun, binereg mring wadya Islam, Kangjeng Sultan kang jenengi.
225. Kapir murtad mogok kontal, pan samarga mengkana jurit neki, Islam lamun lekas purun, tan kena sinawawa, kapir murtad tan kelar nadhahi iku, pelornya wus tanpa karya, mring tan miyatani.
226. Kapir murtad bangkenira, pan kekecer nenggih samargi margi, Kangjeng Sultan kendel sampun, aneng dhusun Keringan, pan ngentosi prajurit kang meksih bujung, sareng sampun samya prapta, umatur Pangran Ngabehi.
227. Yen marengi SriNalendra sahe lajeng mesanggrahan Pendhawi, Kangjeng Sultan sampun nurut, mesanggrahan Pendhawa, sampun pepak, sagung kang wadya kusweku, nanging Jeng Pangran dipatya, jrih lingsem mring Sri Bupati.
228. Wangsul mring sakilen Proga, lan kang paman Pangran Suryengnglageki, mengkana wus tan cinatur, kawarna ing pandhawa, Pangran Behi mapan kinen nata sagung, Kangjeng Sultan karsanira, lajeng dhateng Sambiradin.
229. Pepak sagung kang santana, myang pratiwa Pangran Nataprajeki, tinantun pan meksih purun, dadya pangirid ing prang, Kangjeng Sultan mapan arsa tedhak kulup, iya marang Sambirata, sira den angati ati.
230. Barisa ing Prerambanan, lan Bupati sawetan Ngayogjeki, lan ingsun bantoni kulup, iya Sumadiningrat, jawi Nataraja niti wus ta kulup, sira dhingin amangkata, ing poma den ngati ati.
231. Tumenggung Surareja, Ranupati barisa nyamplung iki, sandika samya turhipun, Pangeran Natapraja, nulya budhal saking Pendhawa myang sagung, Pangran Ngabehi ngandika, mring Pangeran Ngabdulrahim.

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

232. Anak mas karsa Nalendra, jeng ngandika kinen tengga ing wingking, lan sagung niyaka iku, ingkang sakilen Yogja, nanging putu Sumanegara puniku, kalawan saprajuritnya, kang kalilan dherek iki.
233. Ing wingking mongsa bodhoha, pan sedaya katempahan mas sami, mapan ing pangreksanipun, Jeng Pangran Adisurya, Ngabdulrahim sandika pan aturipun, Kangjeng Sultan lajeng budhal, saking Pandhawa puniki.
234. Prajurit pinaratiga, lampahira tan tunggil marga sami, Dipati Urawan iku, lawan sakancanira, Raden Jayanagara sakancanipun, saking prayitna ing baya, Kangjeng Pangeran Ngabehi.
235. Kang tunggil margi Nalendra, Basah kalih lan Pangran Sumanegari, samarga tabuhan umyung, kapir murtad pan lagya, sanget kendhak tan winarna marga rawuh, Kangjeng Sultan sambirata, lajeng mesanggrahan aji.
236. Mas Tumenggung Sutayuda, tur uninga dhateng Pangran Ngabehi, ing kejawin baris agung, mekewedi punika, wonten wingking saking ngriki prenahipun, Kangjeng Pangran nulya matah, dhumateng ki adipati.
237. Urawan sakancanira, ingkang ngirid Mas Tumenggung pengarsi, Sutayuda mapan sampun, Pangran ngandika heh Urawan, yen anasihing Hyang Ngagung, sira banjur abarisa, kejawen denngati ati.
238. Kalawan sakancanira, Ki Urawan sandika atur neki, gya nembang tengara umyung, sampun budhal sadaya, saking Sambirata lan sakancanipun, sampun prapta ing Kejiwan, kang baris Kejiwan sami.
239. Sareng ningali kewala, pan tinarka Kangjeng Sultan nindaki, pan lumayu rebut dhuwung, wadya Mangkunagaran, langkung sanget wahu denira anawus, pan lajeng binujung samya, Kejiwan wus den enggeni.
240. Marang Dipati Urawan, sakancanya lawan atur upeksi, mring Pangran Behi wus katur, dhumateng SriNalendra, kawarnaha Pangran Nataprajeku, ingkang baris Prerambanan, lawan sagung pradipati.
241. Mengkana ing inggahan, langkung rame swaranipun, sanjata lit kalawan, mriyem barung kadya kabrereg puniku, Kangjeng Sultan angandika, mring kang paman Pangran Behi.
242. Kalawan Kiyahi Maja, mapan samya wahu kinen nulungi, lawan Bupati sedarum, kang munggeng ngarsa nata, Pangran Behi lan

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

Basah kalih umatur, nanging panuwun kawula, paduka kendel neng ngriki.

243. Sampun ngantos tumut yuda, yen kawula dereng atur udani, gih paman gya tengareku, sampun budhal sadaya, Pangran Behi Ki Maja titindhihipun, Kangjeng Sultan ing tinengga, Dolah Khaji Badarrodin.
244. Lawan Dolah Puthutlawa, sakancanya mengkana Pangran Behi, lawan mengsah wus kapethuk, nanging sanget kagetnya, dereng ngantos tatapan kapethuk iku, dadya kang prajurit samya lajeng bubrah tata neki.
245. Pan nanging Kertanagara, lawan Jayanagara kang ngawali, mengkana Jeng Sultan iku, tan eca ing tyasira, nulya mundhut titiyan pan sampun katur, nenggih Ki Wijayacapa, mapan ngawal lampah neki.
246. Kang wadya kantun sadaya, Puthutlawa lan Khaji Bandarodin, kalawan sakancanipun, samya nututi ika, Kangjeng Sultan ingkang dherek anging telu, Pangeran Suryawijaya, lan Den Riya Sindurjeki.
247. Lan Den Menggung Cakradirja, usar samya bebujung kang prajurit, mengkana sampun kepangguh, usar lawan Jeng Sultan, Ki Wijayacapa pan nerajang purun, usar sanget kagetira, gung usar lumajeng gendering.
248. Saking sanget panasira, lan baledug marma datan kaheksi, lamun Kangjeng Sultan iku, kang dherek anging tiga, pan tinerka prajurit sadaya wangsul, dhasar meksih kawusira, sagung murtad lawan kapir.
249. Samya supe pelajengnya, sagung usar tunjang tinunjang sami, kathah tiba pejah iku, keles samya kanycanya, ingkang rontek gangsal welas ingkang runtuh, mengkana anulya ana, usar kidul nulungi.
250. Mapan satus winetara, pan wespa soyen Jeng Sultan pribadi, ingkang nyalirani pupuh, kang dherek nanging tiga, usar nyander lawan samya ngedrel bestul, Kangjeng Sultan wus kabetah, Ki Wijayacapa nuli.
251. Malumpat ing pagerjaran, pinggir lepen wus kalumpatan sami, usar samya menggah iku, tan saged nututana, dadya samya sapih kasaputing dalu, Kangjeng Sultan mapan nulya, kondur mesanggrahan malih, Pangran Ngabehi wus prapta, lan Ki Maja tenapi Basah kalih, myang sagung pradipatya gung, Pangeran Natapraja, sampun prapta nulya dhinawuhan iku, kinon wangsul barisira, marang Prerambanan malih.

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

252. Nging den ngati ati sira, aja kaya kang wus kelakon iki, kulup den prayitneng kewuh, Kangjeng Sultan pan arsa, laju tedhak marang ing Kajiwan iku, wus kulup mara dhingina, sandika gya budhal nuli.
253. Nenggih Pangran Natapraja, sakancanya mring Prerambanan malih, enjing Kangjeng Sultan sampun, budhal sawadya kuswa, saking Sambirata mring Kejiwan rawuh, mapan lajeng mesanggrahan, ing dhusun Kuwanen iki.
254. Nulya Pangran Pakuningrat, nusul lawan sasedherek ireki, lawan tur uninga iku, kelamun ingkang raka, Pangran Mangkudiningrat wus balik iku, mapan dhumateng Magelang, enengna ingkang winarni.
255. Laknat kapir lawan murtad, anututi mring Jeng Sultan wus prapti, ing Kejiwan lampahipun, pan nuju wektu ngarsa, Kangjeng Sultan mapan lagya Salat iku, lan sagung wadya sedaya, mapan lajeng den mriyemi.
256. Ingkang pelor sami dhawah, kiwa tengenira Jeng Sultan sami, sareng sampun bakda sagung, ingkang Salat sadaya, Kangjeng Sultan nulya aparentah iku, wahu dhumateng kang paman, Kangjeng Pangeran Ngabehi.
257. Mapan kinen methuk yuda, lan Maja gya nembang tengara glis, wus tata gya mangkat iku, Ki Dipati Urawan, sakancannya pan minger mangilen sampun, Basah iman tindhihira, suraya lawan pinilih.
258. Den Menggung Jayanegara, Canegara Kartanagara sami, mapan minger medal kidul, lawan sakancanira, Basah Ngusman ingkang dadi tindhihipun, lan sagung wadya Bulkiya, ingkang dadya dhadha iki.
259. Rahaden Arya Sindurja, lan Pangeran Sumanagara sami, Pangran Pakuningrat iku, lawan sasedhereknya, kang nindhihi jeng Pangran Ngabehi iku, kalawan Kyahi Maja, sampun campuhing Ajurit.
260. Mapan sareng praptanira, ingkang medal kilen lan wetan sami, kang ler raden riya hiku, ingkang minongka dhadha, lan nata kapir lan murtad muwer neng dhusun, kelangkung denira panggah, dhasar samya kathah neki.
261. Pan wus tan ana kuciwa, datan purun ingkang majeng pan sami, kalih samya menggahipun, lan nata kapir lan Islam, ngantos dangu pan nanging senjatan iku, Ki Maja atur uninga, dhumateng Srinarapati.
262. Yen ing yuda tanpa wekas, mapan aming samya senjatan iki, Kangjeng Sultan nulya bendu, nitih Wijayacapa, anang baya

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

mantra lebet munggeng ngayun, lan prajurit Suryagama, Basah kalih aningali.

263. Kalamun Srinaranata, mapan arsa nyalirani ing jurit, myang sagung pradipatyeku, dadya sareng ajengnya, rempek majeng sareng lan prajuritipun, lan nata kapir langkung panggah, lan murtad pangedrel neki.
264. Tinundhalan mariyemnya, sagung murtad ing Mandura puniki, ingkang ngampingi sedarum, mapan tigang gander, marmahe cagung laknat pangedrelipun, langkung peteng kukusira, wadya Islam pan sami.
265. Nusup kukusing sedawa, Basah lawan sagung kang pradipati, pan wus datan sedya mundur, tinindhihan sagung nata, Ki Wijayacapa wus tan kena iku, ing ngampah lan ginendholan, marang gamel kalih sisih.
266. Nanging Ki Wajayacapa, nora kena gamel pan kontal sami, dhawah tebih mapan sampun, nenggih Ki Jayacapa, pan panggenan mariyem ingkang jinujug, seta belira Welonda, kalawan ingkang ngampingi.
267. Pen Welonda Salawe pejah, sampun telas pejah dipun tumbaki, mariyem pan kenging sampun, tiga alit punika, ingkang kathah lan nata kapir sampun mawut, tinindhihan pradipatya, ing kedhik kang mundur urip.
268. Wong murtad Mendura kathah, ingkang pejah genderanira kenging, mapan tiga pisan iku, tumpuk kapir bangkenya, lawan murtad ana kang kekecer iku, mapan sagen enggenira, laknat murtad bangke neki.
269. Nenggih Ki Wijayacapa, kang teracak sekawan gupak getih, lajeng kasaputing dalu, kapir ingkang lumajar, lawan murtad nanging kantun kedhik iku, ngungsi beteng ing kalasan, wong Islam kang bujung sami.
270. Mapan wus wangsul sadaya, Kangjeng Sultan kendel aSalat Mahrib, aneng ara ara iku, lan sawadya sadaya, sampun bakda SriNalendra lajeng dangu, apa na kang Sabilolah, Ki Urawan atur neki.
271. Konca kawula satunggal, mapan rongga ingkang westa Seh Idris, lan mantra lebet puniku, westa Seh Jayaniman, ponakawan Mas Saripin westanipun, kang ngampil Seh Jagaswara, sakawan kalajeng sami.
272. Panenggih pengamukira, dados nunggal nenggih bangkene kapir, mapan nulya kinen mundhut, sinahenan sadaya, kang mariyem

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

samya kinen mendhem iku, nulya kondur mesanggrahan, mring kuwanen Sri Bupati.

273. Enjang Pangran Natapraja, ngaturaken bebandan murtad sami, kawan dasa kathahipun, Mandura Bugis ika, lan Sepehi ingkang pisah kancanipun, lajeng kinen nguculan, megattruh ingkang gumanti.

PUPUH XXVI
M E G A T R U H

1. Kawarnaha wahu ta ingkang anusul, tuwan Sarip Samparwadi, kang kinen tengga jeng ratu, kadhaton pan sampun prapti, lawan Den Martalayeku.
2. Sakancanya Mandhung lan Suranateku, wus prapta ngarsa nrepati, tuwan atur Salamipun, den menggung ngusweng pada ji, Sang Nata kang tyas sumedhot.
3. Lajeng enget mring kang rayi Kangjeng Ratu, Kedhaton mesem tanya ris, paran Sarip ing wartamu, ingsun dhingin pan meh bali, paman Ngabehi kang kukoh.
4. Bawutake ngantep prang wetan prageku, marmane kalakon iki, yen nuruta ing tyas ingsun, mapan meh kaliru yekti, bareng mulat geni agung.
5. Kaya uga kutha Giri geni iku, tuwan Sarip atur bekti, mila punika sahestu, kinepang pun kitha Giri, murtad lan kapir sedarum.
6. Kang den angkah rayi dalem Kangjeng ratu, mapan inggih wreti neki, ingkang gadhah rembag tuhu, Pangran Adiwinateki, mring Jendral Pagen cariyos.
7. Paduka ji lamun kenging Kangjeng ratu, sampun tantu lamun gampil, marmannya lajeng kinepung, nenggih ardi kitha Giri, kemput tan kenging merojol.
8. Kangjeng Panembahan mapan ngantos muhun, ngaturi enggal lumaris, mengsah pan katingal sampun, surak lawan ngedrel sami, malah kendel rayi katong, eca lawan aris pangandikanipun, kyahi kesah mring pundi, rumiyin kawula sampun, nuhun mring rabil ngalamin, tan ayun ginepok ing wong.
9. Lanang liya putra paduka satuhu, punika malih wong kapir, len sageda celak iku, kawula pan ngandel yekti, inggih dhumateng Hyang Manon.
10. Lawan putra sampeyan sahestonipun, kalamun tan jayeng jurit, luhung kawula rumuhun, mantuk mring Rahmatolahi, nulya kapir bereg purun.

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

11. Lawan murtad kados sampun pirsa tuhu, lamun rayi dalem yekti, antawis suka kelangkung, kados wonten ingkang warti, dinugi datan merojol.
12. Lawan Kangjeng Panembahan sampun tamtu, kecakup pengrahos neki, rayi dalem Kangjeng ratu, mapan sanget den aturi, nyimpang saking margi sampun.
13. Llajeng nurut manyjing wona Kangjeng ratu, ing tan tebih saking margi, kados marmaning Hyang Agung, kapir murtad kang nututi, sadaya pan datan anon.
14. Ingkang wona ing osak asik sedarum, pan lawan den senjatani, kados kaku manahipun, ngulati datan kepanggih, nulya gung wona ing obong.
15. Panembahan kawulatoma dik deku, mapan sampun nyipta sabil, ing rayi dalem jeng ratu, tan montra susahing galih, pan eca lenggah kimawon.
16. Sampun telas wona kiwa tengenipun, sedaya pan kabesemi, pan anging kedhik puniku, kawula datan andugi, kahelokan ing Hyang Manon.
17. Datan pasha marma broma langkung agung, pesanggrahan kitha Giri, pan wetah sadayanipun, sareng tita tan kepanggih, kapir murtad lajeng bodhol.
18. Kangjeng Sultan atanya ing mengko iku, sakeh repot ana ngendi, apa meksih manggen iku, ana kutha Giri maning tuwan sarip matur alon.
19. Mapan ngalih dhateng prejasa sedarum, sabab sampun tan kuwatir, mengsah sampun telas iku, kalawan Pagelen sami, Basah tiga sampun mantuk.
20. Apa nora nana cicir repot iku, tuwan Sarip atur neki, nanging nini dalem iku, nyahi Jawinata kengin, binekta mring Yogja sampun.
21. Kangjeng Sultan nulya angandika iku, mring kang paman Pangran Behi, man Behi sampeyan mantuk, rumiyin kula wangeni, pitung dina lan sireku.
22. Pakuningrat lawan kabeh sadulurmu, wus padha meluwa mulih, anggenten ana sireku, mring Mangkudiningrat iki, poma aja owah mangko.
23. Pangran Pakuningrat sandika turipun, Jeng Sultan ngandika malih, paman Behi lamun sampun, kilen kedhik watir neki, kalamun sampeyan wangsul.
24. Basah Ngabdullatip saprajuritipun, sampeyan bekta mariki, sandika Pangran turipun, wus lengser Pangran Ngabehi, saking ngarsanya sang katong, lawan Pangran Pakuningrat datan kantun,

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

budhalan sedherek neki, saking nuwanen sadarum, mengkana tan wus winarni, sagung kapir murtad mangko.

25. Mapan langkung samya telas manahipun, nanging kantun jahil neki, saben senapati iku, samya tinibanan tulis, ing ebang ing icuk icuk.
26. Jendral Dhekok Pagen wus aneng Saleku, Ngayogja mapan wus sepi, kapir murtad pan ngalumpuk, sadaya neng Sala sami, ingkang baris pinartelu.
27. Singasari ing nglungge lawan Delanggu, tan purun majenga malih, dhumateng Kuwanen iku, mapan sanget kawus neki, wong pajang prapta sedarum.
28. Samya sohan dhumateng Kuwanen iku, nulya Kangjeng Sri Bupati, anuding Ki Maja iku, kinen gitik sagung baris, anulya wakil kimawon.
29. Kyahi Maja tan purun tebih sang prabu, wakil Ki Kasan Besari, kalawan prajuritipun, bar Jumungah mapan sami, angirid pajang sedarum.
30. Kangjeng Sultan mapan amaringi bantu, Urawan sakoncaneki, gya nembang tengara gumruh, budhal sagung kang tinuding, saking Kuwanen sadarum.
31. Tan winarna marga lunge prapta sampun, mapan datan ngantos jurit, sareng katingal puniku, dedamel ageng kang prapti, tinerka Bulkiya iku.
32. Kapir murtad lagya sanget kawusipun, tan ngetang dandan sami, lumayu arebut dhuwung, mariyem tiga kang keri, sampun katur mring sang katong.
33. Lajeng kinen anggitik ing Singasantun, budhal saking lunge sami, minggah dhateng Singasantun, mengkana ingkang abaris, Singasari tindhihipun.
34. Mapan Inggris setewer sareng andulu, dhumateng gaman Mentawis, langkung ageng nerka iku, Kangjeng Sultan kang nindaki, tan kawarna ing pupoh.
35. Pan lumajeng datan ngetang donyanipun, mariyem nenem kang kari, dadya sadaya pan ngumpul, mring Delanggu dadya siji, pan samya sedya rerempon.
36. Sagung putra sentana Surakarta ku, prajurit lawan Bupati, Welonda pan sampun kumpul, aneng Delanggu abaris, Welonda pan sampun kumpul, aneng Delanggu abaris, ing sedya tadhah rerempon.

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

37. Mapan rakit boring lan mariyem sampun, kalih welas mriyem neki, dedamel sadayanipun, kumpulnya murtad lan kapir, wolung ewu cacah kang wong.
38. Tan kuwawi sagung wadya kang rumuhun, dadya kendel samya baris, ing ajeng ajengan sampun, Kasan Besari tur uninga, lawan Ki Urawan mangko.
39. Lan ngaturken bandhangan mariyem sagung, Kyahi Maja angaturi, mring Kangjeng Sultan pan laju, tan arsa Srinatapati, ngentosi kang paman mangko.
40. Kangjeng Pangran Ngabehi sarawuhipun, Kangjeng Sultan pan sayekti, kalamun tanana iku, kang paman Pangeran Behi, ingkang tyas kelangkung rikoh.
41. Datan saged werti kelaken prang pupuh, saliyanya Pangran Behi, dene Ki Maja puniku, tan kenging tinari kardi, kalamun katingal mungsoh.
42. Yen tan ana kewala sanget tekabur, marma Kangjeng Sri Bupati, mapan esmu gela tuhu, mring Ki Maja ingkang galih, langkung ngajrih mring Hyang Manon.
43. Wektu iku Ki Maja asring sinendhu, dhumateng Srinarapati, dene kathahen tekabur, nanging kathah kang tan nyekti, ajrih sakedhap kemawon.
44. Saking kathah ingkang dadya sukanipun, mengkana wus tan winarni, Pangran Behi sampun rawuh, ngirid Basah Ngabdullatip, lawan saprajuritipun.
45. Lajeng atur Salam mring Kangjeng sang prabu, Basah ngusweng pada aji, ri wus Pangran Behi matur, niskara wus katur sami, Jeng Sultan sokur Hyang Manon.
46. Ri sawusnya Kangjeng Sultan nulya nantun, mring kang paman Pangran Behi, lan sampun pinaring weruh, sabarang pratingkah sami, Pangran Behi matur alon.
47. Lamun pareng lan karsa Kangjeng sang prabu, di dalem Basah satunggil, pun Ngabdullatip sinuhun, lawan saprajuritneki, sewu pinaringna bantu.
48. Inggih dhateng pun Natapraja puniku, di dalem Bupati katri, sakidul Ngayogja iku, nglempak wonten ngarsaji, dados beten ceweng sampun.
49. Kalih Basah Ngabdullatip mapan sampun, pirsa pakewet pan sami, sawetan margi geng iku, Kangjeng Sultan wus marengi, gya kinen dhawahken mangko.

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

50. Basah lawan Pangran Natapraja sampun, kinen lajeng baris baki, lan angradina puniku, sawetan margi geng sami, sandika Basah turipun.
51. Lajeng budhal Basah lan prajuritipun, saking Kuwanen wus prapti, ing Prambanan sampun pangguh, lan Pangran Nataprajeki, lajeng dhinawuhken mangko.
52. Ing sebarang karsanya Kangjeng sinuhun, Pangran langkung sukaneki, binantonan Basah iku, pan sewu prajuritneki, Bupati katri wus laju.
53. Sareng lawan gandhek lampahipun, Den Menggung Sumadiningratti, lan Raden Jawinateku, tiga kyahi raja niti, kawarna Kangjeng sang katong.
54. Mapan budhal saking Kuwanen sang prabu, lawan sawadya kusweki, ing kendaren sampun rawuh, lajeng mesanggrahan aji, Pangran Behi matah sampun.
55. Ingkang kinen rumeksa pakewed pungkur, Raden Riya Sindurjeki, baris dasa sela iku, kelawan Tumenggung Bumi, Mas Sutayuda Kejambon.
56. Pangran Natapraja lan sakancanipun, Bupati wetan Yogjeki, lan raden Basah puniku, Ngabdullatip budhal sami, saking Parambanan sampun.
57. Datan wonten ingkang methuk perang pupuh, mapan lajeng teluk sami, wong wetan radinan iku, prapta baki tata baris, Sala langkung gegeripun.
58. Enengena kawarna ing daren iku, Kangjeng Sultan nulya nuding, mring sagung Bupati iku, pan kinen gitika sami, marang kang baris delagung.
59. Pangran Sumanagara pangiridipun, lan Raden Jayanegari, myang sagung pradipatyeku, mapan sewu kang prajurit, saking Kendaren wus bodhol.
60. Ambantoni marang Kasan Besariku, neng kori pan baris neki, tan winarna prapta sampun, nanging samya menggah neki, dadya yun ayunan mawon.
61. Ki Urawan karsanya Kangjeng sinuhun, pan gilir rumeksa mapan kinen mantuk iki, lawan saprajuritipun, pan gilir rumeksa wingking, lan Pangran Adisuryeku.
62. Nanging Pangran Adisurya dereng rawuh, dadya kang rumeksa iki, ing Basah kalih puniku, aneng kendare nerpati, Ki Maja Pangran Behiku.

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

63. Tuwan Sarip Tumenggung Puthutlaweku, Dolah Khaji Badarodin, lan sagung ulama iku, sewu langkung mapan kedhik, ingkang rumeksa sang katong.
64. Neng Kendaren mengkana ingkang winuwus, kang baris Koripan sami, ingkang rembag datan ngumpul, mapan pisah pisah sami, sedaya barisanipun.
65. Wus kapirsa dhumateng ingkang sinuhun, kelamun mengkana sami, kang baris Koripan iku, dadya langkung amatosi, arsa tedhak jeng sang katong.
66. Basah kalih mapan dhinawahan sampun, nulya atengara sami, budhal sing Kendaren sampun, sawadya kuswa tan kari, nyare neng ngumbul sadalu.
67. Enjang mangkat Koripan mapan wus rawuh, jam sawelas wancineki, dadya tangel kendel iku, nimbali kang pradipati, Pangran Ngabehi neng ayuda.
68. Lan Ki Maja Basah kalih lawan sagung, kang para ngulama sami, lan kang pratiwa nung anung, Kangjeng Sultan ngandika ris, mring kang paman Ngabehiku.
69. Paman Behi sampeyan tata puniku, sedaya rakiting jurit, Pangran sandika turipun, nulya nantun Pangran Behi, mring Ngusman Li Basah mangko.
70. Basah Ngusman mengkana ing aturipun, inggih kelamun marengi, mangke yen wus Salat Luhur, lan angsal aso sakedhik, wus marengi kang sunuhun.
71. Mring ature Seh Ngusman Li Basah iku, nulya jeng Pangran Ngabehi, andangu mengsah Delanggu, kathahnya myang rakit neki, Kasan Besari turnya lon.
72. Ingkang wahu mapan mengsah wolung ewu, sareng Pangran prapteng baki, lan Basah Tulatip iku, mengsah suda sewu mangkin, dados kantun pitung ewu.
73. Ing maryem taksih kalih welas iku, lawan jenralipun maksih, myang putra santana sagung, lan Ngayogja wonten sami, anglempak Delanggu sampun.
74. Ing Kelathen mapan meksih kedhik iku, myang kalitan inggih meksih, lawan ing Kartasureku, mapan Delanggu puniki, maratiga barisipun.
75. Jendral lawan putra santana sadarum, wonten tengah barisneki, ingkang kidul saradhadhu, ler sagung para dipati, Pangran behi atannya lon.

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

76. Konca lajang paman pinten barisipun, sedaya kang dika arid, Kasan Besari turipun, mapan inggih sewu nanging, kejawi prajuritipun.
77. Adhi Maja konca bar Jumungah iku, kang minongka otot neki, konca ing pajang sadarum, mesem Kangjeng Pangran Behi, anulya ngandika alon.
78. Basah Iman Basah Ngusman rebagipun, mapan wus karuwan iki, ingkang mengsah amertelu, paran ing prayoga neki, Ngusman Li Basah turnya lon.
79. Lamun pareng prayogi bebahan iku, sampun tulung tinulungi, amrih mantep tekadipun, rehning wong karoban tandhing, lan kuciwa papanipun.
80. Lamun boten mekaten tan wande iku, iren dados ngapirani, dene kawula sahestu, boten nuwun bantu malih, ing konca kula kemawon.
81. Kang Bulkiya tigang atus mapan sampun, dene kang kula pilih, tengah gen wurohanipun, dadosa dhumateng Saril, mapan wus sinedya batos.
82. Lawan sahe kang wingking pocapanipun, Basah Iman mapan milih, kang panggenan saradhadhu, dene barising Bupati, lan sagung ingkang pekewoh.
83. Pan kawula sumongga paduka sampun, Basah kalih atureki, Pangran Behi angandika rum, yen mengkono kang dipati, dadi katempuh maring wong.
84. Iya akeh Konca Bupati Mentarum, nanging durung miyatani, kinarya ngantep prang pupuh, putu Basah Ngabdulkhamid, aku jaluk hotot otot.
85. Kang prajurit suraya lironi ingsun, mandhung lan Suranateki, Suragama iku putu, ingkang dherek Sri Bupati, mantra jero bahe cukup.
86. Gamel ngampil ponakawan iku putu, anak mas adhi mas iki, prandene wus padha nusul, Basah Iman atur neki, mapan sumongga kemawon.
87. Pangran Behi malih angandika iku, dika Ki Kasan Besari, kang prajurit Pajang sewu, lawan bar Jumungah sami, sampun wonten melon pupuh.
88. Ing Delanggu barisa wiyagang iku, ngarepena mengsang kalih, Kalitan Kartasureku, sandika Kasan Besari, ing poma dika den kukoh.

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

89. Amrih sampun angeroni kang prang pupuh, Jayanegara sireki, lawan Kartanegareku, katelu Secanagari, padha barisa ing ngalurung.
90. Gedhe iya ngarepena ingkang mungsuh, ing Kelathen bok metoni, ing poma padha den kukuh, wus padha bubuwan iki, sandika samya turripun.
91. Sampun rampung nulya kinen mangkat iku, nenggih Ki Kasan Besari, lan Pajang prajurit sewu, tenapi Tumenggung Katri, sing Koripan sareng bodhal.
92. Ngrumiyini ing Wiyagang prapta sampun, nenggih Ki Kasan Besari, lajeng tata baris, ngalurung, dene kang Bupati Katri, ing lajur pan prapta sampun.
93. Mapan inggih lajeng samya baris, nglurung, Koripan ingkang winarni, lajeng samya Salat Luhur, bakda Basah kalih nuli, gya nembang tengara pupoh.
94. Mapan sampun prajurit lajeng mertelu, Basah Iman Ngabdulkamil, mapan kang budhal rumuhun, pinilih kang munggeng ngarsi, Raden Prawira Dirjeku.
95. Ingkang dadya pangiriding prang puniku, nulya mandhung kang nambungi, Den Menggung Martalayeku, Dulah Raja Badarodin, prajurit Suryagameku.
96. Tuwan Sarip Samparwadi ngirid iku, prajurit Suranateki, gusti Basah munggeng pungkur, ginarebeg sentaneki, anglir Raden Abimannyu.
97. Mapan nitih turongga pun prerang gemuh, nulya Kangjeng Pangran Behi, budhal lan Ki Maja iku, kang dadya cucuking jurit, Pangran Sumanegareku.
98. Lawan Raden Busungeb suraya agung, nulya Kedhu kang nambungi, Seh Ngabdulrahman puniku, lan Den Sumadiningrati, lan Raden Jawinateku.
99. Rajaniti nulya jeng Pangeran iku, lan Ki Maja munggeng wingking, ginarebeg ngulama gung, budhal sing Koripan sami, anulya Bulkiya bodhol.
100. Ingkang dadya pangiriding aprang iku, Seh Dulah Kaji Dulkadir, nulya seh dulah puniku, Kaji Mustapa nambungi, Seh Ngusman Li Basah pungkur.
101. Kang tengara tinembang swaranya umyang, mapan langkung gegirisi, mengkana Bulkiya iku, sampun karsaning Hyang Widi, yen badhe ana palugon.

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

102. Kang tengara lir muni ngawiyat sagung, nulya mandhe pusaka di, wahos Ki Barutubeku, Bulkiya samya udani, kelamun murub lir abor.
103. Pan mengkana Bulkiya tengeranipun, tabuhan lan mahosneki, dadya tan ajrih pakewuh, sagunging Bulkiya sami, ing Delanggu kang winuwus.
104. Mapan sampun kahuningan baris agung, mertiga den inggahi, kapir murtat tata sampun, nulya ngedrel mriyem sami, mapan sareng praptanipun.
105. Basah Iman lawan Basah Ngusman iku, tenapi Jeng Pangran Behi, dadya tan tulung tinulung, langkung rame swaraneki, senjata lir gunung rubuh.
106. Ingkang baris wiyagang mengkono iku, lawan ing Lajur pan sami, dadya tanpa rungan iku, unine kang senjata lit, barung lan mariyemipun.
107. Kangjeng Sultan sakeca ing tyasipun, kantun pesanggrahan iki, aneng koripan puniku, nulya mundhut kang turanggi, Ki Wijayacapa katur.
108. Sampun nitih mantra lebet munggeng ngayun, Puthutlawa kang pangirid, lawan Puthutguritneku, gamel ngampel aneng wingking, lawan ponakawan sagung.
109. Kang sentana Pangran Suryawijayeku, Pangran Suryadipureki, Pangran suryadi punika, Pangran Adinegareki, Pangran Tepasonta mangko.
110. Pangran Wijil Pangran Mangkudipureku, neng marga kapethuk iki, satunggal suraya tatu, kenging pelor dhadha neki, butul nanging takat iku.
111. Kang sinuhun ingkang tyas sangsaya langkung, kuwatir pinelak prapti, Bulkiya panggenanipun, Ngusman Li Basah duk uning, lamun sinusul sang katong.
112. Langkung ajrih kang Bulkiya tigang atus, nirbaya wus tan kaheksi, samya rempek ajengipun, ing tan saged sareng sami, pan turut galeng kimawon.
113. Ingkang sabin langkung lebet paluhipun, marma turut galeng sami, prajurit Bulkiya sagung, ing ngedrelan den mriyemi, Bulkiya pan turut kukus.
114. Ingkang pelor pan wus tanpa karya tuhu, dadya kapir murtad sami, kelangkung gila andulu, mring Bulkiya ajengneki, nulya bubrah tatanipun.

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

115. Sagung putra santana Surakarteku, carob kalawan Welandi, ingkang ageng ageng iku, mapan langkung geger neki, samya rebutan kudeku.
116. Mapan dadya kapiran tan angsal iku, kaselak Bulkiya prapti, pan lumajeng rebut dhucung, mengkana Pangeran Behi, ing Surakarta pan kantun, pelajengnya panuju kapethuk iku, lan Dulah Kaji Dulkadir, lajeng ing ngancaran iku, wahos nebda Pangran Behi, heh Ngabdulkadir sireku.
117. Apa pangling sira iku marang ingsun, Dulah Dulkadir nahuri, inggih mapan boten pandung, ing paduka sapuniki, pan sampun murtad sayektos.
118. Kangjeng Pangran anuli winahos iku, mring Dulah Kaji Dulkadir, pan dhawah kontal puniku, wungu pan winahos malih, nanging karsaning Hyang Manon.
119. Mapan datan tumama Jeng Pangran iku, ngantos pugut wahosneki, Kangjeng Pangran gya rinebut, marang sagung ingkang abdi, lajeng binekta lumayu.
120. Ingkang abdi langkung kathah ingkang lampus, tunggal lan bangkene kapir, kang samya nunggang puniku, kareta kebutuh sami, tinututan samya jlog.
121. Pan wus bedhah ingkang baris tengah iku, mariyem nenem kang kari, kareta pan tiga iku, mengkana ingkang winarni, kang baris aler wus campuh.
122. Gung Bupati ing Sala pan tindhihipun, kalawan moncanegari, anenggih Raden Tumenggung, Sasrawinata nameki, kang rayi patih seleku.
123. Pan ketanggor panggih dulah surayeku, Raden Busungeb puniki, mapan samya purunipun, pan tan sedya mundur kalih, dangu senjatanan mangko.
124. Raden Sasrawinateki, mapan nulya nyandhak lawung, Busungeb mundur anuli, Den Sasrawinata nguwoh.
125. Heh prajurit baliya aja lumayu, Den Dulah Busungeb angling, ingsun pan ora lumayu, arep jupuk tumbak mami, antinen sadhela kono
126. Raden Dulah Busungeb wus salin lawung, gya wangsul prapta anuli, gebang ginebang adangu, pan samya prawira kalih, nanging karsaning Hyang Manon.
127. Raden Menggung Sasrawinata puniku, kasliring winahos kenging, jajanira mapan butul, niba lajeng angemasi, Bupati sedaya mawur.

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

128. Ingkang mantra mapan kathah samya lampus, mariyem tiga kang kari, ingkang ler wus bedhah iku, ing kantun kang kidul iki, Basah Iman mapan langkung.
129. Dening keron pan kinarya lesan iku, datan saged majeng iki, mapan langkung ewedipun, paluh lawan den borangi, lan kandel pagrenya mangko.
130. Kang prajurit pinilih senjatanipun, pelornya pan tanpa kardi, sagung wong Sumenep iku, sasuka sukane reki, ngangSalaken senjatanipun.
131. Lan mariyem Sultan Sumenepa klangkung, suka denira udani, prajurit pinilih iku, mapan kathah ingkang kanin, pitulas kang samya tatu.
132. Pan ngabehi satunggil pinilih tatu, Ki Surawona westeki, ing samya tan punapeku, rongga sekawan anangis, saking kakuning tyasipun.
133. Sadangunya kinarya lesan puniku, majeng datan saged sami, dening boring lawan paluh, yun matur rongga samya jrih, mring gusti Basah puniku.
134. Raden Dulah Prawiradirja gya matur, dhateng Basah ngabdulkamil, mapan sarwi nangis iku, ngaturi mundur rumiyin, mapan sanget ewedipun.
135. Datan saged males dados lesan iku, pun warongga samya nangis, Prawiradilaga iku, lawan Prawiradirjeki, bahu Yudajadraneku.
136. Basah Iman ngandika pan esmu bendu, lamun padha wedi mati, wus mundura kabeh iku, ingsun tan sedya gumingsir, pan wus dadi jangjiningong.
137. Dulah kaji tuwan Sarip samya matur, ing meksa tan pinerduli, Raden Prawiradirjeku, lajeng nyander atur uninga, dhumateng Kangjeng sang katong.
138. Lawan Raden Jayasentana puniku, mengkana jeng Sri Bupati, mapan lagya lenggah iku, aneng sangandhap waringin, kagyat sareng praptanipun.
139. Raden Dulah Prawiradirja umatur, pukulun putra nerpati, jeng gusti Basah puniku, tan kenging amba aturi, pinilih pan kathah tatu.
140. Pan kinarya lesaning sadangonipun, males datan saged yekti, pan langkung pakewedipun, pelor langkung deresneki, putra dalem meksih manggung.
141. Wonten kuda kawula aturi mundur, putra dalem datan apti, mapan pangandikanipun, lingsem yen tan bedhah ugi, nenggih Delanggu puniku.

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

142. Kangjeng Sultan sareng miharsa saturipun, Raden Prawira Dirjeki, mapan langkung watosipun, nulya mundhut kang turanggi, Ki Jayacapa wus katur.
143. Sampun nitih lawan angandika iku, kabeh jana melu iki, kariya kene sireku, sandika samya turneki, nulya mangkat jeng sang katong.
144. Ingkang dherek hing Den Prawiradirjeku, kalih Den Jasentaneki, tanpantara nulya rawuh, genya Basah Ngabdulkamil, Kangjeng Sultan anebda lon.
145. Wus ta kulup payo mundur dhingin iku, luru dalan ingkang becik, Basah Iman datan matur, malah datan aningali, dhumateng Kangjeng sang katong.
146. SriNalendra dadya langkung watosipun, nulya nenuhun Hyang Widi, mengkana pan ana lesus, saking kidul wetan iki, kang broma sangkanya tan boh.
147. Lajeng besmi sadaya wisma Delanggu, lawan pager pager enting, Sumenep katempuh ikuk, mapan kathah ingkang mati, kobong langkung gegeripun.
148. Kang prajurit pinilih sareng jengipun, ngamuk lawan wahos sami, mapan sareng Broma iku, Sumenep lumajeng iki, mengaler cinegad iku.
149. Mring Seh Ngusman Li Basah sakancanipun, Bulkiya samya numbaki, wangsul tinadhahan iku, marang prajurit pinilih, dadya kedhik kang marojol.
150. Langkung kathah bangkene Sumenep iku, wus bedhah Delanggu sami, mengkana ingkang tutulung, saking Kelathen wus prapti, nglajur tinadhahan sampun.
151. Marang Jayanegara Cenegareku, katika Kertanagari, bantu tan kuwawi wangsul, ingkang ler mengkana malih, saking Kalitan yun tulung.
152. Lan ing Kartasura sareng praptanipun, wiyagang wus den tadhahi, mring Kasan Besari iku, lan prajurit Pajang sami, dadya pur samya duripun.
153. Kawarnaha Kangjeng Sultan pan wus kondur, dhumateng Koripan malih, lajeng mesanggrahan iku, Pangran Behi sampun prapti, kalawan Ki Maja iku.
154. Basah kalih lajeng samya sohan iku, dhateng Kangjeng Sri Bupati, ngaturken bandhanganipun, mriyem kalih welas iki, ingkang katur mring sang katong.

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

155. Pajabrona mapan langkung kathahipun, nanging tan katur sang aji, mapan sampun lajeng sinung, kang samya, angsal pribadi, ing mariyem lawan songsong.
156. Lan gendera ingkang katur mring sang prabu, Sang Nata mesem tanya ris, mring kang paman Ngabehiku, punapa lujeng asami, kang sedya prang rerempon.
157. Pangran Behi mengkana ing aturipun, sedaya pan lumajeng sami, angsal pangestu sang prabu, nanging kathah ingkang kanin, megatruh gumanti pucung.

PUPUH XXVII
P U C U N G

1. Konca kula mapan titiga kang tatu, ing datan punapa, sadaya jajar prajurit, Kedhu kalih suraya ingkang satunggal.
2. Kang Bulkiya pan lujeng sedayanipun, ing mas putu Basah, kancanipun kathah kanin, kang prajurit pinilih mapan pitulas.
3. Ngabehinya satunggal surawaniku, samya tan punapa, Jeng Sultan mesem nebda ris, sampun paman sagung kang tatu sadaya.
4. Sampeyanken angantukhaken rumuhun, Pangran Behi turnya, sandika wus luwar aji, mesanggrahan mengkana wus tan winarna.
5. Sampun lama Kangjeng Sultan wonten ngriku, mapan pitung dina, kapir langkung kendhakneki, lawan murtad tan purun medal ing yuda.
6. Mapan mempen aneng Kalitan puniku, Ki Maja aturnya, dhumateng Srinarapati, ing Kalitan ngaturaken bedhah punika.
7. Kangjeng Sultan anuruti aturipun, budhal sing Koripan, sawadya kuswa tan keri, prapta Pengging mapan nulya mesanggrahan.
8. Aneng umbul nenggih kelangenanipun, Kangjeng suhunan Sala, ingkang toya langkung wening, mina kathah kang Jeng Sultan pan kacaryan.
9. Dadya enget mring kang rayi Kangjeng ratu, pan wus tigang wulan, Kangjeng Sultan ngantep jurit, ngantos supe mangkya enget ing tyasira.
10. Sareng mulat toya wening umbul agung lan kathah minanya, lawan wonten bulus neki, sela gilang dadya enget sela raja.
11. Dadya ewah Kangjeng Sultan niyatipun, kadya kenging coba, Ki Maja sring sinreng iki, pun Kalitan benyjang punapa binedhah.
12. Kangjeng Sultan mapan esmu gela tuhu, dhumateng Ki Maja, saya keh tekabur neki, den kapir lan murtad, pan wus tan bisa.

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

13. Lamun metu Pangran Mangkubumi sampun, Sala pan wus seda, kenging pelor wentisneki, marmanira Ki Maja pan saya dadra.
14. Tekaburnya mengkana pangucapipun, sapa den andelna, pan wong Sala iku kabeh, bapakhane pan muride bapak ingwang.
15. Ing sahiki mapan kabeh murid ingsun, mengkana Jeng Sultan, Kyahi Maja den dukani, pan nanging ya kendel sakedhap kewala.
16. Sabab Pajang pan sampun radin sedarum, nanging kantun Sala, lawan ing Kalitan iki, Boyalali punika kang dereng bedhah.
17. Nanging sampun sedaya tan saged matur marma Kyahi Maja, kelangkung tekaburneki, sabendina ngaturi bedhah Kalitan.
18. Nanging tiga punika kang dereng rembug, Seh Ngusman Li Basah, lawan Basah Iman iki, Pangran Behi kedah ing ngentos kewala.
19. Kyahi Maja mapan sanget aturipun, nulya tinurutan, gya nembang tengara jurit, pinertiga lampahe wadya sadaya.
20. Saking genge prajurit Pajang Mentarum, lawan Kedhu ika, mapan kathah nusul sami, wus tinatak, Ki Maja tindhihira.
21. Lawan Kangjeng Pangeran Ngabehi iku, mapan sampun budhal, wadya geng saking ing Pengging, Kangjeng Sultan ayun ningali kewala.
22. Mapan miyos radinan ageng puniku, ingkang dherek ika, gamel ponakawan ngampil neng ngandhaping asem iku, kang nglurug wus prapta, Kalitan campuhing jurit, langkung rame swarane ingkang senjata.
23. Kang mariyem lawan sanjata lit iku, mapan berondongan, tan dangu nulya ningali, ingkang besmen broma langkung agengira.
24. Kangjeng Sultan nulya utusan mrikseku, lurah nongsong ika, kalawan mantra satunggil, pan kapalan kang nama malang prawira.
25. Prabakesa mantra punika ranipun, kalih senderan, wus prapta kapethuk nuli, lawan usar binujung kalih lumajar.
26. Wangsul prapta ngarsane Kangjeng sang prabu, kasesa turira, di dalem pan wus dur sami, ingkang usar bujung marika sadaya.
27. Kangjeng Sultan esmu iben puniku, marang aturira, malang prawira puniki, dene durung ana kang atur uninga.
28. Lan prajurit dene durung ana mundur, tan dangu katingal, undurnya sagung prajurit, medal galeng sabin lawan iring arga.
29. Kangjeng Sultan esmu lingsem dadya bendu, dene undurira, datan medal margi sami, nulya mundhut titiyan Ki Jayacapa.
30. Nulya katur SriNalendra nitih sampun, mring Ki Jayacapa, lajeng anerajang iki, paluh galeng kalen mapan datan wawang.

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

31. Kang prajurit sadaya sareng andulu, dhumateng jeng Sultan, samya kenden langkung ajrih, Pangran Behi lan Ki Maja gya katingal.
32. Lajeng sohan dhumateng Kangjeng saprabu, Basah kalih samya, prapta sagung kang prajurit, sami kendel dhedheg aneng ara ara.
33. Lajeng baris tumingal Sang Nata bendu, dhumateng Ki Maja, kalawan jeng Pangran Behi, sru ngandika dene padha tan ngapaha.
34. Mundhak gawe gedhe marang atining mungsuh, tumungkul Ki Maja, lan Kangjeng Pangeran Behi, langkung ajrih kalih tan saged matura.
35. Basah Ngusman mangkana ing aturipun, kawula tan ina, saKonca sampun ngrampit, ingkang beteng lan anak Kertanagara.
36. Riya sampun, ken kula besmi sadarum, pan kantun satunggal, enggenya wurohan neki, tan uninga yen Konca mundur sadaya.
37. Undur amba kalawan anak tumenggu, pan tan angsal marga, kapir sampun ambuntoni, lajeng ngamuk marma amba angsal marga.
38. Kangjeng Sultan mengkana lajeng andangu, sapa ingkang rusak, tata iku kang marahi, Basah Ngusman umatur boten uninga.
39. Pangran Behi lan Ki Maja datan matur, tumungkul kewala, Dulah Kaji Badarodin, ris turira kawula ingkang uninga.
40. Ingkang dados margenipun samya mundur, pan sareng uninga, abdi dalem wonten sabil, ing kekalih lajeng bibrah tatanira.
41. Mapan tangled kalawan usar sinuhun, pan kalih kawula, saKonca sadaya sami, ingkang usar mapan sampun kathah pejah.
42. Nunten abdi dalem Seh Mentaram iku, prapta Sabilolah, kelajeng pengamukneki, ngulami geng ingkang mulang Wonakrama.
43. Lan satunggal abdi dalem Lurah Mandhung, pun Gagaktaruna, lajeng abdi dalem sami, mundur bibrah mapan tan kenging tinata.
44. SriNalendra sareng pirsa aturipun, seh khaji punika, lamun Seh Mentaram prapti, Sabillolah dadya medal ingkang duka.
45. Mring kang paman lawan Kyahi Maja iku, pan kinen mangsulna, sagunge ingkang prajurit, SriNalendra arsa jenengi pribadya.
46. Gya tinata kang prajurit pinartelu, sagung pradipatya, Mentawis lan Kedhu iki, mapan kinen medal sing kidul sadaya.
47. Wadya Pajang kinen medal ler sadarum, ingkang dadya dhadha, sagung prajurit jro sami, Basah kalih mapan dadya pangiridnya.
48. Gya tengara mangkat sareng praptanipun, ing Kalitan samya, pan lajeng kinepang kikis, nanging kapir pan lajeng kendel kewala.
49. Datan purun methuk neng baris iku, langkung kedhikhira, tigang atus winetawis, pan kalebet kalih arahan punika.

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

50. Lan mariyem kalih kang den adhep iku, tan purun ngungelna, anglir mitenggengen sami, dipunledhek ing kapir kendel kewala.
51. Basah kalih samya ngatas mring sang prabu, ayun binebasa, ing Sang Nata tan warengi, kinen nganti ungele mariyemira.
52. Kangjeng Sultan langkung welas ing tyasipun, marang kapir ika, kadya wus karsaning Widi, pan mengkana srinarpa usiking driya.
53. Lamun ingsun rusaka pasthi yen gempur, iya kadarpira, nanging kang sun kuwatiri, nora wurung pesthi banyjur marang Sala.
54. Lamun tumpes, iya apa kang sun rebut, nora wurung ika, kaya dhek pelengkong iki, kang sun tedha kapir murtad ing elinga.
55. Lan wus wengi Kangjeng Sultan nimbaliku, dhumateng kang paman, Kangjeng Pangeran Ngabehi, lan Ki Maja kalih sampun prapata ngarsa.
56. Ris ngandika paman Behi mapan sagung, prajurit sadaya, sampeyan ken mudur sami, sampun dalu manah kula sampun gela.
57. Benyjing enyjing kewala mapan rinembug, Pangran Behi turnya, sandika gya marentahi, marang sagung prajurit kinen ngundurna.
58. Gya tengara prajurit pan samya mundur, Kangjeng Sultan nulya, kondur marang Pengging malih, kapir mapan ngungelken mriyem ping tiga.
59. Sareng sampun kalih dina antaranipun, Kyahi Maja ngatas, kalawan Pangeran Behi, nuhun karsa pu(Hal.156)napa tan den dugegna.
60. Inggih bedhah loji Kalitan sinuhun, mesem SriNalendra, lawan angandika aris, boten paman pan kula ajeng uninga.
61. Kartasura mapan pundi prenahipun, dene kapir ika, kajenge paman nututi, Pangran Behi atanya dhateng Ki Maja.
62. Pundhi dhusun kang celak Kartasureku, Ki Maja aturnya, kejawi Kalinggen iki, nulya kinen karya pesanggrahan ika.
63. Sampun dadya gya atur uninga iku, jeng Sultan wus budhal, saking Pengging sawadyeki, tan winarna ing Kalinggen sampun prapta.
64. Nanging kapir sampun alit ing tyasipun, tan purun majenga, Kangjeng Sultan kang winarna, kang neng nala nanging jeng ratu kewala.
65. Ayun kondur dereng wonten marginipun, ngantos pitung dina, neng Kelinggen Sri Bupati, Pangran Behi lan Ki Maja asring ngatas.
66. Magut yuda ing Sang Nata datan ayun, mengkana kang prapta, Kangjeng Pangran Ngabdulrahim, Adisurya anusul sawadyanira.

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

67. Gya dinangun ing saneskara wus katur, sangsaya jeng Sultan, onengnya dhateng kang rayi, ing sinamur sarya mesem angandika.
68. Mapan dangu mring Ki Kasan Besariku, kene pawus rata, wong ing Pajang kabeh ika, lawan pira kang dadi prajuritira.
69. Ingkang sira cekel dhewe prajurit iku, Kasan Besari turnya, mapan sewu kang prajurit, dene pajang pan sampun radin sedaya.
70. Ing sakilen margi kawula sedarum, jatos nem wangkithira, kang ler pulo kadang aji, wetan marga nenggih Pangran Natapraja.
71. Mapan sampun sinuhun radin sedarum, Sang Nata ngandika, dhumateng Pangeran Behi, paman Behi Kasan Besari punika.
72. Mapan kula ganyjar nama puniku, Basah prajuritnya, sampun jangkep sewu iki, Pangran Behi aturnya mapan sandika.
73. Wus mupeket sagung pratiwa nung anung, Sang Nata anulya, andangu dhateng kang rayi, Ngabdulrahim sira gawa bala pira.
74. Pangran Adisurya mapan aturipun, gangsal atus nata, sabab pun Cakranegari, amba tilarha tengga wonten ngrejasa.
75. Sangsayenget Sang Nata mring Kangjeng ratu, mesem angandika, dhateng kang paman Ngabehi, paman Behi ing Pajang sampeyan tengga.
76. Pan dados sawakil kawula puniku, ing Pajang sedaya, sampeyan kang misesani, sampun yuda yen boten kapir kang prapta.
77. Mapan kula yun mantuk dhateng Mentarum, ngaluwari ubaya, duk aneng kasuran uni, ayun cukur heh Kasan Besari sira.
78. Apa uwis kaduga tunggu bawahmu, lamun rinusuhan, iya marang ing si kapir, Basah Kasan Besari matur kaduga.
79. Lamun teksih tinengga prajurit tuhu, Mentawis punika, sagendhinge lan nata kapir, pan kadugi mesem Kangjeng SriNalendra.
80. Angandika malih mring kang paman iku, lan Si Natapraja, mapan sampeyan timbali, wetan margi punapa sampun den tata.
81. Prajuritnya lawan pinten kathahipun, Pangran Behi turnya, sandika nebda sang aji, Ngabdulrakim sira durung oleh karya.
82. Ingsun tinggal lawan paman Behi iku, lan Si Mertalaya, poma den angati ati, pan sedaya aturnya samya sandika.
83. Wong Mentaram lan kedhusun gawa mundur, sun duga wus sayah, nulya budhal Sri Bupati, sing Keling gen sawadya kuswa sadaya.
84. Mapan nitih Ki Jayacapa puniku, ing tyasnya Nalendra, sedaya praptaha iki, ing rejasa Kangjeng ratu kang neng driya.

85. Dadya samya kantun kang prajurit sagung, lan ngampil Ki Maja, nanging kang saged nututi, Basah Kamil lan Raden Prawiradirja.
86. Abusungeb mapan samya kudanipun, sekawan punika, panggemun pun madras iki, lan pun Semar pan samya kuda payudan.
87. Ing Kelinggen pan lampahan tigang dalu, saking ing rejasa, sedina kewala prapti, langkung kagyat Panembahan methuk nulya.
88. Lan Pangeran Ngabdulmajid lawan iku, Pangran Dipakusuma, mapan iku enggal mijil, saking Yogja lajeng anukemi pada.
89. Nanging meksih neng luhur turongga iku, padanya jeng Sultan, sinungkeman kanan keri, mring kang rayi mapan lawan ingkang putra.
90. Ri sawusnya Kangjeng Sultan nulya laju, Kangjeng Panembahan, katingal gya melajengi, SriNalendra nulya tedhak saking kuda.
91. Panembahan Jeng Sultan nulya rinangkul, pan esmu karuna, lir supena ing tyasneki, mapan lenggah sakedhap aneng pandhapa.
92. Kang prajurit sedaya pan samya methuk, lajeng lenggah tata, ing jeng ratu tan kaheksi, Panembahan aris denira atanya.
93. Dene Sultan kondur tan ngiring wadya gung, lan ngampil tanana, Ki Maja lan adhi Behi, apa sira Sultan kaseser ing yuda.
94. Ingkang ngiring pa nanging jaran tetelu, banjur nora nana, dadya ing prapta pribadi, lawan gamel sawiji pa nora gawa.
95. Banget temen kagete pan ateningsun, mesem SriNalendra, lawan angandika aris, tur sampeyan kyahi tan wonten katingal.
96. Kang putri punika pepak sadarum, ingkang sepuh samya, lajeng atur Salam sami, ingkang anem sampun ngabekti sadaya.
97. Raden ayu Panembahan sampun mantur, pan rayi paduka, jeng ratu kula aturi, miyos datan arsa mesem SriNalendra.
98. Ris ngandika kyahi sampeyan kantun, neng ngriki kewala, kawula tan kawon jurit, selak ajeng uninga putra sampeyan.
99. Marma kantun punika sadaya sagung, mangke ingkang prapta, yen sohan sampeyan panggihi, nulya kondur mesem Kangjeng Panembahan.
100. Kangjeng Sultan kang dherek Den Ayu Sepuh, dalem tan kepanggya, lajeng mring panepeneki, SriNalendra Kangjeng ratu wus kepanggya.
101. Tan winarna sadaya niskaranipun, mapan ya mengkana, jeng ratu Salami neki, lamun lami tan kepanggih lan kang raka.
102. Pan kelangkung Kangjeng ratu lingsemipun, ingkang dherek samya, prapta sowang sowang sami, Kangjeng Sultan Kangjeng ratu tan winarna.

103. Ingkang lagya samya sanget onengipun, mengkana winarna, Kyahi Maja lagya prapti, lawan ngampil myang sagung kang prangulama.
104. Lawan putra sentana myang pratiwa gung, wus prapta sadaya, Basah dulah sampun panggih, lan Ki Maja lajeng sohan SriNalendra.
105. Panembahan ingkang manggihi sedarum, aneng ing pandhapa, ing uni sampun wineling, Panembahan wahu dhumateng kang putra.
106. Kyahi Maja nulya atur Salam sampun, myang Seh Basah Ngusman, lan sagung ulama sami, kang pratiwa samya tur bekti sadaya.
107. Lawan ingkang praputra sentana iku, Panembahan nebda, aris sarwi mesem iki, Kyahi Maja ing mangke ratu andika.
108. Nora kena lamun sineba puniku, lagya mangun tapa, pan minara ingkang wakil, mapan kinen nemoni marang andika.
109. Nulya samya pinaring dhaharan sampun, weradin sadaya, lawan pagujengan sami, mapan sampun tan wonten ingkang tinaha.
110. Nulya Kangjeng Panembahan nebda arum, dhumateng Ki Maja, lan sagung kang samya prapti, wus kalilan samya mantuk sowang sowang.
111. Dadya sami egar tyas sedayanipun, mapan badhe panggya, lan anak rabinya sami, sampun mundur sing ngarsa jeng Panembahan.
112. Kang prajurit samya nembang tengareku, budhal sing rejasa, samya mantuk wisma neki, sowang sowang mengkana wus tan winarna.
113. Kangjeng Sultan nulya sampun paras iku, ing bakda Jumungah, dadya samya bela iki, sagung Islam lan sampun cukur sadaya.
114. Ing Mentaram Pajang kalawan ing Kedhu, Pagelen sadaya, ledhog gowong jawi kori, pan weradin samya bela cukur ika.
115. Myang pekathik buruh kere samya cukur, punika sadaya, datan mawi den dhawuhi, kadya sampun karsaning Allah Tangala.
116. Sagung Islam tinengeran samya gundhul, murtad reyab reyab, bathilan sagung wong kapir, wektu iku mengkana tengreranira.
117. Datan lami Pangran Behi prapta sampun, lan Pangran Disurya, lawan saprajuritneki, lajeng sohan dhateng Kangjeng SriNalendra.
118. Mapan nuju lenggah neng pandhapa iku, lan Jeng Panembahan, Ki Maja kang munggeng ngarsa, myang ulama myang sagung putra santana.

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

119. Pangran Arya Ngabdulrahman Ngabehiku, nulya atur Salam, dhumateng Srinarapati, Pangran Ngabdulrahim Arya Adisurya.
120. Ngaras pada ri wus tata lenggah sampun, Sang Nata ngandika, dene paman enggal prapti, kados pundi Pajang sawingking kawula.
121. Pangran Behi mengkana ing ngaturipun, lumajeng sapunika, nanging baris mundur sami, sing Kelinggen mapan baris wonten Maja.
122. Natapraja inggih mundur barisipun, wonten Majaraga, lan sampun kula priksani, ing sawetan radinan radin sadaya.
123. Kang prajurit mapan sampun cacah sewu, kapir sapunika, pan datan purun medali, marma mantuk kawula yun cukur ika.
124. Lan anak mas mapan sampun samya kantun, sawarnani ning tiyang, mapan sampun cukur sami, SriNalendra mesem aris angandika.
125. Paman Pajang punapa tan watos iku, Pangran Behi turnya, mapan kula tantun sami, Basah Kasan Besari lan Natapraja.
126. Samya sagah yen tengga kaliyanipun, nanging lamun minggah, kalihnya dereng kuwawi, lawan Basah Ngabdullatip Martalaya.
127. Pundi ingkang awrat kawula ken tulung, yen kedhik kewala, kados sampun tan matosi, nulya luwar Sang Nata genya sineba.
128. Basah tiga Pagelen pan samya duhun, tindhih lintonira, Kangjeng Pangeran dipati, kang sinuhun Jeng Pangran Dipanagara.
129. Kangjeng Sultan mapan wus marengi iku, ing panuhunira, Jeng Pangran Dipanagari, kang prajurit satus Mentawis binekta.
130. Wus kalilan Kangjeng Pangran budhal sampun, mring Pagelen ika, marma samya nuhun tindhih, Basah tiga pan asring selayanira.
131. Enengngena Pagelen Pajang winuwus, Pangran Natapraja, lan Basah Kasan Besari, mapan asring kinggahan mring kapir ika.
132. Lawan murtad pan asring kaseseripun, nulya tur uninga, dadya Jeng Sultan nindaki, dhateng Pajang kalawan sawadya kuswa.
133. Sampun rawuh ing Kedaren kang sinuhun, lajeng mesanggrahan, mengkana kapir dhatengi, saking Bayabali langkung kathahira.
134. Wadya Pajang mapan tan kuwawi iku, nulya tur uninga, mring Kangjeng Srinarapati, Basah kalih kang tinuding methuk yuda.
135. Nulya mangkat pinilih suraya sagung, mang wadya Bulkiya, mengkana pan sampun prapti, ing jram gulung kapethuk campuhing yuda.
136. Langkung rame ing kapir kuciwa iku, mapan kathah pejah, kalawan kang murtad sami, pan lumajeng kenging ingkang mriyem tiga.

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

137. Pan satunggal prajurit Pajang puniku, prapta Sabilolah, bongga ing kelalung iki, Dipareja nenggih namane punika.
138. Basah kalih wus mundur sing Jramgulung, lan sakancanira, wus prapta Kedaren iki, ngaturaken bandhangan kang mriyem tiga.
139. Dadya kendhak kapir malih manahipun, tan purun medula, nulya kondur Sri Bupati, mring Rejasa tan winarna marga prapta.
140. Pangran Behi rembag lan Ki Maja iku, myang sagung pratiwa, ingkang anung anung sami, yen manggunga Sang Nata tedhak pribadya.
141. Dadya sagung pratiwa tanpa karyeku, mengkana rinembag, kang wadya Mentaram sami, mapan gilir atugur dhumateng Pajang.
142. Mapan sewu prajurit giliranipun, ing kawulanira, bantoni Kasan Besari, Pangran Natapraja mapan bantoni.
143. Pitung atus sawab kedhik watiripun, gunung kidulika, mapan sampun radin sami, ing Pacitan lan Ngawen mapan wus bedhah.
144. Basah Ngabdullatip mapan rembaghipun, pinundhut punika, wontena ngarsa nrepati, dados jangkep Basah tiga malih ika.
145. Ingkang pancen punika jaga tetulung, gya katur Nalendra, mengkana rembagnya sami, wus marengi mapan samya dhinawuhan.
146. Pangran Ngabdulrakim inggih anging tunggu, ing tanah kewala, sakilen Ngayogya sami, ingkang kidul Pangeran Suryawijaya.
147. Ingkang gilir pan aming tumenggungipun, kang kidul punika, Raden Jayanegareki, ingkang kilen Pangeran Sumanagara.
148. Ngirid sagung prajurit myang pra tumenggung, mengkana wus dadya, saben wulan gilir sami, lawan malih karsanira SriNalendra.
149. Ingkang rayi Pangran Ngabdulmajid iku, mapan kinen tengga, ing Kuwanen lawan malilh, anampeni lapuran Pajang sadaya.
150. Ingkang putra Pangeran Dipakusumeku, kedah nuwun medal, mengkana wus den lilani, anindhihi baris aneng dasa sela.
151. Kang Bupati Raden Arya Sindurjeku, peluneng barisnya, pan langkung santosa sami, ingkang eler jatos nem mapan sadaya.
152. Barisira Basah Khasan Besariku, mapan binantonan, sewu wadya ing Mentawis, ingkang wetan radinan mapan sadaya.
153. Ngantos dugi ing ardi kidul puniku, Pangran Natapraja, mapan iya den bantoni, pitung atus nenggih prajurit Mentaram.
154. Pan punika mawi giliran sadarum, marmane santosa, mengkana nuju marengi, Raden Menggung Jayanagara gilirnya.
155. Pan sarengan kalawan Kyahi Tumenggung, Mangkuyuda ika, mapan lagya aso sami, pan kalawan prajuritira sadaya.

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

156. Neng jatos nembah Kasan Besariku, kabereg ing mengsah, mengkana Salamineki, kapir murtad pan nginjen injen kewala.
157. Lamun mantuk prajurit Mentaram iku, gilir dereng prapta, mapan lajeng amedali, kapir murtad Basah pan ing oyok oyok.
158. Ngantos prapta jatos nem pelajengipun, kapir ngodol ika, mengkana wong Pajang sami, sareng mulat jatos nem ana barisnya.
159. Pan tinerka mengsah ingkang nyegat iku, tan buh polahira, mangetan wus den cegati, yen saking doh prajuritnya Mangkuyuda.
160. Mapan anglir pengangenya saradhadhu, mengkana na wikan, marang tamtama kaheksi, nulya warti yen Raden Jayanagara.
161. Basah Pajang mapan asrep manahipun, lajeng lampahira, lawan saprajuritneki, sampun panggih lan Raden Jayanagara.
162. Basah Pajang mapan asrep manahipun, lajeng lampahira, lawan saprajuritneki, sampun panggih lan Raden Jayanagara.
163. Atenapi lawan Ki Mangkuyudeku, kapir murtad prapta, aneng jawi dhusun sami, lajeng ngepang saking ler lan saking wetan.
164. Basah Khasan Besari pan langkung gugup, prahipun adhi anak, Jayanagara nebda ris, mangke kyahi kula pan ajeng rembagan.
165. Kados pundi Ki Mangkuyuda puniku, mengsah sampun prapta, ing punika mara kalih, Mangkuyuda mengkana ing sahurip.
166. Daweg anak pan sami bubuhan iku, pan sampun babegjan, yen mundura dhateng pundi, mapan sampun samya kabetah punika.
167. Pan kawula ngajengken kang kedhik iku, ingkang saking wetan, pun anak ngajengna iki, ingkang kathah pan inggih kang ler punika.
168. Konca Pajang sampun wonten tumut tumut, pan mindhak kapiran, mapan sampun rembag sami, mengsah ngedrel lawan mariyem ika.
169. Raden Jayanagara ngabani sampun, nyalompret anulya, lawan nambur tata nuli, langkung gregut wadya prawira tamtoma.
170. Mangkuyuda nulya animbangi nambur, sareng ajengira, sareng medal campuh nuli, kapir murtad mapan langkung pangedrelnya.
171. Kang mariyem mapan wus lajeng kelangkung, prawira tamtoma, lajeng nusup kukus sami, tan prabeda kalawan Ki Mangkuyuda.
172. Nulya ruket sanjata lit pejah sampun, ing watos kewala, acaruk lan sangkuh sami, pedhang caruk kalawan dhuwung punika.
173. Kamigilan kapir murtad gya lumayu, gelasah bangkenya, Islam mapan lujeng sami, nanging tiga ingkang prapta sabilira.

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

174. Mapan samya prajurit jajar puniku, kalih kang tamtoma, sendhang pitu kang satunggil, wadya Pajang lajeng ambujung sedaya.
175. Pan mengkana yen yuda selamenipun, ing bujung lan nyegat, wis purun tadhah pribadi, marma saya kapir kathah bangkenira.
176. Ingkang aneng ajeng samya glasahiku, kang kekecer kathah, wadya Pajang kang mejahi, Raden Jayanagara bandhanganira.
177. Mapan angsal mriyem kekalih puniku, Kyahi Mangkuyuda, pan satunggal mriyemneki, bangke murtad monycanagara kang kathah.
178. Ponaraga kalawan kedhiri iku, mapan mantra samya, ing Sala mangkono maning, sampun katur dhateng Kangjeng SriNalendra.
179. Kang bandhangan mariyem tetiga puniku, mapan Kyahi Maja, sangsaya tekaburneki, yata mesem jeng Pangran Ngabehi ika.
180. Wus dinuga yen geseh lapuranipun, pan adat mengkana, lamun ana mungsuh prapti, wadya Pajang mapan lumayu kewala.
181. Basahira ingkang marahi lumayu, pan selamenira, ketanggor wadya Mentawis, yen wis menang nulya ing aku kewala.
182. Pan ing wetan radinan mengkono iku, Pangran Natapraja, langkung rame juritneki, mapan mengsah Pangeran Mangkunagara.
183. Mapan sareng tinilar Basah puniku, Ngabdullatip ika, wong ing Pajang purun malih, gunung kidul pan iku padha mengkana.
184. Natapraja nanging kantun banthengipun, Mas Tumenggung ika, Mangunagara kang dadi, mapan Mangkunegaran asring kuciwa.
185. Basah Nataprajan pan kalih tumenggung, ingkang sabillolah, masaran lan weru iki, dadya Pangran mundur pesanggrahanira.
186. Neng Tembayat nanging lamun prapta iku, prajurit Mentaram, majeng dhateng Majaragi, Basah Khasan Besari mapan mengkana.
187. Lamun dereng prapta ingkang gilir mundur, mapan barisira, pan aneng lingge puniki, lamun prapta majeng dhumateng ing Maja.
188. Kawarnaha Jendral Dhekok kang winuwus, langkung kewranira, sabab asring kawon jurit, mapan nanging kantun jahilnya kewala.
189. Sagung ingkang senapati ingkang agung, kang santosa prangnya, pan sinuk surat sami, nanging mungel saking residhen sadhaya.
190. Sala Yogja Kedhu mengkana karyeku, kang residhen samya, angicuk lan ngebang sami, ingkang serat sadaya sami ungelnya.
191. Nanging sagung kang tiniban surat iku, lajeng katur ika, kang serat mring Sri Bupati, malah ingkang kengkenan sring pinejahan.
192. Pan sangsaya Jendral kewran ing tyasipun, nulya layonira, Pangran Mangkudiningrati, kinondurken kang den suprih putranira.

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

193. Pan sedaya punika sageda teluk, nanging meksa nora, dadya Kangjeng Sultan nuli, ingkang sepuh mapan kinondurken nulya.
194. Pan mengkana Jendral Dhekok athinipun, mongsa tan kenaha, sabab iku mapan sami, sagung ingkang putra wayah sedaya.
195. Lawan ingkang abdi punika sedarum, kang Bupati samya, wonten kang kemantu iki, putra wayah buyut mapan ingkang ana.
196. Sareng sampun rawuh Ngayogja nulyeku, tinempahken ika, Kangjeng Sultan praptaneki, sagung ingkang putra wayah praptanira.
197. Myang Bupati sedaya ing praptanipun, jalu myang wanodya, pan prenyata iku sami, putra wayah sinuwun sepuh sadaya.
198. Nulya samya pinaring surat sedarum, mapan ing ngandikan, sagung putra wayah sami, jalu estri lawan Bupati sadaya.
199. Atenapi Kangjeng Panembahan iku, samya aturika, Kangjeng Sultan mengkana wangsulanira.
200. Gya pinaring sedaya wangsulanipun, mring Jendral mengkana, nulya Jendral aken malih, kang sinuhun sepuh kinen kintun surat.
201. Mring kang wayah Kangjeng Sultan prapta sampun, kalawan pratela, yen Jendral tan lepat iki, ingkang lepat pan iku residhenira.
202. Dene mengko residhen pan wus den okum, putu wis muliha, pan aja kedawa iki, anoleha sira putu marang ingwang.
203. Kangjeng Sultan pan awrat agami tuhu, malah datan arsa, ningali kang serat yekti, wus dinugi yen Jendral karenahira.
204. Ingkang Eyang pan saking kapipitipun, marmane mengkana, ingkang paman Pangran Behi, ingkang kinen amangsuli mring kang Eyang.
205. Kangjeng Sultan mapan ajrih alatipun, dhumateng kang eyang, marma tan arsa ningali, dadya sampun pitajeng dhateng kang paman.
206. Malah surat wangsulan tan arsa dulu, Kangjeng SriNalendra, mengkana timbalaneki, mring kang paman lawan Kangjeng Panembahan.
207. Myang sagung ingkang pra-ngulama puniku, padha seksanana, panuwun ingsun mring Widi, lamun estu luhure ing tanah Jawa.
208. Kangjeng Eyang muga menangi ahiku, aja guru seda, pan ingsun ayun ngabekti, lamun nora aja menangi Kangjeng Yang.
209. Dadi ingsun mundhak karya susah iku, sedaya aturnya, mapan sandika puniki, nulya ana kang pamit mring SriNalendra.
210. Mapan ingkang bibi Kangjeng ratu iku, nenggih namanira, Den Ayu Asmaraningsih, pan kalilan lajeng kinen dherekhena.

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

211. Konduripun dhateng Ngayogya puniku, lan wineling ika, mring Kangjeng Srinarapati, mapan anglir kang mungel ngajeng punika.
212. Praptanira Ngayogja wus tan cinatur, mengkana winarna, Ki Maja sanget turneki, Kangjeng Sultan ngaturan bedhah ing Sala.
213. Sabab datan wonten kasampunanipun, yen boten rinusak, gung murtad ing Sala sami, mindhak dados wadhahe kapir punika.
214. Marmanira Ki Maja sanget turipun, wadosipun ika, watos mring Kasan Besari, sabab asring kaseser denira yuda.
215. Lamun dereng prapta prajurit Mentarum, lan asring selaya, sagung ingkang bantu sami, pan sedaya tyasira pan esmu gela.
216. Lamun tangled wong Pajang asring lumayu, pan nilar kewala, dadya katempah Mentawis, saben saben prajurit Pajang mengkana.
217. Kyahi Maja pan sampun uninga iku, mring kang dadya gela, mring sagung wadya Mentawis, marma ajrih bilih kapirsa srinata.

PUPUH XXVII
S I N O M

1. Nanging Kangjeng SriNalendra, wus lami datan nuruti, mring aturira Ki Maja, mengkana karsaning Widi, Sang Nata mapan gampil, anuruti aturipun, dhumateng Kyahi Maja, pan samya kinen dhawuhi, marang sagung wadya Mentaram sadaya.
2. Pangran Ngabehi aturnya, dhateng Kangjeng Sri Bupati, yen pareng karsa Nalendra, nenggih Basah Ngabdullatip, binektakhaken malih, dhateng pun Nataprajeku, amrih sami santosa, Sang Nata sampun marengi, mapan lajeng kinen dhawahi punika.
3. Lawan kinon rumihina, Bupati wetan Yogjeki, kelamun panggih neng griya, lan raden Basah sedarum, lan Pangran Natapraja, pan lajeng kinen dhawahi, yen Sang Nata arsa bedhah Surakarta.
4. Prajurit Pajang punika, kabawah Nataprajeki, sawetan margi sadaya, mapan kinon ngerig sami, lawan majenga iki, ing baki barisanipun, Den Basah tur sandika, nulya atengara jurit, pan sumahab sagung ingkang wadya kuswa.
5. Den Basah Dullatip budhal, kalawan sawadyaneki, mengkana wus tan winarna, kawarnaha Sri Bupati, ngrasuk busana jurit, wadya gung sumahab sampun, Basah kalih punika, Kyahi Maja Pangran Behi, wus sumekta Kangjeng ratu kang winarna.

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

6. Sedangunira punika, ngladosi kang raka iki, wahu denira busana, lamun jeng ratu ningali, dhateng Srinarapati, pan kumembeng waspanipun, Sri Nalendra tumingal, lamun kang rayi prihatin, gya sinambut pinangku sanglir supadma.
7. Sarta ing lus kang Srinata, srinarpa lan ngandika ris, nah anger inten kumala, punapa kang dados rujit, karya kepyuring abdi, mas mirah pun kakang estu, nenuwun ngandikaha, lamun dasih tan udani, ingkang dadya rujit karya ela ela.
8. Yen tan kalilan bendara, pun kakang lumampah jurit, sayekti mongsa siyosa, Kangjeng ratu matur aris, nuhun punten Dewaji, kawula mapan sahestu, ing tyas mapan tan nedya, yen karya keron tyas aji, nanging netra kang kedah medal Locana.
9. Tan pirsa karsa Yang Sukma, kawula lamun ningali, inggih dhumateng paduka, netra kedah mrebesmili, mesem Srinarapati, punapa wandeya masku, pun kakang magut yuda, Kangjeng ratu matur aris, yen wandeya Dewaji kelangkung nistha.
10. Pan abdi sampun sumekta, mengkana Srinarapati, ri wusnya mit miyos nulya, gya nembang tengara jurit, budhal wadya pengarsi, Bulkiya kang munggeng ayun, anulya sinambungan, suraya lawan pinilih, Pangran Behi Ki Maja nambungi nulya.
11. Kang munggeng ngarsa Nalendra, mandhung mantra lebet iki, wingking ngampil Suranata, lawan Suryagama asri, myang putra sentaneki, Bupati miji sadarum, sampun budhal sadaya, saking Rejasa puniki, lampahira kadya wreduhongga sasra.
12. Dene sagung senapatya, sadaya wus kinon dhingin, mengkana wus tan winarna, ing marga Srinarapati, prapta kedaren iki, mesanggrahan sang sinuhun, lan sagung wadya kuswa, tigang dina winetawis, tata tata lawan ngasokhaken bala.
13. Pangeran Dipakusuma, Raden Riya Sindurjeki, lan Tumenggung Sutayuda, tan kalilan dherek sami, kinen meksiya baris, neng dasa sela puniku, sampun karsaning Sukma, Kangjeng Sultan ing tyasneki, kang katingal kewala anging kang garwa.
14. Aneng ing daren punika, pan dalu kinen meteki, kang boyongan nyonyah Cina, Kangjeng Sultan Salah kardi, saking tyas mring kang rayi, kinarya panglipur wuyung, enjing anulya budhal, nyare ing Maja sawengi, Basah Kasan Besari sakancanira.
15. Prajurit Pajang sedaya, mapan kang kinen rumiyin, ingkang dadya tinindhihira, Den Menggung Mretalayeku, lawan saKoncaneki, kang prajurit mandhung satus, lajeng kinen gitika, ingkang baris menang iki, sampun prapta ing menang campuh kang yuda.

16. Lan prajurit Surakarta, ing rame sakedhap iki, prajurit Sala kuciwa, lumajeng lajeng den geni, ing menang barisneki, mring Raden Mertalayeku, nulya atur uninga, gya budhal Srinarapati, saking Maja kalawan sawadya kuswa.
17. Sampun prapta Sukareja, mesanggrahan Sri Bupati, prajurit Pajang sadaya, kinon baris gawok sami, Pangran Nataprajeki, lan Basah sakancanipun, Ngabdullatip punika, kinen majeng baris baki, tan winarna kawarnaha Sukareja.
18. Sareng enjang ing inggahan, kapir lawan murtad sami, saking negri Surakarta, ing gawok pan sampun prapti, Basah Kasan Besari, ingkang methuk yudanipun, lan Raden Mertalaya, sampun campuh ing ajurit, pan kuciwa prajurit Panjang punika.
19. Lawan mandhung mundur samya, kalawan atur upeksi, dhumateng ing Sukareja, lamun sampun tan kuwawi, kang mengsah ageng iki, Kangjeng Sultan nuding sampun, mring prajurit Bulkiya, suraya lawan pinilih, lan prajurit nenggih prawira tamtoma.
20. Anulya nembang tengara, budhal sing Sukarejeki, Muhamad Usman Li Basah, lan jeng gusti Iman Kamil, Li Basah kang nindhihi, lan Den Jayanegareku, mengkana sampun prapta, ing sakilen gawok sami, wus kapethuk lan mengsah campuh ing yuda.
21. Pan anging rame sakedhap, mengkana sareng udani, mengsah kapir lawan murtad, kalamun kang Basah kalih, ingkang methuk ing jurit, mapan maksih mambu ilu, kapir kalawan murtad, anulya lumajeng sami, undurira mring negari Surakarta.
22. Mapan tan kenging tinata, mengkana Raden Dipati, Sasra kantun songsongira, langkung geger Kartawani, lawan kang jalma ngili, atumpuk neng alun alun, mengkana kang winarna, Kangjeng Sultan den aturi, mring Ki Maja lajeng bedhah Surakarta.
23. Nanging Kangjeng Sri Nalendra, ingkang tyas pan mara katri, kadya wus karsaning sukma, mring risake sentaneki, mengkana Sri Bupati, kang sinuhun mring Hyang Agung, engeta kewala, marang parentahe Nabi, pan sedaya sagung wong murtad punika.
24. Iya ing satanah Jawa, dene ingkang kaping kalih, ajrih bilih manggih walad, dhumateng kang samya surgi, mapan ping tiganeki, meksih enget wespanipun, duk lagya angkatira, saking ing rejasa nguni, dadya kang tyas pan rangu rangu kewala.
25. Nanging Kyahi Maja, asanget aturireki, Kangjeng Sultan ing aturan, mapan tedhak anjenengi, saking sanget turneki, Sri Nalendra dadya nurut, Pangran Ngabehi nulya, utusan paring udani, marang Basah lan Pangeran Natapraja.

26. Kinen manjing malih ika, nenggih ing barisaneki, mengkana wus tan winarna, ing Sukareja winarni, enjing nembang tengari, wus budhal kang wadya sagung, saking ing Sukaraja, Sri Nalendra aneng wuri, ginarebeg mring sagung putra Santana.
27. Samarga kapethuk yuda, wong Sala wus tan ngundhili, mapan lumajeng kewala, prapta kiduhing Cemani, kendel Srinarapati, mapan arsa Salat luhur, lan sagung wadya kuswa, mapan samya Salat sami, bakda Salatan pan sedya ngasoken wadya.
28. Mengkana kang baris ngarsa, pan Basah Khasan Besari, kalawan sakancanira, prajurit ing Pajang sami, kedhatengan puniki, mengsah ing Sala puniku, kalangkung dening kathah, kapir murtad Sala krerig, pan lumajeng sarta ngaturi uninga.
29. Mapan arsa wancenira, pan wus cuwa ing ajurit, mengkana mengsah gya prapta, sagung murtad lawan kapir, pinethukhaken nuli, mring sagung pradipatyeku, Raden Jayawinata, lawan Mas Wiryanagari, Kyahi Mangkuyuda lan Cakranagara.
30. Pan lagya ajeng ajengan, sanjatan sakedhap sami, nulya Kangjeng Sri Nalendra, kondur mring soka rejeki, sagung kang pradipati, sedaya pan kinen mundur, kesaput dalu ika, sampun sapih ingkang jurit, wangsul malih mengsanggrahan Sokaraja.
31. Satuhu kang tyas Nalendra, pan anging karya ngecani, mring panuwune Ki Maja, mengkana Srinarapati, tan eca ing tyasneki, neng Sokaraja puniku, ing lingsem ngandikaha, ingaturan manjing malih, mring Ki Maja Kangjeng Sultan datan arsa.
32. Mengkana mapan antara, tiga dina kapir prapti, kalawan murtad punika, medal margi ageng iki, Basah Khasan Besari, tan purun methuken iku, nanging atur uninga, Sang Nata nuju siniwi, Kyahi Maja kang munggeng ngarsa Nalendra.
33. Lan sagung kang pra-ngulama, atenapi Pangran Behi, Pangran Ngabdulmajid ika, kalawan kang Basah kalih, myang sagung pradipati, Ki Maja meksa turipun, Kangjeng Sultan ngaturan, ambedhah ing Kartawani, Sri Nalendra anantun dhateng kang paman.
34. Lawan Basah sakaliyan, mengkana samya turneki, pan abdi dalem sadaya, Mentawis dereng udani, Sala pakewedneki, kalawan kang gampil tuhu, inggih lamun wontena, ingkang pantes dados margi, pan prayogi datan ngekathahi karya.
35. Pan wonten ngriki kewala, yen konca Pajang nglawani, pan inggih mongsa sanesa, Ki Maja sakit tyasneki, dhateng Jeng Pangran Behi, dereng dumugi puniku, genya imbal wecana, kang kinen tur uning prapti, lamun mengsah sampun prapta ing Wiyagang.

36. Kangjeng Sultan angandika, mring kang paman Pangran Behi, lawan Basah sakalihnya, pan kinen methuk ing jurit, lan sagung pradipati, Basah kalih aturipun, nanging panuwun amba, paduka sampun ningali, alenggaha aneng ing ngriki kewala.
37. Dene di delem sadaya, kawula suwun pan sami, tinindhihan Ki Maja, Kangjeng Sultan wus marengi, ingkang kantun ngarsa Ji, nanging ponakawan iku, gamel ngampil punika, wus dados rembag pan sami, nulya samya mundur sing ngarsa Nalendra.
38. Anulya nembang tengara, tanpantara usar prapti, nulya pinethuken ika, dhumateng wadya pinilih, usar lumajeng bali, mring Wiyagang nedha tulung, dhateng pelangkirira, mengkana kang Basah kalih, Pangran Behi lan Raden Jayanagara.
39. Puthutlawa Jawinata, myang sagung prajurit sami, mangilen rut padhusunan, Ki Maja mengaler iki, lan Pangran Ngabdulmajid, myang sagung ulama iku, Suranata kelawan, Suryagama datan kari, sampun tata nulya kapir murtad prapta.
40. Saking Wiyagang sadaya, pan nglempak dados satunggil, nulya mariyem punika, dhateng pesanggrahan aji, mapan tinitir titir, kang pelor langkung dresipun, bubar kang ponakawan, ampingan kajeng kuweni, Sri Nalendra semana tumut ampingan.
41. Lawan kang paman satunggal, ingkang nama Pangran Wijil, pan langkung dhap alitira, rebatan Kangjeng kuweni, lawan Srinarapati, mapan gegujengan iku, mengkana aturira, gih kula sampun neng wingking, ala kayu dene kalingan Nalendra.
42. Tur mongsa aku katona, dadya samya sukaneki, mengkana wus tan winarna, kawarnaha kang ajurit, nenggih murtad lan kapir, langkung kagyat sareng dulu, Islam malih punika, nulya kapir mara katri, mapan sampun pinethuken sowang sowang.
43. Kang ngidul ngilen punika, kapir murtad mapan sami, tempuh kalawan Bulkiya, pinilih suraya iki, tamtoma datan kari, kapir murtad mambu ilu, pan kabereg sadaya, ngungsi mring mariyem neki, nulya ngangseg pinilih lawan Bulkiya.
44. Suraya lawan tamtoma, kapir murtad langkung giris, lajeng berondong senjata, binendrong mariyem sami, nanging kang Basah kalih, tiga Jayanegareku, wus tan merduli ika, lawan sakanycane reki, nanging kantun angentosi Kyahi Maja.
45. Kapir murtad sanjatanya, wus kathah tan mungel iki, mapan saking kasesanya, pan Basah Khasan Besari, yudanira kalindhih, prajurit Pajang sedarum, lan sagung pradipatya, Ki Maja lumayu gendering, tur unninga dhateng Kangjeng Sri Nalendra.

46. Ing aturan magut yuda, mengkana Srinarapati, mapan meksih ping ampingan, aneng ing kajeng kuweni, langkung tyasnya nerpati, mapan tan sekeca iku, ing lingsem angandika, mengkana ngandika aris, heh Ki Maja apa ingsun sira terka.
47. Iya wedi ing palastra, nulya lumampah sang aji, ingkang dhereking punika, ingkang paman Pangran Wijil, gamel kalawan ngampil, ponakawan samya kantun, pan meksih lit sadaya, Kangjeng Sultan datan nitih, kang turongga mapan kinarung kewala.
48. Neng wingking Ki Jayacapa, nanging asring magokneki, pineksa mring gamel samya, mengkana sareng udani, kapir lan murtad sami, kelamun Kangjeng Sinuhun, nyalirani ing yuda, nulya kang mariyem sami, ing ngajengken kinarutug Sri Nalendra.
49. Pan leres margi geng ika, lampahnya Srinarapti, pan kadya kinarya lesan, Ki Maja wus datan keksi, tan tahan aningali, myang swaraning pelor iku, dadya nyimpang Ki Maja, mengkana ingkang winarni, Raden Dolah Prawiradirja duk mulat.
50. Lan Raden Jayanagara, kelamun Srinarapati, nyalirani ing ayuda, dharatan nitih turanggi, langkung tyasira kalih, mudhun saking kudanipun, lumajeng prapta ngarsa, lawan ngemu waspa kalih, kancanira mapan tinilar sadaya.
51. Yun matur langkung jrih samya, dadya lumampah neng ngarsi, punggawa kalih punika, sedaya samya neng wingking, mindhak wespaosneki, kapir ing panyipatipun, kang den angkah sirahnya, punika punggawa kalih, sabab samya andhap alit kalihira.
52. Dadya leres jajanira, nanging pitulung Hyang Widi, pelor awis dhawah jaja, sampeyan kang asring kenging, koltaphira nibani, Pangran Wijil embanipun, lajeng putung sukunya, gya ing ngunduraken nuli, pan mengkana Den Dolah Prawiradirja.
53. Lan Raden Jayanagara, SriNalendra saben kenging, pelor nanging sambatira, nanging gustiku pan sami, lan kendel pan ningali, dhumateng ingkang sinuhun, dadya dangu lampahnya, Sri Nalendra ngandika ris, heh ta Senthot aja mandheg Mayongsari.
54. Wus payo banjur kiwala, mengkana karsaning Widi, kenging malih Sri Nalendra, mapan angrahos nerpati, lir ginablok jajeki, ingkang pelor waja rempuk, aneng jaja punika, mapan ngantos ting parelik, dadya sepuh kang jaja medal ludira.
55. Sareng miharsa Nalendra, mapan kang rasukan abrit, nulya enget mring kang garwa, mengkana esthining galih, paran polahireki, lamun ingsun tinggal lampus, lawan maninge nestha, lamun ingsun mati dhingin, baya durung kalilan Allah Tangala.

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

56. Enteke kapirku iya, mengkana Srinarapati, mapan langkung lingsemira, mundur sing payudan nuli, tumungkul lampahneki, sap usap kinarya kudhung, datan ningali jalma, mengkana gamel udani, yen Sang Nata katingal abrit kang jaja.
57. Nulya Kyahi Jayacapa, ing ngaturaken gya nitih, mengkana Ki Jayacapa, mapan anglir wus udani, yen kanin Sri Bupati, lajeng binekta lumayu, mapan tan medal marga, ngidul ngilen lampahneki, datan ngetang paluh jurang Jayacapa.
58. Mapan lir ngambah radinan, saking marmaning Hyang Widi, kadyana kang tedah marga, mengkana ingkang winarni, Dolah Prawiradirjeki, lan Jayanegara iku, tumingal mring Nalendra, lamun ingkang jaja kanin, pan lumajeng wreti mring Basah kalih.
59. Pan sedya ambek palastra kalih werti samya nangis, mengkana Usman Li Basah, lan gusti Mam Basah Kamil, sedaya ngamuk sami, Bulkiya pinilih gregut, suraya lan tamtoma, Seh Ngusman Li Basah iki, sampun mandhi wahos Kyahi Barutuba.
60. Basah Iman Kyahi Macan, mapan rempek majeng sami, laknat kapir pundirangan, tan prebeda murtadneki, nanging angrutug bedhil, kalawan mariyemipun, kang wuri sampun ngembyak, mengkana ana gandhek prapti, mapan mindha utusanira Nalendra.
61. Dawahi Basah kalihnya, tan kalilan magut jurit, sedaya kinen ngundurna, sagunge ingkang prajurit, dene Srinarapati, pan meksih waluya iku, sedaya ing ngandikan, mengkana kang Basah kalih, langkung cuwa nanging ajrih yen nglajengna.
62. Ing kantun kedhik kewala, ajengnya wahosan sami, mapan nulya dhinawuhan, sagung kang para prajurit, mring Basahira sami, sedaya pan kinen mundur, dadya kelangkung cuwa, sagunge ingkang prajurit, dadya mundur ajrih lamun anglajengna.
63. Kapir murtad mapan samya, datan purun anututi, mengkana ingkang winarna, Ki Maja sareng udani, mundur sagung prajurit, Sri Nalendra tan kadulu, mapan tanbuh polahnya, kapalira tan kepanggih, dipun bekta lumajar mring gamelira.
64. Kapalnya Secanagara, Ki Maja kang den tunggangi, kang sesanira, mapan ander anututi, dhateng Srinarapati, lan Pangran Dulmajid iku, mengkana wus apanggya, neng marga lan Sri Bupati, lajeng kendel ing daren Srinaranata.
65. Pan kendel sakedhap ika, nenggih Pangran Ngabdulmajid, ingkang ngaturi punika, babeni brerananeki, srebanira kinardi, Pangran Ngabdulmajid iku, mapan sarwi karuna, Sang Nata mesem nebda ris, wus ta adhi mapan nora dadi ngapa.

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

66. Nulya mangkat SriNalendra, kang abdi wus kathah prapti, tanpantara prapta nulya, Kuwanen Srinarapati, Pangran Ngabdulmajid angaturi nyare iku, Sri Nalendra tan arsa, pangandikanya Nerpati, ingsun adhi kuwatir bok ayunira.
67. Kalamun angrungu warta, yen ingsun mengkene iki, pesthi ika lamun bela, tan wurung mundhak warteki, dadi sangsaya iki, akarya susah mring sagung, wus payo adhi mangkat, mengko yen dhadhari sasi, lawan padha asembayang dhingin ika.
68. Ri wus bakda Salat samya, nulya kang sasi dhadhari, wus padha mangkat Nalendra, ing marga datan winarni, enjang prapta Kumiri, anenggih barisanipun, Pangeran Adisurya, kagrat Pangran Ngabdulrakim, yen Nalendra kanin jaja ingembanan.
69. Nyungkemi pada karuna, nenggih Pangran Ngabdulrakim, Sang Nata mesem ngandika, wus sira menenga sira adhi, pa nora ngapa iki, wus jamak prajurit iku, dangu kendel Nalendra, aneng ing dhusun Kemiri, pan sarehan aneng ngandhap pelem ika.
70. Ngaturan mring pasanggrahan, Kangjeng Sultan datan apti, mengkana ingkang winarna, Pangran Behi lagya prapti, lawan kang Basah kalih, myang sagung prajurit iku, lajeng sohan mring narpa, atur Salam Pangran Behi, Basah kalih samya anungkemi pada.
71. Katiga angemu waspa, Kangjeng Sultan ngandika ris, lah wus ta padha menenga, pan nora ngapaha iki, kang wingking kados pundi, Pangeran Ngabehi matur, mila kantun kawula, mapan anata kang wingking, dene mengsah pan lajeng wangsul kewala.
72. Nanging pun Jayanagara, lan Basah Kasan Besari, kula ken baris Koripan, mengkana ingkang winarni, ngrejasa mirsa warti, yen kinen ingkang sinuhun, kenging mriyem kang jaja, dadya sagung para putri, pan karuna lawan Panembahan ika.
73. Nanging Kangjeng ratu ika, kang tan saged muhun iki, wus nir sagung kang katingal, mapan nedya, bela yekti, dhateng Srinarapati, lamun astu pawreteku, nanging Ki Sarutoma, mapan wus ing agem iki, nanging samar tanana jalma uninga, sinasaban kasemekan, pan wonten ingkang dentosi, utusanira kang rama, Panembahan dereng prapti, kinen yektosna ugi, estuning pawerta iku, mengkana kang winarna, Sri Nalendra budhal iki, mapan saking Kemiri sawadya kuswa.
74. Tan ewah kadya angkatnya, utusan kapethuk margi, wangsul prapta matur nulya, yen tan ewah anglir nguni, dadya kendel prasami, praputri denya muwun, lawan Jeng Panembahan, wus ical sungkawaneki, nanging kantun ngantos antos rawuhira.

75. Mengkana Srinaranata, mapan nitih tandhu iki, sampun prapta ing Rejasa, sarehan genira nitih, kagyat keparak sami, ingkang samya methuk iku, lajeng samya karuna, Panembahan melajengi, mring kang putra pan sarwi angemu waspa.
76. Wus cundhuk lawan Nalendra, lajeng nyandhak tandhu iki, angrangkul sarwi karuna, Panembahan mring narpati, Sang Nata ngandika ris, kyahi bok sampun muhun, kawula tan punapa, sampun limrahing prajurit, pan punika kyahi dados pratondha.
77. Sarwi mesem SriNalendra, prapta pesanggrahan nuli, tedhak saking tandhu nulya, Panembahan kang ngampingi, mengkana kang praputri, sedaya sareng andulu, ingkang jaja Nalendra, mapan meksih denhambeni, dadya muhun malih praputri sadaya.
78. Kangjeng Sultan sampun lenggah, neng jro pesanggrahaneki, Kangjeng ratu kang winarna, sareng tumingal narpati, kang jaja denhambeni, dadya mesem Kangjeng ratu, mengkana ciptanira, ingsun duga Salah kardi, dene iku enggone kaliwat prana.
79. Sawange nora ngopaha, Sri Nalendra ngandika ris, pagene tan ing ucalan, mapan tangan ingsun kalih, tan bisa cape iki, mesem ngandika jeng ratu, kang bibi kinen ika, Panembahan sepuh iki, anguculi Kangjeng ratu nulya kesah.
80. Sri Nalendra angandika, dhumateng kang rama aris, kiyahi sampeyan medal, punika kang sami prapti, pan sampeyan panggihi, lajeng sampeyan ken mantuk, Panembahan turira, sandika mapan wus mijil, amanggihi marang ingkang samya prapta.
81. Mengkana wus tan winarna, pan kalilan mantuk sami, kawarnaha Sri Nalendra, ngandika marang kang bibi, tra sampeyan mring pundi, mangke kula mindhak lampus, Den Ayu Panembahan, mesem kesah angaturi, Kangjeng ratu mengkana ingaturi.
82. Mapan tan kangge kawula, sampeyan dipuntimbali, Kangjeng ratu nulya prapta, mengkana wus tan winarni, jeng ratu ibu iki, mapan sanget gerahipun, ingaturan uninga, lamun ingkang putra kanin, pan lumajeng prapta pan lajeng karuna.
83. Mengkana sakondurira, saya sanget grerahneki, punika dadya marganya, kondur mring Rahmattolahi, sinareken Ma giri, Kangjeng Sultan gerahipun, mapan sampun waluya, mengkana ingkang winarna, Pangran Natapraja kabujung yudanya.
84. Saking ing Pajang punika, lawan Basah Ngabdullatip, ngantos dumugi Mentaram, Tumenggung sabil satunggil, pakiringan wismeki, lan Rongga Palered iku, jajar prajurit tiga, lajeng datan wangsul malih, dhateng Pajang mengkana ingkang winarna.

85. Pangeran Dipakusuma, pan asring selayaneki, lawan ingkang Basah Pajang, nuhun adil mring narpati, kang rama tan ngadili, mapan lingsem tuhunipun, dhumateng Kyahi Maja, Kangjeng Sultan wus udani, mring resahe patraping Pajang punika.
86. Ki Maja mapan ingantosan, saking aturnya pribadi, sabab ngaken adil ika, marma karsanya nerpati, Ki Maja denhayoni, saha turira tinurut, mapan satuhuhira, leres kang putra pribadi, lan merina mring sagung wong desa samya.
87. Dadya Pangran Dipakusuma, langkung gerah ing tyasneki, wahu dhumateng kang rama, lingsem mring Ki Maja iki, Kangjeng Pangran gya balik, dhumateng Surakarteku, Jendral lan Kangjeng Sunan, langkung suka ing tyasneki, lawan putra sentana ing Surakarta.
88. Ing wingking pan sinulihan, nenggih Pangran Ngabdulmajid, lan Raden Riya Sindurja, ing Pajang kang mesesani, kidul jatos nem sami, dene sawetan margagung, ingkang mathoki ika, pan nanging Tumenggung Katri, westa Jayadipura Cakradipura.
89. Kalawan Martadipura, ing Pagelen tan winarni, mapan wus tanana mengsah, nanging kantun jana iki, pan ngeca eca sami, ingkang Basah tiga iku, Pangran Dipanagara, nuwun Basah Ngabdullatip, nindhihana kelawan ngembani kawula.
90. Mengkana ingaturira, mring kang eyang Pangran Behi, nulya katur Sri Nalendra, Sang Nata sampun marengi, Den Basah Ngabdullatip, dadya karsanya sang prabu, dadya Basah utusan, pundi kang kendho prangneki, mapan Basah Ngabdullatip kang lumampah.
91. Prajurit pan pinaringan, kapalan wolungdaseki, westa prajurit Jayengan, sedaya sagung prajurit, ing kilen praga iki, pan pinaringaken iku, mring gusti Basah Iman, Ngabdulkamil mapan sami, Basah Ngabdullatip mapan kinen mangkat.
92. Mring Pagelen ngembanika, Jeng Pangran Dipanagari, mengkana wus tan winarna, ing Kedhu ingkang winarna, Mas Tumenggung abaris, Kertanagara puniku, aneng ing ardi Rosan, lan Tumenggung Kedhu sami, Ngabdulrahman kalawan Ki Wirareja.
93. Mengkana pan ing inggahan, mring kapir lan murtad sami, mapan ta pinaju tiga, anulya pinethuk jurit, sampun campuh pan nuli, tanana kuciwa iku, sanget karoban, Mas Tumenggung denhaturi, mundur nanging wantune Kertanagara.
94. Tan etang kathah kedhiknya, lamun mengsah lan nata kapir, pan nate majeng pribadya, kapir mapan kebur sami, dadya kondhanging kapir, pan langkung keringan sampun, yen nanging

tikel tiga, wong kapir pan ora wani, anginggahi dhateng Mas Kertanagara.

95. Tan hetang kathah kedhiknya, lamun mengsah lan nata kapir, pan nate majeng pribadya, Kadhya wus karsaning Sukma, Mas Tumenggung prapteng jangji, angsal marga Sabilolah, labet kenging pelor alit, walikat ingkang kanin, pan tinepong saradhadhu, nanging sapih kang yuda, kapir murtad kathah mati, mapan gangsal Islam kang sabil sakala.
96. Mapan ing Kedhu sakawan, Mentawis ingkang satunggil, mapan Rongga Pamijahan, Wirapati westaneki, ingkang tiga Ngebehi, dene Mentawis puniku, mapan jajar kewala, prajurit ingkang winarni, Mas Tumenggung Kertanagara punika.
97. Binekta mantuk wus prapta, tan arsa denhudani, dadya lajeng sabiklira, wus katur Srinarapati, langkung pangunguneki, mapan dereng gadhah sunu, mapan sedherekhira, meksih alit karsa aji, pan pinaring nunggaksemi karsanira.
98. Tumenggung Kertanagara, mapan wus datan winarni, Pangran Behi Ki Maja, umatur dhateng nrepati, mapan ngaturi ngalih, neng rejasa kirang cukup, sagung repot punika, tan saged dados satunggil, toya kendel punika kados prayoga.
99. Pan saged dados satunggal, sagung kang rerepot sami, Panembahan sampun rembag, nulya kinen andandani, Toyakendel wus dadi, nulya budhal kang sinuhun, lan sagung repot samya, saking rejasa wus prapti, Toyakendel mesanggrahan Sri Nalendra.
100. Mengkana ingkang winarna, Pagelen kanggenan malih, dhumateng kapir punika, Kurnel, kleres tindhihneki, lan Mayor Bukus iki, pan Uta kapitanipun, sewu kapir lan murtad, nulya pinethuken jurit, mring Pagelen sagung ingkang Basah tiga.
101. Mapan kang nindhihi ika, nenggih Basah Ngabdullatip, Pangeran Dipanagara, punika ingkang jenengi, rame sakedhap iki, kapir mapan lajeng iku, malebet loji Jona, pan lajeng kinepung sami, marang sagung wadya Pagelen sadaya.
102. Nanging tanpa wekas ika, rinangsang kentan kadugi, sagung Pagelen punika, Jeng Pangran Dipanagari, rembag lan Basah sami, utusan anuhun bantu, nenggih dhateng Mentaram, nanging kinarya pangirid, sampun katur dhumateng Srinaranata.
103. Marengi wus pinaringan, anenggih ingkang tinudhing, Tumenggung Secanagara, lawan saprajuritneki, ingkang kinarya tindhih, anenggihki marga ewuh, pan Lurah Palawija, mapan sampun budhal sami, saking Toyakendel ing Pagelen prapta.

104. Datan ngantos magut yuda, wonten pitulung Hyang Widi, kapir murtad lajeng budhal, kang Cina binekta sami, lajeng Jona puniki, pan lajeng tinilar iku, prang samarga marga, Pagelen kang odhol sami, mring Toyamas kapir murtad undurira.
105. Mapan kekecer bangkenya, kapir lawan murtad sami, Pagelen padhang sadaya, sabedhahe Jana iki, mariyem ingkang kari, mapan salikur puniku, ageng alit sadaya, sampun katur mring Nrepati, enengena Pagelen ingkang winarni.
106. Jendral Dhekok pan kengkenan, dhumateng Srinarapati, kintun surat abedhama, Sang Nata dipunhaturi, nanging namanireki, mapan meksih kang sinebut, Pangran Dipanagara, kang surat wus den wangsuli, mring Ki Maja mengkana wangsulanira.
107. Sampunipun tabe kula, Jendral pan kintun tulis, mring Pangran Dipanagara, mapan boten wonten ngriki, Pagelen enggeneki, Pangran Dipanegariku, kula nanging sung warta, mengkana pan kendel sami, nulya wonten malih surat ingkang prapta.
108. Pan inggih saking kang raka, Kangjeng Pangran Purbayeki, mengkana ijemanira, sampun Salam taklimneki, katur dhi prabu ugi, yen kenging pun kakang matur, dereng wonten adatnya, jumeneng lawan pribadi, marmanipun prayogi marmanipun mawi bedhama.
109. Amrih eca tyasnya samya, pan kathah kang tan tinulis, nanging prelunya kewala, Ki Maja nulya mangsuli, mring Pangran Purbayeki, mengkana wangsulanipun, mapan kang Salam pandonga, kawula nenggih pun kaki, Maja atur tulis mring Pangran Purbaya.
110. Pan inggih rayi paduka, datan jumeneng pribadi, sinuhun Sultan punika, Ngabdulkhamid pan pinaring, saking Rabilngalamin, jinunjung ulama sagung, sinahidan lan aprang, jumeneng ratu alami, mapan Kuran punika ingkang parentag.
111. Mengkana mapan tan lama, nulya wonten surat malih, saking Jendral Dhekok ika, punika jemaneki, nanging datan tinulis, kang surat sedayanipun, ingkang prelu kewala, sampunipun ingkang tabe, kathah kathah katura dhateng paduka.
112. Pangeran Dipanagara, jejulukira rumihin, mangke wus rinilan sukma, jinunjung kang pra-ngulami, jumeneng ratu iki, Islam tanah Jawi iku, nadyan inggih kawula, pan badhe ngestoken sami, jumenengnya ratu Islam tanah Jawa.
113. Kang nama sinuhun Sultan, Ngbdulkhamid yen marengi, kawula nuhun punika, kendeling aprang rumiyin, suwawi apepanggih, pan

sami pribadi iku, punapa kinarsakna, ing sumados dinteneki, lawan ing pundi gen panggih kula sumongga.

114. Mengkana wangsulanira, Kyahi Maja suratneki, sampune tabe kawula, jengandika nuwun panggih, sayektos dereng kenging, jengandika dede ratu, sinuhun Kangjeng Sultan, pan sampun pitajeng yekti, mring kawula ingkang badhe manggihan.
115. Dene bab kendel ing yuda, kang sinuhun pan marengi, mengkana wus dinawuhan, sagung ingkang senapati, lamun kendel ing jurit, lan Pagelen mapan sampun, Pangran Dipanagara, kinen kendel mapan sami, anglir pendah sinamber peksi srengkara.

PUPUH XXIX
DHANDHANGGULA

1. Tata tita ingkang kendel jurit, Jendral Dhekok wus dhawuhi ika, marang sagung ing kurnele, dadya kendel sedarum, ngantos lami tan wonten jurit, mengkana bab panggihan, mapan boten tamtu, ing Jendral wakil kewala, tiyang Inggris Setewer westane reki, lawan bun ngalihika.
2. Mila lawan Jendral amanggihi, mring Ki Maja wus pitajeng ika, marang kalihing wakile, barang bicantenipun, yen wus kangge datan tinampik, Jendral panggih pribadya, lan Ki Maja iku, mengkana sampun panggihan, pun Setewer kalawan bul Ngalikhetip, Pangran Behi Ki Maja.
3. Pun Setewer tembungira manis, Ki Maja kinengken kawula, dhateng Jendral Dhekok mangke, kinen anerang tuhu, ingkang datan dados karsaji, sumongga den dhawuhna, pan Jendral tumurun, dene ingkang dados duka, marginipun saking tiyang kekalih, mayor lawan Danurja.
4. Sapunika sumongga karsaji, pan kawula kinengken ngaturna, lamun pinundhut pejahe, pan pinejahan iku, yen punika pinundhut urip, ingaturaken gesang, lan loji sadarum, yen Sang Nata datan arsa, kinen bubrah sapunika den bubrahi, sumongga dendhawuhan.
5. Kyahi Maja gumuyu nahuri, pa mung iku ingkang sira gawa, jaluk meneng prerang kabeh, Setewer ris turipun, lamun wonten pinundhut malih, sumongga den dhawuhan, kawula umatur, inggih dhateng tuwan Jendral, Kyahi Maja mapan bengis sahurneki, Setewer dhingin mula.
6. Kang sinuhun datan ana maning, karsanira ing luhur agama, Islam tanah Jawa kabeh, lawan Danurja iku, sira tur kekarya punapi,

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

senadyan loji ika, tanpa pedah iku, yen wus luhur kang agama, pan sakarsa karsanya Srinarapati, iya mongsa luputa.

7. Pun Setewer nulya pamit iki, datan kangge sagung kang bicara, nulya aprang malih mangko, Jendral tan mawi sung wruh, langkung resah ing prang ireki, wong ngili pinejahan, lanang wadon iku, nadyan rare yen kecandhak, pinejahan dadya kathah ingkang sahid, tanah Jawa sadaya.
8. Kapir langkung resah ing prangneki, mapan ngawud sadaya puliha, sabab kang prang mati kabeh, kapir kelamun campuh, lan wong Islam sring tumpesneki, mengkana kang winarna, ing prang mapan sagung, sampun samya katadhahan, ing prangira wong kapir asring kalindhih, yata ingkang winarna.
9. Pangran Dipakusuma puniki, aneng Sala langkung kinasiyan, dhumateng kang raka mangko, tan pisah siyang dalu, dhahar sare pan asring nunggil, kalawan Kangjeng sunan, Jeng Pangran anuhun, mondhok ing jawi kewala, ingkang raka Kangjeng sunan tan, nglilani, lamun pisah sadhela.
10. Kangjeng sunan ngupados pribadi, mapan sohan dhumateng kang uwa, Kangjeng Pangran Purbayane, mapan samya puniku, lan kang raka denira asih, mapan asring ngandika, sira iku kulup, becek neng kene kewala, tunggal ingsun neng kedhaton rikuh yekti, lan saru sawangira.
11. Pangran Dipakusuma turneki, mring kang rama sumongga kewala, mapan tan dumugi mangko, nulya ngandika iku, mring kang raka Jeng Sunan nuli, tunggil samya neng kreta, mubeng lajeng kondur, mengkana Jendral winarna, langkung watos Jeng Pangran nulya tinedhi, dhumateng Kangjeng Sunan.
12. Ing Jeng Sunan mapan angekahi, lan tinanggel lamun dadenira, Pangran Dipakusumane, pan Jendral meksa iku, denya jaluk jeng sunan nuli, kang rayi ingandikan, prapta gya rinangkul, mapan sarwi minuhunan, wus ta adhi angur muliha sireki, iya marang Mentaram.
13. Mapan ingsun wus tan bisa adhi, angukuhi adhi mas mring sira, mumpung durung areningong, ing mengko bengi iku, becik sira mangkata adhi, Pangran nungkemi pada, pan sarya amuhun, Jeng Sunan mapan mengkana, ri sawusnya Kangjeng sunan gya nimbali, marang mayor tamtoma.
14. Prapta ngarsa Jeng Sunan nebda ris, heh ta mayor adhi mas aterna, iya marang lajur bahe, poma densandi iku, lawan sira denngati ati, mengko bengi mangkata, sandika turipun, mengkana

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

wus tan winarna, sareng dalu bakda ngisa mangkat nuli, Pangran sing Surakarta.

15. Kangjeng Sunan ngaterken ing jawi, mring kang rayi wus prapta tamtaman, mapan nulya mangkat mangko, samya kapalan iku, yen tinanya sandi agilir, marang lajur punika, mapan prapta sampun, Jeng Pangran nulya utusan, mring Koripan mengkana pan nuju iki, ingkang baris Koripan.
16. Mas Tumenggung Wiryanegareki, mundhut pethuk Mas Tumenggung nulya, methuk lawan prajurite, enjing prapta ing laju, Jeng Pangeran wus denhaturi, yen kang methuk wus prapta, nenggih Mas Tumenggung, Pangeran Dipakusuma, nulya mangkat raden mayor anututi, lawan bedhili ika.
17. Lan sung wikan ring kumendam iki, lamun minggat Pangeran punika, nulya tinututan mangko, mring sagung saradhadhu, wus kapethuk lawan prajurit, Wiryanagara nulya, ingkang saradhadhu, lajeng campuh ing ayuda, saradhadhu kuciwa pan mundur sami, Pangran Dipakusuma.
18. Sampun panggih lan Wiryanegari, Kangjeng Pangran nulya, ingaturan, kondur mring dasa selane, mapan wus tan cinatur, Jendral langkung suwa tyasneki, nulya karya karenah, Jendral malih iku, nenggih Pangran Natapraja, kang ing ngicuk lan denhebang sakajengneki, pan sagah tinurutan.
19. Kurnel Nahus kang kinen nyagahi, Kangjeng Sultan mapan wus miharsa, ingapitan uning bahe, Pangran Nataprajeku, karsanira Srinarapati, pan kinen minggah ika, marang ardi kidul, lan Bupati wetan Yogja, ardi kidul mapan magok purun malih, marma kinen ngradina.
20. Pangran Natapraja sandika turneki, nulya sagung Bupati sadaya, ing sawetan Yogja kabeh, pan kinen minggah iku, medal Torong marganya sami, Pangeran Natapraja, mapan medal kidul, ing sorog karsanira, tan winarna sagung ingkang pradipati, kang medal Terong samya.
21. Sampun minggah kang dados pengarsa, Mas Tumenggung Mangunnegarika, ingkang dados pangiride, anenggih Mas Tumenggung, Ranupati ngardi ing Giring, mengkana kang winarna, ngardi rakit sampun, prajurit ing prawedanan, mapan karya piranti gelar wus dadi, Mas Tumenggung tan wikan.
22. Lamun kapir lawan murtad sami, mawi gelar mapan wantunira, nenggih Mas Tumenggung mangke, lamun ningali mungsuh, kapir lawan wong murtad sami, tan mawi subasita, mapan nander

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

purun, prajurit kantun sadaya, mapan nanging Mas Tumenggung Ranupati, ing Giring kang tut wuntat.

23. Lan satunggal sedherekireki, meksih alit pan lumajeng samya, kapir kang katingal kabeh, Mas Tumenggung ambujung, datan wikan denpahekani, kapir kaawan murtad, kang dhelik sedarum, pan lajeng nungkebi samya, Mas Tumenggung dadya pisah lan prajurit, sampun karsaning Sukma.
24. Mas Tumenggung mapan nandhang kanin, wentisira lawan ingkang jaja, nanging meksih takat mangko, dhawah sing kuda sampun, kudanira mapan ngemasi, sedhereknya duk mulat, anungkemi iku, kang pada sarwi karuna, Mas Tumenggung Mangunagara nebda ris, sarwi ngambeni brona.
25. Wus ta adhi mlayuha sireki, mapan ingsun wus karsa Hyang Sukma, marma sabil aneng kene, iki pretandhanipun, keris sira anggoha adhi, matura mring Nalendra, lamun sira iku, kang sun suwun gentenhana, marang ingsun lan sakeh para prajurit, wus jaken bali padha.
26. Mama ngantos Mas Tumenggung meling, Mas Tumenggung Ranupati mulat, mapan langkung pengamuke, pan kathah belanipun, sampun prapta Sabillolahi, ajur kunarpanira, mengkana winuwus, nenggih Mas Mangunagara, tinangisan ngaturan mundur tanapti, kapir gya ngepung samya.
27. Sedhereknya Mas Tumenggung iki, saged uwal wus karsa Hyang Sukma, Mas Tumenggung kari dhewe, lenggah sendhahan iku, mapan wus tan sedya gumingsir, angasta wahosira, nanging Mas Tumenggung, sampun tan saged lumampah, sedangunya pan kinarya lesan sami, pan tan purun celaka.
28. Pelor mapan wus datan ngundhili, nanging kalih punika labetnya, nulya Pangran Prangwedanage, wadya sinapih sagung, ingkang samya wahu bedhili, Pangran wus prapta ngarsa, nira Mas Tumenggung, nulya aris atetanya, apa sira kang aran Mangunagari, bagus anom prawira.
29. Lamun sira gelem teluk mami, mapan ingsun ingkang lironi iya, mring kamuktenira kabeh, pan sun aku sadulur, Mas Tumenggung sugal denya ngling, pan ingsun iki iya, ngabdi mring Sinuhun, nora sedya luru donya, lan maninge nora kurang mangan dhingin, mapan gen sun ngawula.
30. Marang Kangjeng Sultan donya ngakir, mapan iman kang sun rebut ika, lamun teluka mring kowe, menawa tan denhaku, lamun besuk prapta ing akir, marang Sinuhun Sultan, Ngabdulkhamid iku,

pira laraning palastra, mati kapir Pangran langkung dukaneki, nulya ngabani bala.

31. Mas Tumenggung Mangunegareki, wus tumeka marang Sabillolah, mapan denjur kunarpane, dening kapir puniku, enengena kang wus utami, yata ingkang kawarna, kang prajurit iku, Mangunegaran sadaya, wus kapethuk wahu kalawan kang rayi, Mas Tumenggung punika.
32. Pan lumajeng sarta tawan tangis, lawan bekta cara wangsulira, lawan gupakrah pendhoke, kendel prajurit sagung, mapan nulya dipun warteni, Mas Tumenggung welingnya, samya nangis iku, panji rongga ngabehika, ayun samya nusul ngamuk langkung ajrih, anglirken welingira.
33. Mas Tumenggung nulya sami, mapan langkung prihatin sadaya, wus kapethuk lan sagunge, ingkang pradipatyeku, winertenan pan wangsul sami, ajrih lajeng sadaya, ical banthengipun, wus samya mudhun sing arga, kang dipati sawetan Ngayogya sami, lawan saprajuritnya.
34. Mas Tumenggung Suranegareki, mapan langkung prihatin sadaya, wus tur surat marang Nataprajan, Pangran nulya wangsul bahe, kang surat lajeng katur, mring Sang Nata langkung tyas aji, mring Mas Mangunagara, dereng gadhah sunu, dadya tinurut kewala, sawelingnya saking tyas Srinarapati, mring Mas Tumenggung ika.
35. Namanira datan ewah sami, kawarnaha Pangran Natapraja, mapan langkung jrih isine, dhateng ingkang sinuhun, ing sabile Mangunagari, anglir kenging loropan, marma jrih kelangkung, Pangran dhateng Kangjeng Sultan, dadya estu Pangeran denira balik, dhumateng ing Ngayogya.
36. Pan pinethuk langkung bungahneki, Jendral Dhekok denyana punika, Pangran bekta sakanycane, tan nyana lamun kantun, sagung ingkang para Dipati, wetan Yogja sadaya, lan prajuritipun, mengkana wus tan winarna, Mas Tumenggung Suranagara tur uning, dhumateng Sri Nalendra.
37. Lamun Pangran Nataparaja balik, Kangjeng Sultan mesem angandika, wus tan dadi ngapa kuwe, nanging poma sireku, sakancanya denngati ati, nora wurung ta ika, tinempuhken iku, marang kabeh praptanira, Mas Tumenggung Suranagara turneki, mapan nuhun sandika.
38. Mapan nulya kinen mantuk iki, Mas Tumenggung wus lengser ingarsa, prapta tan winarna mangko, Pangran Nataprajeku, pan tinempahaken iki, praptane kancanira, Bupati sedarum, ingkang

sawetan Ngayogya, sabab nguni Pangeran sampun nyagahi, marma tinagih ika.

39. Dadya sabendina kintun tulis, marang sagung kang para dipatya, ing tan mantuk kengkenhane, pan pinejahan iku, Kyahi Maja Pangeran Behi, ingkang gadhah parentah, saking bosenipun, mapan sinuprih kapoka, ingkang kengken kalawan kang kinengken sami, marma sagung mengkana.
40. Senapti pan ing pundi pundi, lamun tampi kang surat mengkana, awisman mantuk kengkenhane, mengkana kang winuwus, Pangran Natapraja puniki, kinen ngalurug ika, mring wetan Yogjeku, sabab Bupati sadaya, wetan Yogja sampun tita puruneki, lamun kedhik kewala.
41. Kapir murtad inggih ingkang ngiring, marang Pangran Natapraja ika, mapan asring kaberegge, kapir murtad keh lampus, mapan lamun dipun ragengi, sagung kang pradipatya, tinangledi iku, mapan ngunduran kewala, dadya gela Jendral mengkana tyasneki, mring Pangran Natapraja.
42. Dipunyana lamun bangkat kardi, sabab Jendral nanging gugu warta, lamun punika andele, Kangjeng Sultan kang tuhu, marma sanget pangebangneki, wekasan dadya bondha, kewala puniku, pan kinen baris kewala, aneng jawi Pangeran datan kadugi, nanging nedha panggenan.
43. Kitha ageng punika yen kenging, kados sanget Kangjeng Sultan susah, sabab punika bandhane, sagung aprang puniku, lawan dados pangungseneki, sagung tiyang sadaya, lan kinarya iku, pakendelan senapatya, lamun giliring ngriku panggenaneki, tata pelor sendawa.
44. Pangran Natapraja denturuti, marang Jendral kitha ageng ika, asring inginggahan mangko, dene pangiridipun, nenggih Pangran Nataprajeki, nanging tan saged minggah, mapan asring wangsul, pinethuken ing ayuda, neng sidikan kapir murtad kathah mati, pan asring kabujungnya.
45. Ingkang tengga kitha ageng iki, Mas Tumenggung Resasentanika, mapan kelangkung panggahe, awis anuwun bantu, mapan nulya dipunhinggahi, Jendral Dhekok piyambak, kang nindhihi iku, lan Sultan Sumenep ika, Jeng Pangran Dipati Mandura iki, Mas Tumenggung kuciwa.
46. Kengser saking kitha ageng iki, Jendral lajeng karya beteng ika, aneng Danalaya mangke, tinangledan puniku, marang sagung kang pradipati, kidul Yogja sadaya, lan wetan Yogjeku, ingkang

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

dados tindhihira, Pangran Suryawijaya Pangran Suryadi, tanhana kang kuciwa.

47. Pangran Suryawijaya tur unning, marang Toyakendel lamun mengsah, mapan kelangkung agenge, Sang Nata paring bantu, Basah Ngabdullatip tinuding, kang kinen nindhihana, kang prajurit iku, sewu Pagelen kang tengah, pangiridnya Den Basah Ngabdulmuhyi, sing Toyakendel budhal.
48. Tan winarna marga sampun prapti, lajeng tata nenggih barisira, neng kilen Danalayane, Den Jayanegareku, kinen ngalih denira baris, sakidul Danalaya, lan sakancanipun, Pangeran Suryawijaya, kang nindhihi ingkang baris wetan iki, nenggih Suranagara.
49. Sakancanya Pangeran Suryadi, kang nindhihi lajeng campuh yuda, pan tan hana kuciwane, siyang dalu prang pupuh, kapir murtad kathah longneki, murtad laknat semana, Jendral pan langkung kewran, nanging isin wurung, denya karya beteng ika, murtad laknat semana mapan kinerig, sampun prapta sadaya.
50. Langkung kathah Basah Ngabdullatip, mapan nulya ngaturi uninga, yen saya kathah bantune, laknattolah puniku, SriNalendra nulya nedhaki, lan sagung wadya kuswa, Basah kalih iku, kang dadya pangiridhing prang sampun budhal saking Toyakendel iki, lir werdhuhongga sasra.
51. Tan winarna marga sampun prapti, Sri Nalendra lajeng mesanggrahan, aneng dhusun Singkil mangko, sagung Basah puniku, tinimbalan wus prapta ngarsi, Pangran Suryawijaya, Suradi punika, lan Raden Jayanagara, Kangjeng Sultan ngandika mring Pangran Behi, paman sampeyan tata.
52. Sagung baris kang dereng prayogi, Pangran Behi sandika aturnya, gya rinembag prayogyane, lan Basah tiga sampun, dadya linton kang baris sami, Pangran Suryawijaya, lan sakancanipun, Den Menggung Jayanagara, baris kilen nenggih Basah Ngabdullatip, mapan barisneng wetan.
53. Anindhihi Basah Ngabdulmuhyi, kang prajurit Pagelen punika, dene Pangran Suryadine, mengaler barisipun, pan angrid kang pradipati, wetan Yogja sadaya, lan pinaring bantu, Pangeran Dipakusuma, lan Mas Dulah Resasentana puniki, Basah kalih minongka.
54. Dadya dhadha mapan anggenteni, barisira Den Jayanagara, mapan neng kidul pernahe, wus dadya rembag sagung, nulya budhal sing Singkil sami, lintu panggenan samya, Nalendra tumut, aneng kidul dadya dhadha, lawan sagung wadya jro lan pra-ngulami, mapan wus samya prapta.

55. Ing prenahnya sowang sowang iki, lajeng tata baris mapan samya, Sang Nata mengsanggrahane, aneng duren puniku, nanging elet kang dhusun kalih, kalawan Danalaya, samya katon iku, Basah kalih neng jejeran, mapan lajeng sadina dina ajurit, Jendral kelangkung kewran.
56. Ngaler ngidul ngetan ngilen iki, tinindhihan laknat kathah pejah, mapan yun ngantephing prange, ewed greragolipun, dereng dados kantun sahiring, Dulah Resasentana, tur uninga sampun, mring Pangeran Behi ika, yen greragol mapan ing kantun sahiring, Pangran Behi anulya.
57. Rembag lawan Basah sami, majeng majeng sareng pan wus dhinawuhan, prajurit myang dipatine, sareng enjang pan sampun, samya nembang tengara jurit, laknat nimbangi nulya, pan wus pinertelu, pan datan wonten kuciwa, samya mengnya prajurit Islam lan kapir, nulya campuhing yuda.
58. Tan parungyan swaraning kang bedhil, barung lan mariyem ika, pan anglir ruging wukire, gentya buru bunuru, datan wonten tan kuciwaneki, kapir kalawan Islam, mengkana winuwus, Tumenggung Suranagara, kang medal ler sakancanya sampun prapti, nenggih ing Danalaya.
59. Ing panggenan gregol puniki, kang jinujug langkung gegerira, sagung repot laknat mangke, nanging kapalan sagung, ingkang dharat pan dereng prapti, Jendral langkung gugupnya, gya mariyem iku, mengkana kang aprang ngarsa, pelangkirnya along mundur anadhahi, lajeng angedrel samya.
60. Dadya mundur Suranegareki, sakancanya ing angsal gendera, kapalan langkung kakune, kang dharat mapan dangu, denhantosi pan dereng prapti, mapan kapethuk marga, ing sahunduripun, lawan kang dharat sadaya, kapir murtad ingkang bujung wangsul sami, mengkana ingkang yuda.
61. Dereng wonten kang kuciwa sami, sadangunya senjatan kewala, tan saged campuh yudane, Basah kelawan iku, langkung kaku tyasira sami, laknat tan purun ngrunjang, pan wus ering iku, lawan kathah kenging ika, laknat kapir gusti Basah kang winarni, ngantos majeng pribadya.
62. Ingkang dhereknging dulah satunggil, Abusungeb mapan pamrihira, jeng gusti tinuta mangke, marang prajurit sagung, kadya sampun karsaning Widi, ing sadinten punika, datan saged campuh, laknat lawan wadya Islam, malah lajeng kesaputhing dalu iki, prajurit mundur samya.

63. Dadya kantun gusti Basah Kamil, lawan Dulah Busungeb punika, kinerutug senjatane, mring Laknattolah sagung, Kangjeng Sultan langkung tyasneki, dadya tumut punika, nenggani kang kantun, ngantos manyjing wektu ika, Mahrib ponakawan kang sowan satunggil, sengkuni westanira.
64. Pan ingutus ngundurken nimbali, marang Basah sengkuni punika, ajrih mring pelor derese, dhepes ampingan kayu, nulya Kangjeng Sultan pribadi, nimbali mring kang putra, Basah Kamil mundur, mengkana wus tan winarna, sabendina aprang ing Danalayeki, ngantos satengah condra.
65. Nadyan dalu awis kendelneki, wadya kathah laknat ingkang pejah, ing beteng wis dadi mangko, Jayanagara iku, weling atur mring Pangran Behi, yen marengi Nalendra, pan prayogi kondur, sabab beteng sampun dadya, pan kawula nyagahi tengga pribadi, inggih kalamun medal.
66. Wektu iku samya sudaneki, purunira kapir lawan Islam, kadya wus karsa Hyang Manon, mapan tan nate campuh, nanging samya bedhilan iki, laknat lan wadya Islam, saben dina iku, kang senjata ngrerondongan, lan mariyem Ngayogja mengkana malih, jeng Pangran Adisurya.
67. Ngabdulrahim wahu denya ngrampit, mapan nanging bedhilan kewala, ing gowok mengkono maning, Ki Urawan puniku, marma samya tan angsal kardi, dadya epur sadaya, nenggih juritipun, mengkana ingkang winarna, Pangran Behi umatur, mring Sri Bupati, lamun Jayanagara.
68. Pan mengkana ing panuwuneki, sabab beteng mangkya sampun dadya, sagah tengga sakancane, mengkana kang sinuhun, mapan lajeng kinen nimbali, ingkang Basah sekawan, prapta gya tinantun, lamun Den Jayanagara, pan mengkana aturnya mring Nrepati, Basah Ngusman aturnya.
69. Mapan inggih kelangkung prayogi, kalih aso kang Konca sadaya, ing pareng prayogane, pan sahe mawi sangu, ngantep jurit pan benjing enjing, Basah rembag sadaya, sokur inggih lamun, wonten pitulung Hyang Sukma, saged bedhah ing angsala criyos sami, sampun laha kewala.
70. Konca Basah inggih benyjing enjing, mapan samya dados sapengarsa, lan Dolah Rongga Panyjine, kendel ngabehi sagung, Konca jajar kang aneng wingking, sampun rembag sadaya, nulya samya mundur, saking ngarsanya Nalendra, enjing nulya anembang tengara jurit, mapan anglir semayan.

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

71. Laknattolah pan mengkana maning, lajeng campuh nenggih ingkang yuda, kapethuk samya majenge, mriyem tan ngantos iku, mungel lajeng aruket nuli, senjata lit punika, ing sakedhap iku, pan lajeng caruk kewala, sangkuh lawan wahos wong kapir, kalindhih belasah bangkenira.
72. Pan kabereg kapir yudaneki, lajeng ngungsi manyjing beteng samya, lawan angedrel mriyem, Islam pan menggah sagung, genya bujung pan wangsul sami, mengkana ingkang prapta, nenggih sabilipun, Mas Dulah Jayengwardaya, lan Mas Panyji Buntara lawan Ngabehi, pinilih suma tingal.
73. Lawan kaji ing Gadhing satunggil, Seh Muhamad Lahir namanira, lan ngabehi mridane, lan panji tamtameku, mapan kalih kang prapta sabil, Rongga Pagelen tiga, kang liya puniku, Islam pan lujeng sadaya, laknattolah belasah bangkene reki, tigang atus wetara.
74. enengena pan wus tan winarna, kawarnaha Sang Nata karsanya, Mas Dulah Resasentanane, pan linintonan iku, kinen tunggil wonten Ma giri, sabab uwor prangira, mapan langkung purun, Jendral Dhekok kang winarna, sampun mantuk saking Danalaya iki, mapan dhateng Ngayogja.
75. Mapan dalu budhalireki, Sri Nalendra wus ngaturan wikan, yen Jendral wus sepi mangko, kantun kang tengga iku, Danalaya lawan puniki, Pangeran Natapraja, gela tyas sang prabu, Basah Ngabdullatip lawan, Basah Ngabdulmuhyi kinen mantuk sami, lan saprajuritira.
76. Mring Pagelen mengkana nerpati, lajeng budhalan wadya kuswa, kundur mring Toyakendele, ing Danalaya iku, mapan ingkang kinen jageni, Pangran Suryawijaya, lan Raden Tumenggung, Jayanegara punika, sakancanya lajeng datan saged mijil, kang aneng Danalaya.
77. Kawarnaha wahu Sri Bupati, kundurira ngobongi Ngayogja, jeng Pangran Behi ature, menawi Jendral iku, meksih sura pesthi medali, kang sinuprih punika, mapan kang tinurut, lajeng Kangjeng SriNalendra, ameng ameng mring pajang nyare ketinggi, antawis pitung dina.
78. Laknattolah langkung kendhakneki, kang kamergen pan kendel kewala, tan winarna niskarane, Sang Nata sampun rawuh, Toyakendel sawadyaneki, apan wonten winarna, yata kang winuwus, wonten Jendral malih prapta, Komasaris Dhebos westane puniki, wakil Raja Welonda.

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

79. Bekta bala langkung kathahneki, pan anglorod Jendral Dhekok ika, lajeng akintun surate, kertas ageng puniku, lan pratondha ageng puniki, dhumateng Kangjeng Sultan, wus tinampen iku, nenggih dhateng Kyahi Maja, lajeng katur dhumateng Srinarapati, mengkana Sri Nalendra.
80. Mapan lagya pinarak pendhapi, lan kang rama Kangjeng Panembahan, Pangran Ngabehi ngarsane, putra santana sagung, myang pratiwa nung anung iki, andher sumiweng ngarsa, nira sang sinuhun, Ki Maja atur nuwala, mapan saking nenggih Jendral komasaris, wakilnya Raja Lada.
81. Mapan nulya kinen mahos iki, mapan kathah kang datan sinurat, pan nanging prelune, mengkana ungelipun, sampunipun inggih kang tabe, kawula kathah kathah, Jendral Dhebos iku, sayogja nenggih katura, mapan dhateng ingkang sahudara nguni, Pangran Dipanagara.
82. Ingkang sampun linilan Yang Widi, pan jumeneng kang sinuhun Jeng Sultan, Ngabdulkhamid peparabe, kang jinunjung mring sagung, ingkang para ngulama sami, myang kang prapandhita sarip suhadeku, khaji lawan mahulana, sinahidan kalawan prang ageng iki, ngakat Kuran adilnya.
83. Luhuripun Islam tanah Jawi, kang kalipah Kangjeng Rasullolah, Sam tanah Jawa kabeh, marma tur surat ulun, pan kinarya sulur sayekti, dhateng Raja Welonda, mapan badhe sagung, inggih ngestoken sadaya, jumenengnya ratu Islam tanah Jawi, lan badhe dherek ika.
84. Angluhurken mring agami Nabi, Islam ingkang wonten tanah Jawa, kawula anuwun maleh, ing aprang kendelipun, lamun pareng nedya bedhami, mapan inggih kawula, binektanan sampun, ingkang capra Jawe Londa, marmanipun suwawi sami pepanggih, ambanarah kang karsa.
85. Kang sinuhun Kangjeng Sultan yekti, pan ing pundi kawula sumongga, wus titi surat johane, Kangjeng Sultan gya nantun, marang sagung sewaka sami, Panembahan aturnya, pan prayogi iku, iya Sultan panggihana, wus pratela yen iku wakil sayekti, pan wus nora kuciwa.
86. Nadya kapir pan padha nerpati, Sultan Ratu Islam tanah Jawa, Jendral komasaris kuwe, mapan wakil satuhu, iya Raja Welonda yekti, pratondha ingkang ecap, wus pratela tuhu, dadya wus tana kuciwa, Pangran Behi myang sagung pan rembag pan sami, nanging Kyahi Maja.

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

87. Datan rembag mengkana turneki, mapan ewedhing dalil punika, ratu Islam satuhune, tan wonten saminipun, nadyan inggih Raja Welandi, pan dhatenga pribadya, datan angsal tuhu, pepanggih lan Sri Nalendra, sampun silih Jendral komisaris wakil, punika yen angsala.
88. Lamun ngantos Kangjeng Sultan panggih, dados ngandhaphaken kang agama, mapan ageng sesikune, dadya kendel sedarum, sabab dalil ampunganeki, mengkana kang ulama, pan ajrih sedarum, mabeni mring Kyahi Maja, sabab iku ingkang wus linilan dhingin, matur mring Sri Nalendra.
89. Lamun wonten kang ulama iki, purun matur pan sinatru nulya, marma ajrih sadayane, mapan ing wektu iku, Kyahi Maja tetekoneki, kathah buta repanya, lan tekaburipun, mapan ta ing dina dina, nadyan silih anak muridnya pribadi, yen asring ingandikan.
90. Pan sinatru marma samya ajrih, Panembahan pan aris ngandika, paran dadi prayogane, pratingkah agameku, yen ing adat kang dhingin dhingin, kula dereng uninga, lir Sultan puniku, kang sinebut Raja Londa, wakil manten yen pun gawa ecapneki, pan iku pan tan beda.
91. Lan wujude ingkang denwakili, marma kula ngaturi prayoga, Sultan yen panggiha dhewe, pan kula dereng weruh, wertanira ratu kang dhingin, awithing Mangkurat ing saprikinipun, nganti mudhun Raja Londa, yen adate nging Jendral kang neng Betawi, Dhekok niku timbangnya.
92. Ingkang ngangkat ratu tanah Jawi, marma ing tyas kula luwih lega, pun punjul lawan adate, tampane tyasatuhu, gih puniku luhur agami, ing Maja turira, pan sarwi besetngut, pan meksih sanes punika,) ratu dosnnya kalawan ratu ing akir, ratu donya kang ngangkat.
93. Laknattolah pan ratu agami, ingkang ngangkat pan sagung ulama, putra dalem upamine, inggih ngantos apangguh, lawan kapir dalil tan kenging nyudakhaken nugrahan, suda rahmatipun, Panembahan angandika, mongsa bodho pan kula tan ngreti dalil, nging adat tanah Jawa.
94. Dereng wonten lir Sultan puniki, Sri Nalendra aris angandika, sampun kyahi kajenge, lamun dalil sahestu, ingkang nyegah parentahneki, sahestune punika, Kuran kang kula nut, Ki Maja mapan mengkana, langkung bungahing ngilonanan kajengneki, ngrahos yen angsal karya.

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

95. Kangjeng Sultan angandika aris, heh manma Japaran kang prayoga, ing dalil Kuran surupe, mapan sun iki tuhu, ingkang dadya esthining ati, nanging drema kewala, anglakoni ingsun, sabarang parentahira, lamun Kuran ingsun tan sedya gingsiri, Kyahi Maja turira.
96. Pan mekaten parentahing dalil, boten kenging yen paduka panggya, yen kapir punika dereng, pasrah mring badanipun, nadyan sampun pasrah upami, lamun wakil kewala, boten kenging tuhu, yen dede Raja Welonda, sapunika pan sampun pratela yekti, kedhaping Laknattolah.
97. Seratipun Jendral komasaris, mapan sampun anglorod punika, Jendral Dhekok kalenggahane, Jendral Pagen pan sampun, datan wonten ingkang pawerti, Jendral Dhekok punika, anggentosi estu, Jendral Pagen karyanira, mapan Jendral komisaris kang gentosi, Jendral Dhekok kang karya.
98. Dados dereng mindhak lir rumiyin, kala Jendral Dhekok atur surat, nging sampun jangkep semangke, nenggih wicalanipun, pedhang lawan bicanteneki, komasaris punika, amba timbangipun, Jendral Dhekok punika, timbangipun lawan Pangeran Behi, mesem srinata.
99. Heh tahu wusira sun turuti, lamun iku parentahe Kuran, nging padha den mantep bahe, karyaha angsul angsul, layang marang ing komasaris, Ki Maja tur sandika, wus luwar Sang Prabu, Ki Mja karya nuwala, marang Jendral wangsulan mring komasaris, winahonan tan kena.
100. Ingkang sura mring Pangeran Behi, mapan lawan Kangjeng Panembahan, Ki Maja bengis ature, sampeyan sampun tamtu, dereng pirsa sesikuneki, nenggih ing dalem Kuran, myang ulama sagung, punika mongsa pirsoha, dereng ngahos, nana semam sawahneki, jroning Kuran asmara.

PUPUH XXX
ASMARADHANA

1. Pangran Behi langkung ajrih, lawan Kangjeng Panembahan, sabab Kuran ampungane, dadya nanging Kyahi Maja, ingkang mangsuli punika, surat lan pretandhanipun, marang komasharis Jendral.
2. Ungelnya suratireki, mapan anglir aturira, Ki Maja marang sang katong, dadya langkung sarunira, mengkana babing yuda, punika khakendel estu, datan lami antaranya.

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

3. Mapan wonten surat malih, mapan kekalih punika, Dhebos lan Dhekok surate, mengkana ijemanira, nging perlune kewala, Jendral komasaris iku, lamun mangke karsanira.
4. Kang parentah wangsul malih, mring Jendral Dhekok sadaya, malah kang pratondha mangko, Jendral komasaris ika, pan mawi ingalingan, kinubeng cinorek iku, pratonndha yen wus pracaya.
5. Marang Jendral Dhekok malih, Jendral Dhekok pratondhanya, mapan neng inggil enggene, wawernen amalang kawak,nging surat meksih ika, namtokhaken ngajak pangguh, lan mungel kang wus masesa.
6. Dharat segara lan wukir, pan ngajak semaya dina, Ki Maja pan wangsulane, ngajak panggih Jalanang, mengkana kang winarna, wus prapta semayanipun, Ki Maja nulya parentah.
7. Nenggih Basah Ngabdulmuhyi, Pagelen pan tinimbalan, mapan sewu prajurite, mengkana parentahira, nenggih Kiyahi Maja, kelamun sida kepangguh, lan Jendral aja kuciwa.
8. Datan tega Sri Bupati, wahu dhumateng Ki Maja, Sang Nata pan tumut mangko, nanging anamur kewala, yen siyos apepanggya, Jendral lan Ki Maja iku, Sang Nata mapan mengkana.
9. Karsanya wus tan winarni, saking Toyakendel budhal, myang sawadya kuswa mangko, wus prapta ing Jahalanang, Jendral nulya utusan, anrerang kang tamtu pangguh, punapa jeng Sri Nalendra.
10. Kelamun Srinarapati, Jendral Pagen sohan pribadya, lamun Ki Maja kimawon, mapan ngaturan punika, mring Klathen kewala, sabab sahe enggenipun, dados tan na kang bicara.
11. Ki Maja sugal nahuri, mring Kelathen amek apa, gelem tan gelema mangko, Jendral mapan kula undang, sab sampun jangjinya, jadi karma dika tutur, yen mengkoten karep kula.
12. Jadi karma nuli bali, werti mring Jendral kalihnya, meksih neng Bayalaline, mengkana wus tan winarna, tamtu wakil kewala, Setewer malih lumaku, katiga Raja Welonda, sabab samangsane dadi, sabarang paturanira, Setewer wineling mangko, pan lajeng, lan Bun Ngaliketib ika.
13. Pan namung wewah satunggil, Sarip Kasan wastanira, papat khaji Sala mangko, lan wus binektan pratondha, nanging ecap kewala, kang Jendral kalih puniku, katiga Raja Welonda.
14. Sab samangsane dadi, satarang paturanira, Setewer wineling mangke, pan lajeng kinen nuhuna, nenggih ingkang nuwala, surat parentah puniku, marma binektan pratondha.

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

15. Jadi karma nulya prapti, wahu dhumateng Ki Maja, yen Jendral wakil kimawon, nanging motlak punika, Ki Maja mapan nulya, parentah karya puniku, pesanggrahan junut ika.
16. Badhe kinarya manggihi, pan sampun semados dina, mengkana prapta mangsane, Kyahi Maja mapan nulya, pamit mring Sri Nalendra, lan Pangran Ngabehiku, Pangran Ngabdulmajid ika.
17. Gusti Iman Basah Kamil, lan Basah Ngabdulmuhyika, Ngusman Ali Basah mangko, lagya sakit marmanira, datan wonten punika, myang sagung pradipatyeku, budhal saking Jahalanang.
18. Tanpantara prapta nuli, ing Junut Kiyahi Maja, myang sagung pratiwa kabeh, ingkang samya dherek ika, mengkana tanpantara, Setewer pan prapta sampun, myang sagung sakancanira.
19. Nulya tata lenggah sami, ri wus Setewer manebda, kiyahi kula kinengken, dhateng Jendral sakalihnya, anuhun kang parentah, lawan ngaturaken sagung, punika ing tanah Jawa.
20. Sumongga karsa Nrepati, wetan wangkid Belambangan, kilen ing Banten wangkide, Jendral pan sampun sumongga, ing karsa Sri Nalendra, lan ing Sala Yogjeku, punika inggih katura.
21. Dhumateng Srinarapati, nging Jendral gadhah panedha, inggih tigang prekawise, ingkang rumihin punika, lamun sagung Welonda, kinon tumut manjing iku, agami Islam sadaya.
22. Mapan denpelahur mati, dene kaping kalihira, yen pareng Kangjeng sang katong, mapan pasisir sadaya, dipunsuwun punika, ngladosna lir adatipun, pahos dhateng Srinalendra.
23. Nenggih kaping tiganeki, yen datan pareng punika, nanging Jendral panuhune, teksiha kenging punika, ngambah ing tanah Jawa, nanging nuhun dagang iku, lawan kula sampun bekta.
24. Mapan kang pratondha sami, awerni ecap katiga, yen sampun pareng sang katong, ingkang panuhun punika, kinen lajeng ngecapa, tuwan Jendral printahipun, pan inggih dhateng kawula.
25. Ki Maja sugal nahuri, iku endi pasrahira, mapan kabeh sayektine, kagungane Sri Nalendra, iki ing tanah Jawa, ana dene Sala iku, mapan kang putra pribadya.
26. Ngayogja ingkang nagari, kang sinuhun Kangjeng Sultan, ana dene Sala kuwe, lamun nora pituruta, marang karsane kang rama, aku bahe ya wus saguh, ambubrah ing Surakarta.
27. Balik pasrahnya kang endi, yen upama wong totohan, durung ana kukupane, iya ing pekalahira, Setewer nulya nebda, kyahi kula tan sumurup, ingkang dados kersa dika.

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

28. Marmane kawula prapti, kinengken Jendral punika, mapan inggih masrahake, ing tanah Jawa sadaya, mapan sampun sumongga, nging Jendral parentahipun, inggih dhumateng kawula.
29. Mapan kinen nyadhong yekti, ingkang parentah Nalendra, Jendral nurut sakrsane, pan nanging panuwunira, mungel ngajeng punika, pundi kang linilan iku, suwawi dendhawahan.
30. Marmane kawula kyahi, binektanan capten tiga, pundi kang dados karsane, kang dhinawuhken kawula, lajeng kinen ngecapna, Ki Maja sugal sumahur, heh Setewer iya apa.
31. Ingkang sun dhawahke iki, sira durung asrah badan, Setewer alon sahure, badan punika punapa, tan sumerep kawula, Kiyahi Maja sumahur, mengko sun surupken sira.
32. Yen wus kelar sira iki, nuli sun dhawuhi sira, kang dadi karsa sang katong, lawan parentahing Kuran, Bun Ngaliketib nyandhak, tuwan pan ewed puniku, prayogi malih anrerang.
33. Dhateng Jendral komasaris, kawula ajrih punika, Setewer dhinengerhake, mring Bun Ngaliketip ika, kagyat Setewer nebda, Kyahi Maja keprahipun, mundur kajengan andika.
34. Pribadi kang den turuti, ing ngajeng wahu punika, Jendral dadosa nuhune, den lampu tumpes sadaya, inggih mongsa puruna, yen dika prih Islam tuhu, Ki Maja sugal sahurnya.
35. Kang endi pratondhaneki, sira saguh nuhun karsa, Setewer sugal sahure, mapan pasisir punika, yen marengi Nalendra, linadosken pahosipun, yen tan marengi sumongga.
36. Nging kenginga dagang iki, nenggih aneng tanah Jawa, Ki Maja bengis sahure, dadi aprang tanpa karya, yen kaya karepira, tanpa pedah mapan iku, ngukup meliknya pribadya.
37. Dene Kangjeng Sri Bupati, sayekti datan kagungan, iya kang sun padukiye, pan melike senapatya, Setewer sugal nebda, yen kaya mekoten sampun, dadi dika ingkang karya.
38. Punika sagung pepati, ing tanah Jawa sadaya, lawan kang wutah getihe, pasthi katempuh andika, sabab dika kang karya, Ki Maja bengis sumahur, senadyan padha wutaha.
39. Pan getihe Konca mami, dadi jebad kesturika, mati surga ganjarane, Setewer asru anebda, gih kyahi kawula, mapan boten melu melu, lamun kaya karep dika.
40. Pun wisuh kula kiyahi, punang ing mongsa bodhowa, nulya pamit sakancane, Setewer wus mundur nulya, saking junut punika, tan winarna praptanipun, kawarnaha Kyahi Maja.
41. Budhal saking junut iki, wangsul dhateng Jahalanang, mengkana Kangjeng sang katong, mapan lenggah aneng sela, ngajeng ajeng

Ki Maja, mengkana pan prapta sampun, lajeng sohan Sri Nalendra.

42. Atenapi Pangran Behi, Pangran Ngabdulmajid ika, lan Basah Ngabdulkamile, Basah Kasan Besarika, Ngabdulmuhyi lan Basah, myang kang pratiwa nung anung, SriNalendra angandika.
43. Paran ing lakune reki, Ki Maja matur niskara, kelangkung ngungun sang katong, dangu mapan tan ngandika, ri wus nulya atanya, mring kang paman ngabehiku, upami tinututhan.
44. Setewer punapa meksih, Pangran Ngabehi aturnya, kados sampun tebih katong, wetawis selampahira, pan lajeng sesanderan, kados sanget nepsonipun, Sri Nalendra angandika.
45. Kados lamun nepsuneki, Ki Maja kang kebrabehan, kados pundi wetawise, punapa tan matosana, Pangran Behi atanya, dhumateng Ki Maja iku, kados pundi Kiyahi Maja.
46. Pandugine benyjing enyjing, punapa tan dhatenghana, Ki Maja mengkana ture, inggih wetawis kawula, kados boten punika, pun laknat kapir puniku, nging kantun angas kewala.
47. Senadyan purun malih, pun Laknattolah punika, mongsa kuwatosa mangko, mapan Konca Basah tiga, kang nadhahi punika, Sang Nata anulya kondur, ewa mring turnya Ki Maja.
48. Prapta pesanggrahaneki, nulya sare Sri Nalendra, wus luwar mapan sagunge, mring pondhokan sowang sowang, mengkana enjangira, kapir tan medali pupuh, Ki Maja mapan sangsaya.
49. Tekaburira andadi, kadya wus karsa hYang Sukma, tan kenging winahon mangko, malah ing pengakunira, mapan inggil pribadya, marmane lanang puniku, sagung Islam juritneki.
50. Pan saking piyambakneki, sabab angaken pribadya, lamun siniyan Hyang Manon, marma Sri Selayanira, lan Pangran Ngabehika, myang sagung pradipatyeku, ajrih gething mring Ki Maja.
51. Sareng wanci Asar iki, pecalang atur uninga, yen laknat medali mangko, langkung gugup tur uninga, dhateng Srinaranata, Ki Maja wus kinen iku, parentah magut ing yuda.
52. Nanging sagung pradipati, esmu gela tyasnya samya, dhumateng Ki Maja mangko, sabab sahujarnya ika, tanana ingkang nyata, nging ajrih ingkang sinuhun, marma kemba ajengira.
53. Mengkana laknat wus prapti, pan lajeng pinethuk yuda, marang Basah Pajang mangko, Kasan Besari punika, lawan sakancanira, nanging den mriyem ping telu, prajurit Pajang lumalya.
54. Basahira kang marahi, pan gendring pelayonira, ngungsi mring Basah kalihe, Pagelen lawan Mentaram, laknat wus katadhahan, pan sapih kesaput dalu, laknat mondhok mring Kejiwan.

55. Basah kalih mondhok sami, aneng Kejambon punika, lawan sagung prajurite, Basah Kasan Besarika, kinen baris neng ngarsa, lan prajurit Pajang sagung, dalu sagah ngecu ika.
56. Nanging datan angyektosi, enjing lajeng campuh yuda, ingkang dados pengajenge, Mas Tumenggung Sutayuda, ing Kejambon punika, lawan Mas Rongga puniku, ing Ngupit Prawirahastra. 57. Lawan Mas Rongga puniki, ing guling Jayasentika, lan mas rongga tanggalane, Wirasentika namanya, lajeng kuwel ing yuda, samya tinilar lumayu, sekawan kelajeng samya.
57. Prapta ing Sabillolahi, laknat mapan kathah pejah, kadya wus karsa Hyang Manon, sinung pameleh punika, pan prajurit Mentaram, lawan ing Pagelen iku, ing ngajengken nora kena.
58. Mapan kedah mundur sami, Sri Nalendra ingaturan, priksa mring kang rayi mangko, Pangran Ngabdulmajid ika, lamun prajurit samya, lagya tan kenging ingadu, mapan kedah mundur samya.
59. Lawan ngaturi udani, Mas Tumenggung Sutayuda, lawan rongga katigane, mapan prapta Sabillolah, langkung ngungun Nalendra, rumahos tampi sesiku, dhateng Rabilngalamina.
60. Sabab ing pitajengneki, selaminya mring Ki Maja, kelamun tinandhing mangko, prajurit Islam lan laknat, kadya tikel sekawan, dadya ngles tyasnya sang prabu, dangu datan angandika.
61. Langkung ajrih mring Hyang Widi, selaminya wadya Islam, datan mengkana prerange, pratondha dinukan sukma, Sang Nata ris ngandika, mring Pangran Ngabdulmajidku, heh Ngabdulmajid ta sira.
62. Anake kang padha sabil, kabeh sira gentekhena, aja owah sajenenge, Jeng Pangran matur sandika, Sang Nata nulya budhal, saking Jahalanang iku, tan kantun kang wadya kuswa.
63. Pan kondur Srinarapati, mring Toyakendel punika, datan winarna margine, Toyakendel sampun prapta, kawarna Laknattolah, mapan sareng unduripun, lawan Kangjeng SriNalendra.
64. Nenggih Pangran Ngabdulmajid, kang tengga Pajang sadaya, ingkang kinarya kanthine, Rahaden Riya Sindurja, sagung kang baris samya sampun manggen prenahipun, mengkana wus winarna.
65. Kawarnaha Sri Bupati, pinarak aneng pandhapa, lawan Panembahan mangke, Kyahi Maja munggeng ngarsa, lan Pangran Ngabehika, Basah Ngabdulmuhyi iku, nuhun pamit mring Nalendra.

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

66. Mantuk mring Pagelen iki, sabab yen tinilar lama, Pagelen sanget watose, bilih bibrah manahira, sagung prajurit samya, Ki Maja nambungi wuwus, sarwi gumujeng punika.
67. Heh ta anak Ngabdulmuhyi, dika kuwatir mring desa, pan desa gampang kemawon, angel wong nata agama, Basah ris aturira, mapan angel nata dhusun, gampil anata agama.
68. Ki Maja nyentak sru aling, daweg padha lilironan, dika nata agamane, kula ingkang nata desa, Ngabdulmuhyi sahurnya, pan kawula dede kahum, sangsaya srengen Ki Maja.
69. Suwawi Pangran Behi, punapa leres punika, desa tandhing agamine, Pangran Ngabehi ngandika, mapan pengrasa kula, kyahi pan padha puniku, nging beda kang duwe karya.
70. Dadya saya muring muring, Ki Maja sanes tampinya, yen mengkoten tanpa gawe, sagunging aprang punika, mindhak angsal duraka, lamun desa kang rinebut, mesem Kangjeng Sri Nalendra.
71. Nulya angandika aris, iku padu tanpa karya, mengkene iku surupe, lamun badan tanpa nyawa, apa arane ika, nyawa lamun tan kadulu, nora nyata rupanira.
72. Mapan nulya kendel sami, Basah Ngabdulmuhyi ika, wus linilan mantuk mangko, mring Pagelen lengser nulya, saking ngarsanya Nalendra, tan winarna praptanipun, mengkana sang Sri Nalendra.
73. Kadya wus karsa Hyang Widi, linebur ingkang pusaka, tiga karsanya sang katong, dinadosaken sajuga, nenggih Ki Sarutoma, lan Ki Barutuba iku, tiga Kyahi Abidjaya.
74. Kyahi Barutuba iki Seh Muhamad Usman Li Basah, kang pinaring anggen anggen, nenggih Kyahi Sarutoma, Kangjeng ratu punika, Kyahi Abidjaya iku, mapan agemnya pribadya.
75. Ayun matur pan samya jrih, Pagelen ingkang winarna, Pangran Dipanagarane, ingkang garwa nandhang grerah, langkung sanget punika, kinondurken mring Mentarum, ing Toyakendel wus prapta.
76. Mapan lajeng sedaneki, sinareken ing Jimatan, dadya ingkang raka mangko, Pangeran Dipanagara, mapan sanget liwungnya, wantu samya anemipun, lawan dereng gadhah putra.
77. Mapan kinen wangsul malih, mring Pagelen dereng karsa, pan meksih langkung ing tyase, Pangeran Dipanagara, wahu dhateng kang garwa, mengkana wus tan cinatur, Kangjeng ratu kang winarna.
78. Pan lagya bobot nem iki, sampun karsaning Hyang Sukma, mapan lajeng grerah mangko, sanget mapan tan kentara, nanging ingkang salira, mapan risak Kangjeng ratu, tan suda ngibadahira.

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

79. Mengkana welas ningali, Kangjeng ratu mring kang raka, ingaturan ningkah mangko, mring tilaranya kang paman, Pangeran Dipayana, Raden Ayu Retnaningrum, pinaring nama punika.
80. Nanging ingkang tyasnya nerpati, mapan tan marem punika, lajeng akarya panepen, kinarya anglipur brongta, neng dhusun Mentaraman, pan kinontha dhepokhipun, lir pretapaning pandhita.
81. Sasekaran warni warni, mawi langgar alit ika, mapan kinubeng ing lepen, aneng ngiring iring arga, lan mawi kelangenan, nenggih kang peksi prekutut, dene kang dherek punika.
82. Nanging ponakawan alit, ingkang ngladosi punika, yen Jemungah kondur mangko, marang Toyakendel Salat, yen wus bakda Jemungah, lajeng sinewa puniku, sabarang paturan samya.
83. Pan punika wektuneki, katurnya mring Sri Nalendra, yen sampun gya kondur maleh, Sang Nata mring Mentaraman, mapan selaminira, neng Toyakendel puniku, lawan kangeng ratu grerah.
84. Ing Pajang ingkang winarni, Basah Kasan Besarika, mapan asring selayane, lawan bantu sing Mentaram, lawan Kangjeng Pangeran, Ngabdulmajid lir puniku, dadya kondur Jeng Pangeran.
85. Dhumateng Mentawis iki, nanging kantun Raden Riya, Sindurja tinilar mangko, sampun katur mring Nalendra, nulya kinen mariksa, nanging aso aturipun, mapan tan arsa balika.
86. Mengkana Ki Maja ika, mapan asring winadulan, yen bantu Mentaram kether, dene kang marahi ika, mapan Cakranagara, kang kilen mapan kang kidul, Den Tumenggung Jawinata.
87. Dadya langkung watirneki, Ki Maja mring kakangira, Basah Kasan Besarine, mapan sring denhoyak oyak, yen bantu dereng prapta, lawan sanget isinipun, ajrih marang Sri Nalendra.
88. Sabab sampun kathah iki, kelajeng sesumbarira, nulya Cakranegarane, ingundang pan sampun prapta, ngajengira Ki Maja, nulya tinakenan iku, heh dika Cakranagara.
89. Punapa sring ketherneki, lamun gilir marang Pajang, dadi marahi kang akeh, yen dika tan gelem ika, angur dika seleha, kula bisa golek liru, mapan wong kang kaya dika.
90. Cakranagara nahuri, punika wonten inggih datan ewah, kadya Konca sadaya, lamun dangu pados sangu, kiyahi boten inggiya.
91. Ki Maja nabda abengis, heh ta Ki Cakranagara, nanging karya sarat bahe, kalamun prapta ing Pajang, dika banjur hmpetan, datan wani temu mungsuh, gumuyu Cakranagara.
92. Gih yektos Kangjeng kiyahi, sinten ingkang purun pejah, nanging kula sahestune, lumampah gilir punika, lan saKonca sadaya, karsanya ingkang sinuhun, nging karya bantu kewala.

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

93. Dene kang kula bantuni, prajurit Pajang punika, nging tan wonten prajurite, wekasan kinarya bondha, gih sinten puruna, rumiyin duk anyaripun, inggih ing Pajang punika.
94. Pan sagung Konca Bupati, kang samya gilir punika, mapan aprang sayektose, pan pinenggih dados kondha, lir Pagelen punika, wekasan mindhak puniku, Konca kang kinarya bondha.
95. Dadya gela tyasnya sami, nanging ajrih yen matura, ing mangke kapareng yektos, sampeyan duka punika, kawula langkung lega, nadyan katur kang sinuhun, kawula mapan sumongga.
96. Sampeyan arsa mantuni, ing wahu dhateng kawula, pundi wernine tiyange, ingkang sami lan kawula, mapan ayun uninga, Ki Maja asru amuwus, heh dika Cakranagara.
97. Dadi pun tan arep yekti, anurut parentah kula, Cakranagara sahure, yen ingkang leres sandika, lawan teranghing karsa, sampun sakit nadyan lampus, kawula mapan sumongga.
98. Ing siyang kelawan latri, sumahos karsa Nalendra, tan mulat marang liyane, esmu isin Kyahi Maja, mring Cakranagara, mengkana wus tan winuwus, enjing malih kang winarna.
99. Kyahi Maja ing tyasneki, sangsaya muring muringnya, tanbuh kang dadi napsune, mengkana pan lenggahan, lan kang para ngulama, kaji lawan sarip iku, Pangran Behi ingaturan.
100. Pinarak dhumateng mesjid, sampun rawuh Kangjeng Pangran, Ki Maja aris ature, mapan kawula Pangeran, ayun sohan Nalendra, ngaturken ujaring elmu, inggih lampahing nagara.
101. Rumiyin alam Jeng Nabi, pan samya mahujud sadaya, ing Demak mengkaten maleh, punika Kangjeng kawula, badhe matur Nalendra, nuwun karsa kang satuhu, kantenane pekarya.
102. Pangran Behi manebda ris, puniku karya punapa, kula tan sumrep mangko, dene karsane Nalendra, pun pun percaya sadaya, mring kyahi selamenipun, datan pirsa napa napa.
103. Kyahi Maja sahurneki, Pangran babing wasesa, Sri Nalendra sedayane, sedaya wakil kewala, mapan kajeng kawula, nuhun panduman satuhu, wasesa Salah sajuga.
104. Kantenane gen, nglampahi, dados boten keron ika, sabab sampun gadhahane, yen Sang Nata sampun lila, ingkang Salah sajuga, Pangran Ngabehi nebda rum, kyahi tan sumrep kula.
105. Alah pakarya sawiji, dene kabeh wonten dika, Sang Nata barang karsane, Ki Maja pan sahurira, inggih leres punika, mapan nanging dremi tuhu, kula tan gadhah wasesa.

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

106. Mengkaten Pangeran Behi, ujare ngelmu punika, kagunganira Hyang Manon sekawan kang wonten donya, punika mapan samya, pinaring wasesa iku, pekaryanira pribadya.
107. Mapan ta dados satunggil, ratu walilan pandhita, mukmin kaping sekawane, punika kajeng kawula, pundi kinarsakhena, kang salah satunggalipun, lan pundi kang pinaringna.
108. Kantenan genya nglampahi, ingkang manah boten gela, lamun sampun gadhahane, Pangran Ngabehi ngandika, yen kaya mengkotena, anglir kang kelakon iku, tan pedah rinebut yuda.
109. Datan wurung niku benyjing, papat ratu ngaku samya, angurbaya kang kelakon, nanging telu ratunira, sawiji kang masesa, yen kaya mengkoten iku, dadi saya boten tata.
110. Kyahi kawula pan wedi, yen melu melu punika, myang sagung ulama kabeh, tinantun samya aturnya, mapan ajrih sadaya, nanging anak murid dipun, kendel kewala.
111. Wonten ngulama sawiji, Seh Belawi namanira, mapan mengkana ature, kyahi pengrahos kawula, sampun leres punika, inggih lawan ngelminipun, lamun wakil winakilan.
112. Nanging wujudnya satunggil, ingkang jumeneng wisesa, kang rinilan mring Hyang Manon, lamun boten mekaten, mapan tan wande ura, tan jumeneng kraton tuhu, Ki Maja bengis sahurnya.
113. Yen mengkono Seh Belawi, arep anggenteni mring wang, ajrih Seh Bilawi mangko, pan lajeng kendel kewala, tan dumugi aturnya, dadya samya ajrih sagung, ulama sarip kajika.
114. Dadya samya aturneki, pan nanging ajrih kewala, mapan nulya bubar mangko, marang prenah sowang sowang, kawarnaha Ki Maja, dadya sanget isinipun, kelamun tan kelakona.
115. Ingkang dadya Kangjengneki, ing dalu tan saged nendra, mengkana sareng enjinge, Ki Maja ing Kangjengira, sohan Srinaranata, dumugeken lajengipun, mampir dhateng Pengabehan.
116. Mengkana Pangeran Behi, ing dalu tan saged nebda, panuju lenggang pandhapa, Ki Maja wus prapta mangko, ri sampun lenggah atata, Ki Maja aris nebda, Pangeran suwawi iku, samya sohan mring Nalendra.
117. Pangran ngabehi nebda ris, yun sohan wonten punapa, mapan Ki Maja sahure, pan inggih Kangjeng kawula, dumugeken punika, ing wingi ujaring elmu, ayun kawula aturna.
118. Dhateng Kangjeng Sri Bupati, Pangran Behi ngandika, kyahi ing wingi mulane, pan sampun ajrih kawula, malah lamun kenaha, sampun dumugeken matur, menawa angsal duduka.

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

119. Tur mongsa angsala iki, mindhak karya kagyat ika, mapan Ki Maja, sahure, dinukan kenging punapa, wong matur saleresnya, punika ujaring elmu, Pangran Ngabehi ngandika.
120. Sampun leres ngelmu punika, inggih pan mongsa sanesa, senadyan Kangjeng sang katong, pan mongsa inggih kilapa, menggah rahos punika, Ki Maja mujar basengut, gih sampun kula pribadya.
121. Ingkang sohan mring nerpati, Pangran Ngabehi ngandika, mapan sumongga kimawon, yen kenging pan kula mirma, menawi dados duka, Ki Maja nulya lumaku, lan mengkana ujarira.
122. Gih sampun kula pribadi, Pangeran mapan babegjan, kawarna Kangjeng sang katong, mapan lagya mahos Kuran, neng surambining langgar, ingkang winahos panuju, amarengi Surat Rahman.
123. Ingkang samya sohan niki, sagung ponakawan ika, alit alit mapan andher, neng panepen Mentaraman, Ki Maja nulya prapta, kendel neng pasohan iku, ponakwan tur uninga.
124. Lamun Kyahi Maja prapti, pan nuhun sohan punika, esmu kagyat Jeng Sang Katong, tineka wonten prekara, kendel pamahosira, nging Kuran meksih neng ayun, Ki Maja gya ingandikan.
125. Wus prapta ngarsa nrepati, Sri Nalendra angandika, sira prapta pakaryane, Ki Maja aris aturnya, mapan tan wonten karya, ingkang saking liyanipun, nging karya amba pribadya.
126. Ngaturken lampahing elmi, sagung pratingkah punika, kawula matur sayektos, menggah lampahing agama, mapan mawi wangkidan, kang gadhah karya punika, mrih samya santosanira.
127. Mapan nugrahan Hyang Widi, kang linahir keneng donya, kawan prekawis kathahe, dene warnine punika, ratu lawan uliya, pandhita mukmin kang tuhu, punika kang sinung karya.
128. Pan inggih dhateng Hyang Widi, tan kenging lintu pakarya, lawan sami wasesane, sumongga tuwan mundhuta, ingkang salah sajuga, yen paduka milih ratu, pan nanging ratu kewala.
129. Wali pandhita myang mukmin, suwawi tuwan piliha, kang pundi kinarsanhake, kantenan manah kawula, lan tuwan ngandikaha, kang tan kinarsaken iku, pasraha dhateng kawula.
130. Mengkana karsaning Widi, Kangjeng Sultan duk miharsa, mring Kyahi Maja ature, jajabang mawi ngawinga, mapan asru ngandika, heh iki dhingin sireku, duk ngucap kuwanen ika.
131. Nora kungkulan mring mami, marang Ngabdulmajid sira, dadi iki wahanane, ingsun weruh karepira, mapan jaluk wasesa, kaya Sunan Giri iku, dadi ingsun sira karya.

132. Kaya Sultan Demak dhingin, ingsun dumeh muridhira, kalawan iya maninge, mapan ingsun ora ngrasa, sira bakali ika, duk durung ana sireku, mapan ingsun wus kinarya.
133. Marang ing Rabilngalamin, sira anglahirken iya, kalawan ngulama kabeh, pan dudu sira prabadya, lawan sun dhingin ika, aweh wenang mring sireku, prekara pratingkah Kuran.
134. Sebarang parentahneki, sira sun lilani iya, lamun matura mring ingong, sun duga selamet sira, mapan ingsun tan nyana, lamun mengkono karepmu, lawan maninge Ki Maja.
135. Ingsun tan angrasa yekti, lamun dadi karyanira, apa tekaburmu kuwe, ingkang bakal dadi bondha, tumungkul Kyahi Maja, mapan tan saget umatur, langkung ing kaduwungira.
136. Sang Nata ngandika malih, ngelmu ingkang sira karya, ampungan karepmu kuwe, mapan sarupaning jalma, iki pan pinaringan, marang Allah ingkang agung, lah mara maning matura.
137. Ki Maja sanget denya jrih, tan saged malih matur, nulya kinon mantuk mangko, Kangjeng Sultan manjing langgar, langkung gela tyas nata, dhumateng Ki Maja iku, mapan sanget tan sembada.
138. Kajengnya lan yektineki, mengkana Kyahi Maja, mantuk wus prapta wismane, langkung sanget mrih wirangnya, konangan kajengira, Panembahan kang winuwus, mapan lagya lalenggahan.
139. Kalawan Pangeran Behi, Raden Riya Natareja, ing sohan neng ngarsane, mapan aneng ing pendhapa, dangu marang Ki Maja, kang dados panuwunipun, umatur rahaden riya, wus matur niskaraneki, mesem Kangjeng Panembahan, dene teka kaya rare, Sultan den wedeni ika, ngelmu mongsa kilapa, Pangran Ngabehi umatur, pan kirang kawula.
140. Rumiyin daweg tinari, pan boten pambag kawula, dhateng Ki Maja kajenge, nanging ulami sedaya, tinantun mapan samya, anglir kula kajengipun, kang purun paben satunggal.
141. Seh Bulawi lajeng iki, tinerka yun gentosana, mila samya kendel mangko, sagung kang para ngulama, duk ayun sohanira, mring Mentawisan puniku, mampir dhateng wisma kula.
142. Ngajak sohan mring Nrepati, kula dipunken matura, nging kula mambeng kajenge, pan lajeng sohan pribadya, mengkana kang winarna, pan dereng dumugi iku, Kyahi Maja nulya prapta.
143. Esmu sanget susahneki, ri wus tata samya lenggah, Ki Maja umatur alon, dhateng Kangjeng Panembahan, lan Pangran Ngabehika, ngaturan nuhunken iku, apunten dhateng Nalendra.

144. Sabab sagung pradipati, sareng samya mirsa warta, Ki Maja dinukan mangko, samya suda ajrihira, wahu dhateng Ki Maja, dadya sanget aturipun, nelongsa nuhun apura.
145. Panembahan welas tyasneki, wahu dhumateng Ki Maja, lawan Pangran Ngabehine, pan nulya denhirid ika, sohan mring Mentaraman, mengkana ingkang sinuhun, mapan lagya mahos kitab.
146. Neng surambi langgar iki, nasikhatul muluk ika, Panembahan prapta mangko, lan Pangran Ngabehi ika, Ki Maja kantun jaba, aneng pasohan puniku, ri wus tata lenggah samya.
147. Neng suramba langgar iki, Panembahan ris aturnya, Sultan marma seba ingong, yen marengi karsanira, nuhunhake ngapura, marang Kyahi Maja ingsun, tulusa dadi kanthinya.

PUPUH XXXI
K I N A N T H I

1. Pan Sultan panuhun ingsun, marang adhi Mas Ngabehi, mengkana Srinaranata, sareng mirsa aturneki, kang rama Jeng Panembahan, lir sinapu dukaneki.
2. Aris ngandika sang prabu, tanya mring kang rama iki, mangke neng pundi enggenya, man Maja inggih kiyahi, Panembahan aturira, sun tinggal paseban jawi.
3. Kang sinuhun nulya ngutus, ponakawan kang tinuding, nimbali Kiyahi Maja, tan pantara nulya prapti, tur salam sarwi karuna, wus lilih tyasnya nerpati.
4. Niskaranya tan cinatur, Panembahan mapan nuli, kinen kondur mapan samya, nulya lawan Pangran Behi, tan kantun Kiyahi Maja, marang Toyakendel iki.
5. Katiga lengser sing ngayun, pan sampun datan winarni, tah aden Sasradilaga, nuhun pamit mring Nrepati, medal mring moncanagara, mapan sampun den lilani.
6. Kawarnaha Kangjeng ratu, sangsaya sanget grahneki, salira gakrohosika, tan arsa den usadani, kadya wus karsa Hyang Sukma, Panembahan sring muhuni.
7. Saking sanget marasipun, Panembahan mring Nrepati, sampun krahos ing nala, Kangjeng Sultan yen upami, tinilar dhateng kang garwa, kadya bibrah ing tyasneki.
8. Dadya sring ngandika iku, paran ratu polah mami, yen kelakon sira tinggal, sapa kang sun emong iki, lawan Sultan wus sun duga, lamun kuwur tyasireki.

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

9. Kangjeng ratu tyasira rum, pan kados pundi kiyahi, kelangkung begja sampeyan, kalawan Srinarapati, mapan kawula punika, inggih dremi anglampahi.
10. Ing donya ngakheratipun, tan gadhah tingal kekalih, pan nanging putra sampeyan, ingkang kawula ngengeri, Panembahan angandika, adhuh nyawa anakmami.
11. Marmane kuwatir ingsun, tan beda tyasira yekti, kalawan Srinaranata, tanpa yun mulat liyaning, mengkana tan wus winarna, kawarnaha Sri Bupati.
12. Nimbali Ki Maja iku, kalawan Pangeran Behi, kinen mirsa baris samya, ingkang neng sawetan pragi, kinen ngubengi sadaya, menawa dalu ya sami.
13. Sabab laknat lami sampun, mapan tan wonten medali, marma samya kinen mirsa, wantunya prajurit jawi, lamun lami datan yuda, kathah samya mantuk iki. 14. Ingkang Basah kalih iku, Bulkiya lawan pinilih, myang sagung kang pradipatya, pan dika kalih turneki, lengser sing ngarsa Nalendra, kalih dalu winetawis.
14. Mapan datan nyana iku, laknat murtad yen medali, saking Ngayogya sadaya, lawan kakerigan iki, dadya langkung agenggi, basah myang kang pradipati.
15. Parenca barisanipun, Ki Maja lan Pangran Behi, utusan atur uninga, dhumateng Srinarapati, lamun mengsah badhe prapta, dereng wonten kang nadhahi.
16. Basah lan prajurit sagung, meksih uragenya baris, mengsah medal ngiring ngarsa, pelawonan sampun prapti, Sang Nata kondur tumulya, dhateng Toyakendel iki.
17. Dhawahi rerapot sagung, kinen samya minggah ngardi, Kangjeng ratu kang winarna, lagya dhangan grerahneki, pan nitih tandhu kewala, Panembahan kang ngampingi.
18. Kangjeng Sultan mapan kantun, aneng Toyakendel iki, nanging kalih ponakawan, gamel Priyataka ngampil, nongsong Kyahi Maja prapta, kalawan Pangeran Behi.
19. Sang Nata ngaturan iku, lengser ing sawetan pragi, sabab mengsah langkung gengnya, dereng wonten kang nadhahi, nanging anak mas pribadya, lan putu Somanagari.
20. Ingkang ngawali puniku, mring mengsah samargi margi, ing wahu tingal kawula, Basah kalih anututi, nging katingal meksih tebah, laknat murdat datan nolih.
21. Sinenjatanan puniku, mring anak Mas Ngabdulrakim, lan putu Somanagara. nging males lawan lumaris, kados boten dangu prapta, wahu meh nyabrang peragi.

22. Sang Nata dhahar turipun, ingkang paman Pangran Behi, saking Toyakendel budhal, miyos Jatingarang iki, Laknattolah sampun nyabrang, medal peken Panycaksuji.
23. Pan dadya samya kadulu, kapir cuwa ing tyasneki, yun ukup tan angsal karya, dinuga lamun wus sepi, ing Toyakendel punika, malah gung kuwatirneki.
24. Ing wingking dedamel agung, ingkang samya anututi, dinugi Basah kalihnya, mengkana ingkang winarni, Pangeran Dipanagara, wus lami aneng Mentawis.
25. Mapan ing Salamenipun, sedanira ingkang rayi, dereng kondur ika, marang ing Pagelen malih, neng urip pesanggrahanya, mengkana man marengi.
26. Basah Ngabdulatip iku, sohan mapan lawan ngirid, Basah Lepen beber ika, Iman Wusbah namaneki, lawan saprajuritira, sareng amiharsa warti.
27. Ing Toyakendel puniku, kahinggahan laknat kapir, Kangjeng Pangran mapan nulya, sadya tetulung ing jurit, lawan Basah kalihira, praptanya kesaput wengi.
28. Lajeng mesanggrahan iku, aneng lepen panten iki, pan sampun ajeng ajengan, laknat murtad mapan sami, neng lepen kendel sadaya, mengkana Srinarapati.
29. Mapan mesanggrahan iku, aneng dhusun ing sejati, Basah kalih sampun prapta, lajeng anengga mplo sami, lawan saprajuritira, pan samya ngentosi enjing.
30. Mapan ingkang ngodhol iku, nenggih Pangran Ngabdulrakim, lan Pangran Sumanagara, mondhok lepen Galang sami, laknat murtad lawan samya, sedalu tan saged guling.
31. Saking sanget watosipun, sebarang dipun bedhili, sareng enjang budhal nulya, saking Toyakendel iki, sedya lajeng mantuk ika, laknat murtad lawan sami.
32. Dhumateng Ngayogya iku, pan lajeng pinethuk ing jurit, mring Pangran Dipanagara, lawan Pangran Ngabdulrahim, Pangeran Sumanagara, lawan Basah Ngabdulatip.
33. Basah Ismanmusbah iku, laknat ngrahos tan kuwawi, pan nanging tangled sakedhap, lalaknat lajeng lampahneki, kinodholan binedhilan, prapta sakilening pragi.
34. Sareng ajeng nyabrang iku, preraga dipun cegati, dhateng gusti Iman Basah, lan Ngusman Li Basah iki, nanging laknat meksih nyabrang, dipundrel pan kathah modir.

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

35. Samya keli bangkenipun, sing wingking binrereg iki, mring Pangran Dipanagara, lawan Pangran Ngabdulrahim, nanging dereng ontungira, laknat datan telas iki.
36. Mapan meksih nyabrang iku, wus prapta sawetan pragi, gegancangan lampahira, datan nolih Koncaneki, undurira mring Ngayogya, Islam saya kathah prapti.
37. Dadya langkung girisipun, undurira laknat kapir, pan kekece bangkenira, mengkana wus tan winarni, Islam kang prapta sabilnya, mapan gangsal rongga kalih.
38. Patra jiwa padhas iku, lan tiga sedherekneki, rongga lepen beber ika, mapan sedhereke reki, nenggih Basah Imanmesbah, mengkana wus tan winarni.
39. Kawarnaha sang sinuhun, mapan datan arsa iki, wangsul mesanggrahanika, dhateng Toyakendel malih, Pangran Ngabehi aturnya, kejawi ing sambiradin. 41. Sang Nata marengi sampun, pan lajeng kinon dandosi, mring Tumenggung Tamadigda, tanpantara nulya dadi, SriNalendra sampun pindhah, mesanggrahan sambiradin.
40. 42. Nanging datan nunggil iku, lawan repot ageng sami, sabab datan cekap ika, Kangjeng ratu denhaturi, mesanggrahan Kawishajar, mapan nanging datan tebih.
41. 43. Lan sambirata puniku, pan samya katingalneki, nanging let lepen kewala, Pangeran Dipanagara, pan lajeng kinen kondur, marang ing Pagelen malih.
42. 44. Kalawan Basah puniku, Ngabdullatip datan keri, Basah Imanmusbah ika, mengkana wus tan winarni, Kangjeng ratu kang winarna, grerahira kambuh malih.
43. 45. Kadya cobaning tyang agung, tumpa tumpa mring Nrepati, Pagelen kancikan laknat, mapan karya beteng iki, aneng ing waja punika, Basah ing Pagelen sami.
44. 46. Katiga pan sami mundur, nadhahi datan kuwawi, lan Pangran Dipanagara, mring sawetan Bogawanti, wus katur marang Nalendra, nulya tedhak Sri Bupati.
45. 47. Lawan sawadya kusweku, Basah kalih datan keri, mapan lajeng mesanggrahan, aneng kulur Sri Bupati, wadya neng temon sadaya, neng palipir Pagelen sami.
46. 48. Sadina dina prang pupuh, tan wonten kuciwa sami, laknat kapir kathah pejah, wong Islam wilujeng sami, sabendina bantu prapta, saking Kedhu laknat kapir.

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

47. 49. Panembahan mapan lapur, lamun tampi surat iki, Si Kurnelnahus punika, Ki Maja parentahneki, dhateng Kangjeng Panembahan, kengkenan dipunhaturi.
48. 50. Lajeng mejahi puniku, mapan nulya den pejahi, Panembahan saking jrihnya, punika mapan ing nguni, ponakawanya pribadya, lawan kinasiyan dhingin.
49. 51. Mengkana malih lapur, saking mantri sepuh iki, Pestamas Prabaleksana, mapan kampiran puniki, Jendral Dhekok utusanya, lawan bekta suratneki.
50. 52. Nanging kapenakanipun, mapan Ki Maja pribadi, iman kerena manira, mengkana parentahneki, kinen mangsulna kewla, datan suka den pejahi.
51. 53. Sabab dede khukumipun, mengkana Pangeran Behi, mapan lajeng pabenika, punika khukum punapi, dene nganggo beda beda, Ki Maja nulya nahuri.
52. 54. Sabab agami puniku, datan kenging den pejahi, Pangran Ngebehi Ngandika, senadyan kang mati dhingin, mapan padha bongsa Islam, tan prebeda karyaneki.
53. 55. Dadya predudon adangu, kelajeng selayaneki, mapan samya purunira, rembag nerang mring nrepati, nulya sareng sohanira, wus prapta ngarsa sang aji.
54. 56. Kalihnya samya umatur, Sang Nata mesem nebda ris, mapan kula datan wikan, ing dalil ingkang sayekti, nging yen adat kewala, wertine kang dhingin dhingin.
55. 57. Tan wonten kengkenan lampus, Ki Maja suka tyasneki, rumahos yen ing ngilonan, dhumateng Srinarapati, lajeng kinen mundur samya, mengkana Pangeran Behi.
56. 58. Prapta pesanggrahanipun, mapan lajeng animbali, lurah mantri lebet tiga, prawira tani puniki, lawan prawira deksan, prawira bawa wus prapti.
57. 59. Katiga mapan panuju, samya sohan mring nerpati, Pangran Ngebehi karsanya, denhamrih kapir sayekti, dhumateng Srinaranata, lurah tiga pan tinuding.
58. 60. Kinen mejahi puniku, mring Jendral kengkenaneki, kang westaman kramen iki, aja gawa Konca maning, padha ijenen kewala, sandika tiga turneki.
59. 61. Mapan lajeng mangkat iku, sing ngarsa Pangeran Behi, wus prapta datan winarna, man kramen wus denpateni, lawan kalih rowangira, inguja sami satunggil.

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

60. 62. Mengkana Ki Maja ngrungu, lamun iman kramen mati, langkung sakit manahira, dhumateng Pangeran Behi, nuwun adil mring Nalendra, mapan datan angsal iki.
61. 63. Sabab iku kang tinurut, parentahira pribadi, kang wuri sira dhawuh, iya ajana mateni, sarupane mring kongkonan, mengkana wus tan winarni
62. 64. Kangjeng Sultan ing tyasipun, mapan langkung mring kang rayi, mengkana nimbali nulya, mring Ki Maja Pangran Behi, kinen samya kantun ika, lawan kang den-ngati ati.
63. 65. SriNalendra ayun kondur, sakedhap mapan atuwi, Kangjeng ratu grerahira, mapan sangsaya ngeladi, kadya wus karsa Hyang Sukma, tan supe ngibadahneki.
64. 66. Dhahar ngunyjuk wus tan ayun, Panembahan Srimuhuni, lawan ingkang ibu ika, Kangjeng ratu ageng ika, marma Kangjeng SriNalendra, langkung keron ing tyasneki.
65. 67. Ri wus meling kang sinuhun, mapan lajeng kondur iki, datan bekta abdi ika, nging lawan Basah satunggal, Kangjeng gusti Basah Iman, sabab punika kang rayi.
66. 68. Kalawan ngampil puniku, tan pantara sampun prapti, mapan sanderan kewala, lampahnya Srinarapati, angagem Ki Jayacapa, Kangjeng ratu anungkemi.
67. 69. Mring pada ingkang sinuhun, kumembeng wespa nireki, tan prebeda lan Nalendra, ri wus tata lenggah sami, gusti Basah ingandikan, lan Jeng Panembahan prapti.
68. 70. Lajeng ngusweng pada iku, jeng gusti waspanya mijil, Kangjeng ratu pan mengkana, anglir wekasan pepanggih, Kangjeng ratu ageng nulya, lawan Panembahan iki.
69. 71. Mapan samya tumut muhun, dadya sagung para putri, kang ngadhep muhun sadaya, mengkana Srinarapati, mapan sangsaya tyasira, ri wus mapan kinen sami.
70. 72. Kondur sowang sowang ikuk, atenapi Basah Kamil, sampun mundur saking ngarsa, mengkana Srinarapati, Kangjeng ratu mapan nulya, pinangku mring Sri Bupati.
71. 73. Lawan angandika arum, dhuh bentara ingkang abdi, sapunika pan sumongga, yen arsa kondur rumiyin, dhateng alam kelanggengan, ing benjing tan wande panggih.
72. 74. Mas mirah lan abdinipun, yen pareng rabil ngalamin, panggiha aneng delahan, kalawan pun kakang gusti, pan ing mangke sampun lila, lamun tinilar rumiyin.

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

73. 75. Tan saged pun kakang dulu, risaking salira gusti, Kangjeng ratu ris turira, sarwi mesem yen marengi, sagung kalepatan samya, ingkang lahir myang kang batin.
74. 76. Nuwun apunten satuhu, kawula mring padukaji, bilih kasupen kawula, sabab lami angladosi, tanapi kang samar samar, den agung apunten aji.
75. 77. Sri Nalendra ngandika arum, nah angger ywa walang ati, muga Allah narimaha, sebarang ingkang kawijil, senadyan inggih pun kakang, mugi den ageng mas gusti.
76. 78. Ngapunten mring lepatipun, sabab asring datan yekti, Kangjeng ratu aturira, kawula nuhun Hyang Widi, ing donya prapteng delahan, mugi tulusa angabdi.
77. 79. Dhumateng Kangjeng sang prabu, senadyan wonten Yamani, kawula kang ngladosana, dadya kumembeng waspa ji, mengkana wus tan winarna, ing dalu Srinarapati.
78. 80. Enjing Kangjeng Sultan wangsul, tedhak dhateng kulur malih, datan kantun Basah Iman, Kangjeng ratu kang winarni, sapungkurira kang raka, sampun karsaning Hyang Widi.
79. 81. Saya sanget grerahipun, Panembahan yun tur uning, Kangjeng ratu datan suka, menawa ngeron aroni, marang karsane kang raka, embanya jaler sawiji.
80. 82. Kyahi Soba namanipun, sareng mirsa warteki, saya sanget grerahira, Kangjeng Ratu Soban nuli, nenuhun marang Hyang Sukma, mapan nuhun mati dhingin.
81. 83. Tinarima soban iku, ing dalu lajeng ngemasi, datan ana jalma wikan, aneng sembayanganeki, den-nyana nendra kewala, Kangjeng ratu kang winarni.
82. 84. Nimbali kalih kang maru, mapan sampun prapta ngarsi, Den Ayu Retnakusuma, lawan raden ayu iki, Retnaningrum angandika, jeng ratu kedhaton aris.
83. 85. Bok ayu kalihanipun, den ageng apunten sami, sabarang lampah kawula, menawa kasupen iki, lawan malih poma poma, sami dipunsaged kari.
84. 86. Angladosi mring sinuhun, lawan malih kula titip, sampun karya susah driya, dhumateng Srinarapati, bok ayu kula nenedha, mugi dipunwelas sami.
85. 87. Kalihan tan saged matur, karuna lawan nyungkemi, mring Kangjeng ratu punika, mengkana kapir sanuli, ingkang ibu nulya tedhak, Kangjeng ratu ageng iki.

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

86. 88. Kagyat mirsa swaranipun, muhun ingkang mantu kalih, Kangjeng ratu ageng prapta, lajeng nyundhang mring kang siwi, pan lajeng tumut karuna, nulya ingkang lesan mijil.
87. 89. Nanging meksih halit hiku, samya lega tyas hireki, den nyana lajeng waluya, sabab lajeng ratu hiki, mapan lajeng saged lenggah, pribadi tan den hampingi, lawan hangandika harum, utusan kinen ngaturi, dhateng Kangjeng Panembahan, tanpantara nulya prapti, pukul songa wancinira, Den Ayu Sepuh kang ngiring.
88. 90. Lajeng mundhut dhahar iku, kang ibu dipunhaturi, dhahar kalawan kang rama, sami sareng karsaneki, drerapon ecu punika, dene ingkang maru kalih.
89. 91. Kinen dhahar sareng iku, tunggil kalawan kang bibi, Den Ayu Sepuh punika, sedaya mapan nuruti, ri sampunya angandika, jeng ratu kedhaton aris.
90. 92. Wahu dhumateng kang ibu, Kangjeng ratu ageng iki, anuhun kang pangapura, lamun wonten lepatneki, tenapi dhateng kang rama, den agung ngapunten sami.
91. 93. Jeng ratu ageng nebda rum, ingkang orahira nini, mapan ingsun ora ngrasa, yen sira alit mring mami, menawa kalilan ingwang, sun apura kabeh iki.
92. 94. Sebarang alat iku, narima aya Illahi, Panembahan pan mengkana, ri wus nulya denhaturi, Panembahan kondur ika, nging jeng ratu ingkang meksih.
93. 95. Nenggani lawan kang maru, jeng ratu ngandika malih, ibu kawula yun nendra, nuhun sampeyan tenggani, mapan sedalu punika, kalawan bok ayu kalih.
94. 96. Tulus dadosa sadulur,ing donya prapteng ing akir, Kangjeng ratu gya sarehan, kalawan kang ibu iki, singeb sinyjang cindhe ika, jelamprang dhasarnya wilis.
95. 97. Mapan lajeng sare iku, sekeca yen den tingali, Kangjeng ratu ageng nulya, kang putra tinilar ririh, lingsir dalu wayahira, menawa ngaget ageti.
96. 98. Mapan arsa Salat tahajut, punika nanging tan tebih, Kangjeng ratu lan kang putra, sedaya pan samya guling, ingkang ngadhep punika, samya eca tyasnya sami.
97. 99. Ngantos wektu pajar iku, jeng ratu ageng tan guling, lawan atengga kang putra, sareng wektu pajar sidik, pan samya tangi sadaya, lajeng Salat Subuh iki.
101. Sareng sampun bakda subuh, Kangjeng ratu ageng nuli, ingkang putra tinuwenan, dene kadingaren iki, sakeca denira nendra, datan mundhut toyasuci.

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

102. Sampun rawuh Kangjeng ratu, pasarehaning kang siwi, jeng ratu kedhaton ika, kepanggih mujung puniki, sinjang cindhe singebira, sinjang parang rusak iki.
103. Semekan sawat jelengut, latar cemeng dhasar ceweni, kadya wus sinedya driya, sedhakep kang asta kalih, sinjang myang kasemekan, mapan samya dening siseti.
104. Kangjeng ratu ageng iku, nulya angungkabi, mring singebira kang putra, pan sampun kepanggih sepi, Kangjeng ratu tamtu ika, kondur mring Rahmattolahi.
105. Kangjeng ratu ageng iku, ingkang putra densungkemi, pan sanget denya karuna, dadya samya kagyat iki, lajeng anangis sadaya, sagung ingkang ngadhep sami.
106. Kangjeng Panembahan iku, langkung kagyat lajeng prapti, tumingal dhateng kang putra, kondur marang alam suci, apan lajeng tumut karuna, mengkana sesambatneki.
107. Adhuh nyawa anakhingsun, sapa ingkang sun tutwuri, praputri prapta sadaya, gumruh swaraning tangis, Panembahan ciptanira, kuwatos dhateng nerpati.
108. Mapan ingkang singeb sampun, winangsulken lir nguni, Panembahan gya utusan, kapalan atur udani, dhateng Kangjeng Sri Nalendra, mring kulur getya winarni.
109. Sang Nata duk Salat Subuh, jroning Salat aningali, kadya ingkang garwa prapta, nuhun pamit mring Nrepati, kondur dhateng Rahmattolah, bakda Salat Sri Bupati.
110. Mapan lajeng pungun pungun, Kangjeng ratu kang kaheksi, lenggah neng empering langgar, pan sarwi sendheyan iki, mapan tan arsa ngandika, kang samya sohan ningali.
111. Lamun sungkawa sang prabu, dadya jrih tumungkul sami, enjing lindhu lawan jawah, langkung dres bedhug kang wanci, Kyahi Maja mapan prapta, sohan ngaturi udani.
112. Yen wonten utusanipun, Panembahan atur uning, lamun jeng rayi paduka, jeng ratu kedhaton mangkin, kondur dhateng Rahmattolah, Ki Maja lan merbesmili.
113. Saking kuwatos tyasipun, Ki Maja mring Sri Bupati, mengkana Srinaranata, sareng mirsa aturneki, mesem lawan ris ngandika, timbalana paman Behi.
114. Lawan Suryenglaga iku, Ngabdulmajid nulya prapti, katiga ngarsa Nalendra, pan samya tumungkul iki, kalawan ngemu waspa, wus samya miharsa warti.

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

115. Lamun Kangjeng ratu surut, samya watos mring Nrepati, sekawan Kiyahi Maja, Sang Nata ngandika aris, wus ta ajana rinasa, pan tekdir sapa ngowahi.
116. Nanging mangke karsaningsun, katelu kariha iki, nging Ngabdulmajid kewala, iku kang sun gawa mulih, kang wuri mongsa bodhoha, ing prang aja na ngowahi.
117. Lawan Basah Iman iku, kon nusul sawuri mami, katiga matur sandika, mengkana Srinarapati, wus nitih Ki Jayacapa, nanging ngampil ingkang ngiring.
118. Lawan ingkang rayi iku, nenggih Pangran Ngabdulmajid, sakedhap kewala prapta, ing Kawisharja puniki, kang tangis meksih wurohan, lan jawah langkung dresneki.
119. Kangjeng Panembahan dulu, yen rawuh kang putra nuli, lumajeng angrangkul nulya, kalawan muhun puniki, Kangjeng Sultan angandika, sampeyan kendel kiyahi.
120. Wonten pundi layonipun, putra sampeyan kiyahi, Panembahan aturira, meksih ana pesarehaning, tan na wani ngowahan, Sri Nalendra nulya manjing.
121. Pesarehan sampun rawuh, meksih mujung cindhe wilis, tan montra surud iki, nulya lenggah Sri Bupati, Kangjeng ratu layonira, pinangku mring Sri Bupati.
122. Mapan lir sare satuhu, neng pangkon Srinarapati, dadya sangsaya karuna, sagung ingkang para putri, Panembahan pan mengkana, langkung maras tyas nyami.
123. Sang Nata mesem nebda rum, wus padha menenga iki, ingsun nora apa ana, sampeyan medal kiyahi, anataha pasiraman, kula yun Salat rumiyin.
124. Sampun manjing wektu luhur, Panembahan matur aris, ingsun ya durung sembayang, jeng ratu sineleh ririh, Kangjeng Sultan nulya Salat, aneng sandhinging kang rayi.
125. Sareng sampun bakda iku, jeng ratu pinangku malih, tan wonten lamun wus seda, nging kahotan saged angling, mengkana Jeng Panembahan, matur lamun sampun rakit.
126. Nulya miyos kang sinuhun, jeng ratu pinondhong iki, sampun lenggah kanthil ika, gedebog kinen bucali, mapan pinangku kewala, wahu denira nyirami.
127. Dhumateng Kangjeng sang prabu, Kangjeng ratu layoneki, tan wonten purun matura, sagung kang prahibu sami, tenapi lawan kang eyang, lajeng sami kinon iki.

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

128. Nyirami neng pangkonipun, Sri Nalendra kang praputri, mapan tan wonten lenggana, mengkana ingkang ngosoki, Kangjeng ratu ageng lawan, Kangjeng ratu anem iki.
129. Kalawan kang eyang ikuk, raden ayu sepuh iki, lan den ayu juru ika, kalawan wahu kang bibi, den ayuha sapa bisa, kang praputri anyirami.
130. Ingkang angladosi iku, anenggih wahu kang bibi, Raden Ayu Panembahan, sepuh anem lawan milih, Den Ayu Retnakusuma, kalawan den ayu iki.
131. Retnaningrum mapan sampun, binekta kondur tumuli, kinurmatan ri sawusnya, sinarekhaken ugi, mapan sinandhing kewala, kang layon mring Sri Bupati.
132. Basah Ngabdulkamil iku, bakda Ngasar praptaneki, lan Dolah Prawiradirja, Raden Jayasentaneki, katiga nungkemi pada, ri wus samya kinen mijil.
133. Ingkang layon Kangjeng ratu, sedalu mapan sinandhing, dhumateng Srinaranata, kang sinjang myang singebneki, lajeng ingagem sadaya, tan mawi kinumbah iki.
134. Ingkang gonda meksih arum, mengkana pan sareng enjing, Panembahan matur nulya, yen tebela sampun rakit, lajeng kinen, nglebethena, kang bekta sentana sami.
135. Ingkang pra-ngulama sagung, wus pepak aneng pendhapi, mapan nanging Kyahi Maja, datan wonten meksih baris, sentana kalih punika, anenggih Pangran Ngebehi.
136. Lan Pangran Suryenglageku, sedaya pan pepak sami, ri wus sinalatken ika, lajeng ingakatken iki, kang layon dhateng Jimatan, dherek kang para ngulami.
137. Pandhita sarip khajiku, myang sagung sentana sami, ingkang dados pangiridnya, nenggih Pangran Ngabdulmajid, lan Pangeran Prabu ika, myang Bupati lebet sami.
138. Mapan datan wonten kantun, mantri lebet kang jajari, Suryagama Suranata, dolah tiga kang pangirid, Den Tumenggung Puthutlawa, lawan Dolah Badarodin.
139. Sarip Samparwadi iku, gusti Basah kang nindhihi, Den Dolah Prawiradirja, kinen wangsul baris malih, dhumateng kulur punika, mapan rahmating Yang Widi.
140. Kang jawah langkung dresipun, kang surya datan kaheksi, nanging tan wonten kodanan, kang jawah kadya jajari, lawan ngapit kering kanan, kang wingking lir dherek sami.

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

141. Praga ageng banjiripun, sinabrangan pan lestari, luwih elok dating sukma, wus prapta sawetan Pragi, Pangeran Suryawijaya, mapan methuk aneng margi.
142. Kalawan Raden Tumenggung, Jayanagara puniki, angirid wadya tamtoma, salompret tambur pan sami, lampahnya samarga marga, lan mahos selawat sami.
143. Mapan datan montra iku, yen dherek layon sayekti, anglir penganten punika, duk lagya binayang kari, dadya ingkang dherek ika, kang jalma pan tanpa wilis.
144. Saking kramating jeng ratu, pinaringan mring Illahi, wanodya bekti mring priya, punika pratondhaneki, ing jimatan pan lampahan, saking Kawisharja iki.
145. Mapan iku kalih dalu, wektu luhur rawuhneki, wonten ing masjid Jimatan, sagung ingkang dherek sami, tyasira kadya supena, tan luwe tan sayah iki.
146. Bakda Ngasar Kangjeng ratu, mlebet ing kluwat puniki, aneng dagane kang eyang, mengkana mapan lestari, kubur tanana selanya, myang krikil mapan baresih.
147. Punika pratandhanipun, yen rinilan ing Hyang Widi, datan ketanggor ing sela, kang dherek wus mantuk sami, enengna ingkang wus mulya, Kangjeng Sultan kang winarni.
148. Sareng mangkat Kangjeng ratu, mapan tanbuh tyas ireki, rempu wus datan karsa, dadya liwung mring kang kardi, wus tan krahos aneng donya, nging sanget penamurneki.
149. Mengkana pan tedhak iku, mring sendhang satengah kali, mapan mawi pager sela, sing jawi datan kaheksi, Kangjeng Sultan sesarehan, neng sela pinggir warih.
150. Tan wonten kang dherek iku, tedhaknya nanging pribadi, keparak samya kecalan, tedhaknya tan wonten uning, Nyahi Lurah seca nama, lan Nyahi Soka ngulati.
151. Mapan dangu tan ketemu, Panembahan atanya ris, sira anggoleki sapa, lurah kalih matur aris, ngupados putra panduka, sampun dangu tan kepanggih.
152. Panembahan langkung gugup, nulya tumut ngupadosi, mengkana anulya ana, ingkang wong angangsu bali, dinangu mring Panembahan, dene sira teka bali.
153. Ingkang angsu aturipun, putra dalem Sri Bupati, mapan sare aneng sela, sapinggiring sendhang iki, Panembahan nusul nulya, lawan sagung para putri.

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

154. Panembahan prapta sampun, lawan ngemu waspa iki, Kangjeng Sultan angandika, wonten punapa kiyahi, pan ayun adus kawula, dereng wonten kang ngladosi.
155. Lajeng siram kang sinuhun, mundhut patelesan iki, kinarya namur kang rama, dera pan eca tyasneki, ri wus mapan kondur nulya, sedaya tan kantun sami.
156. Sareng enjang lenggah ikuk, Sang Nata aneng pendhapi, lawan Kangjeng Panembahan, mapan gagujengan iki, Pangran Ngabdulmajid prapta, myang sagung kang dherek sami.
157. Esmu kagyat kang sinuhun, dene prapta meksih enjing, Pangran Ngabdulmajid turnya, kawula tan nyipeng yekti, pan anglir tiyang supena, tulak kedaloning margi.
158. Mapan inggih wahu dalu, nyipeng ing gegulu sami, lawan saKonca sadaya, wus katur niskaraneki, wus mungel ngajeng punika, mengkana ana wong prapti.
159. Saking ing kulur kaburu, nulya kinen dangu iki, mengkana pan aturira, ing kulur dipun besmani, Ki Maja lawan Pangeran, Suryenglaga mapan gendring. 159. Lumajeng arebut dhuwung, nanging Pangeran Ngebehi, wahu pan boten kantenan, mengsah lajeng anututi, wahu satingal kawula, kendel wonten bakung sami.
160. Di dalem prajurit sagung, baris wonten wangkit sami, neng pengasih Kyahi Maja, mesem Kangjeng Sri Bupati, Panembahan gugup ing tyas, mengkana atur ireki.
161. Apa nora mingser iku, Sultan sakeh repot iki, ngandika srinaranata, wonten punapa kyahi, senadyan kapir dhatenga, mantri lebet anyampuni.
162. Ngandika ingkang sinuhun, undangen Ki Maja iki, neng pengasih amek apa, gya lumampah kang tinuding, lurah mantri lebet ika, Mas Prawiradeksaneki.
163. Tan pantara prapta sampun, mapan kapethuk ing margi, lajeng sohan mring Nalendra, dinangu aturireki, mapan sampun wangsul laknat, mila amba mantun yekti.
164. Langkung kuwatos tyas ulun, dhumateng paduka aji, mesem Sang Nata ngandika, marang gusti Basah Kamil, heh Basah sesuk mangkata, lawan sira sun bantoni.
165. Si Puthutlawa sireku, ing waja gitiken maning, gusti Basah tur sandika, anulya luwar sang aji, ing dalu datan winarna, enyjing budhal Basah Kamil.
166. Kalawan Raden Tumenggung, Puthutlawa pan angirid, kang mantri lebet sadaya, tan winarna sampun prapti, ing temon jeng gusti Basah, wus panggih lan Pangran Behi.

167. Lan Ngusman Li Basah iku, nulya Kangjeng Pangran Behi, nimbali dhateng kang wayah, Jeng Pangran Dipanegari, lan Pagelen Basah tiga, samya kinen jebol iki.
168. Nyabeta pan saking pungkur, ing ngajeng ingkang nadhahi, pan Basah kalih punika, sandika samya turneki, nging putu ja melu sira, pan akeh kuwatirneki.
169. Sampun dados rembagipun, dalu mapan jebol sami, mring Pagelen Basah tiga, Basah Ngabdullatip ngirid, enjing lajeng campuh yuda, angsal pitulung Hyang Widi.
170. Laknattolah dhadhal iku, mundur marang Kedhu malih, mapan kathah ingkang pejah, nging Islam wilujeng sami, nanging beteng sampun dadya, pan lajeng kinepung iki.
171. Mring Pagelen wetan iku, nulya kondur Pangran Behi, lan Pangran Dipanagara, tan kantun kang Basah kalih, Pagelen pan sampun mulya, kawarnaha Sri Bupati. -
172. Ingkang lagya tyasnya wuyung, nging jeng ratu kang kaheksi, nging sanget pan namurira, kalamun lagya siniwi, gujengan lawan kang raka, anglir mas kentiring warih.

@@@

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

BERSAMBUNG …….. BABAD DIPANEGARA IV